№50 (19882) hakikat_gazeta hakikat1917@mail.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ

# ХІАКЪИКЪАТ

МАГІАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

15 декабрь 2023 с. рузман

## ЛЪАГІАЛИЛ ХІАСИЛАЛ

**Владимир Путин:**

# «КІиабилеб мобилизация букІине гьечІо»




**14 декабралда РФялъул президент Владимир Путиница кьуна СМИязул журналистазулги халкъалъулги суалазе жавабал.**

**Тадбир халалъана ункъоялдасаги цІикІкІун сагІаталъ. Президентасе кьуна тІолабго улкаялъеги цо-цо регионазеги пайдаял ва щивасул ракІунтизабурал суалал.**

**- КъватІисел улкабаз кутакалда хІаракат бахъулеб буго Россия къезабизе. Кин бажарараб улка цІунун?**

- Улкаялъул экономикаялда бугеб хІалалъги халкъалъул цолъи-гъункиялъги. ЛъагІалил ахиралде улкаялъул экономикаялда хІадурараб гІаммаб къайи цІикІкІине буго 3,5 проценталъ. Инфляция цІикІкІана, амма Центробанкалъ хІаракат бахъулеб буго гьеб дагьлъизабизе. 7,5 проценталъ цІикІкІана нигІматал ва къайи хІадурулеб промышленносталъул хайир. Жеги 10 проценталъ цІикІкІунел руго инвестициял – предприятиязде биччалеб гІарац гІемерлъани, гьезул хІалги квешаб букІинаро.

ЧІара-хьараб хІал буго улкаялъул финансазулги – банказул. Гьеб буго банкалда гІарац цІунулел гІадамазе лъикІаб хабар.

ХІалтІи гьечІого хутІарал гІадамал ккола 2,2 процент – гьебги буго экономикаялъул лъикІаб хІал букІиналъе нугІлъи гьабулеб хІужа.

Дагьлъулеб буго къватІисел улкабазде кьезе букІараб налъи – 46 миллиардалдаса 23 миллиард долларалде ккун буго.

ГІадамазул гІумру халалъи: 2021 соналда – 70,06, 2022 сон – 72,73 ва 2024 соналде – 74 сон. Гьебги буго кІвар бугеб хІужа.

*(Хадусеб 3-аб. гьумералда)*

## ДАГЪИСТАНИЯЛ - РЕСПУБЛИКА БАХУН КЪВАТІИР

### «ГанчІал речІчІунги, гугаризе васал ралагьизе кколаан»



**Ихак ХІайдарбегов ккола СССРалъул халкъазул Спартакиададаялъул гІарцулав призер. Дунялалъул кубокалъул бетІергьан, Совет Союзалъул чемпионаталъул кІицІул призер, ветераназда гьоркьов дунялалъул чемпион.**

**6 гьум. >>>**

## ИСКУССТВОЯЛЪУЛ ГІАДАМАЛ

### Меседил чІвабзазда угьарал бакънал

**АхІмад ЦІурмилов. МагІарул музыкалияб маданияталда жиндирго хасаб хатІги лъалкІги тарав, живго ругьунлъарав бакънazул устар. ТІоцебе АхІмадица 1933 соналда гІуцІана гІагараб районалда хоралъул кружокги.**



**12-13 гьурм. >>>**

# Шамилхъалаялда букIина цIияб школа

**ДРялъул хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов щвана Унсоколо районалде. Шамилхъала поселокалда бугеб школалъухъ балагьи букIана сапаралъул аслияб масъалаги.**

**Гьеб школа бан букIана 1987 соналда. Къадазда кьватIелал лъугьиналда бан, лъималазе хIинкъи гьечIолъи букIинелъун гьел цоги минаялъуре хьвадизе руго цIализе. ГьабсагIаталда гьенив цIалулев вуго 700 цIалдохъан.**



ГI. ГIабдулмуслимов Унсоколо районалъул бетIер ГIиса НурмухIамадовгун, ДРялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министрасул заместитель Халид НурмухIамадовгун, ДРялъул Минстроялъул специалисталгун ва цогидалги жавабиял гIадамалгун щвана школалде ва халгьабуна гьениб бугеб хIалалъухъ. Гьединго ГIабдулмуслимовас гара-чIвари гьабуна цIалдохъабазулгуни.

Школалъухъ балагьун хадуб, премьер-министр дандчIвана лъималазул умумулгуни.

*- Нужеца ургъел гьабуге. Шамилхъалаялда школа базе буго. ГьабсагIаталда 800 цIалдохъанасе бакI бугеб цIияб школалъе проекталъулабгун сметаялъул документация хIадур гьабун буго. 800 миллион гъурущ бихьизабун буго гьелъие, къайи-цIа хиралъиялда бан, гьеб цIикIкIинеги бегьула. Дица халгьабуна школалъухъ. Цояб рахъ буго лъималазе хIинкъи бугеб хIалалда, гьединлъидал гьеб рахъалда рукIарал лъимал цогидаб минаялъуре хьвадизе ккела. Цояб блокалъе щибго кварилъи гьечIин ккола, ракIчIеялъе киналго классазул халгьабеян лъазабуна,* - ян абуна **ГI. ГIабдулмуслимовас**.

*- Нижеда лъала, ГIабдулмуслим МухIудинович, мун кьураб рагIи кколев чи вукIин. Гьеб нижеда цебеккунги бихьана, дуца цо нухалда гуро нижее кумек гьабураб. Хъул буго нижер лъимал хIинкъи гьечIеб школалда цIалиялъеги бажарараб кумек гьабилин абураб.*

*Сергей Меликовасе ва дуе кIудияб баркала буго нижер районалде кIвар кьолеб букIиналъухъ,* - ан абуна цо цIалдохъаналъул эбелалъ.

Улбузулгун дандчIваялдаса хадуб, районалъул администрациялда тIобитIана данделъи. Гьениб дандбана хадурккун лъимал кир цIализаризе ругелин абураб суал.

ЦIияб школа бан бахъинегIан администрациялъул минаялъубе чанго класс бачине бегьилин, цIали гьоркьоб къотIичIого букIинеян абуна хIукуматалъул председателас.

Администрациялъул лъабабилеб тIалаялда 12 кабинет хIадурулеб бугин ва кватIичIого ункъабилеб тIалаялда жеги кабинетал къачIазе ругин абунги бицана гьениб.

2024 соналъул 9 январалда гьел кабинетал хIадур рукIине кколин ва гьоркьоб къотIичIого лъимал цIализе байбихьизе ккелин лъазабуна премьер-министрас.

Школалъул кьватIелал ругеб рахъ тIубанго бацун, лъималазе хIинкъи гьечIеб хIал гьабизе кколин ва тIубанго школалъул хIинкъи гьечIолъиялъул хал гьабураб отчет гьал гIагарал къояз щвезе ккколинги лъазабуна гьес.

Исана цIалул сон байбихьулаго, улбузул гIарзалги рагIун, ДРялъул лъай кьеялъул министр ЯхIя Бучаевги щун вукIана Шамилхъалаялъул школалде. ЦIалдохъабазе хIинкъи бугел классазде лъимал инчIого рукIинелъун рикIкIадасан цIали гьабизе ккелин лъазабун букIана гьес.

ГьанжелъизегIан кин лъимал цIаларал ва щиб ахIвал-хIал Шамилхъалаялъул школалда бугебали нижее бицана школалъул умумузул комитеталъул вакил **А. АхIмадовалъ**:






*- 14 сентябралда прокурорасул бихьизабиялда рекъон, школа къана. Лъазабун букIана рокъосан цIали гьабизе кколин абун. Умумул разилъичIо гьединаб къагIидаялда цIали гьабизе ва ахIи-хIур бахъинабуна. Гьелдаса хадув вачIун вукIана Бучаевги Шамилхъалаялде. Школалъухъ халги гьабун, умумузухъги гIенеккун, гьес хIукму гьабун букIана, хIинкъи бугел классалги къан, кварилъи гьечIел хIалтIизе тезе. Гьеб заманалда цIияб школа баялъул хабарго букIинчIо.*

*1 декабралда, судалъул хIукмуялдалъун, школалъул цо-цо классал тIуранго къана. ХутIараб гьитIинабго кIиго корпусалъул хIакъикъатги гIагарал къоязда лъала, гьелги хIалтIизе риччай щакаб жо буго. ГьанжелъизегIанги кIиго сменаялъ цIалулел рукIана лъимал, учительзаби къаси микьго тIубазегIан хIалтIизе ккolaaн.*

*15 соналъ руго школалъул къадазда гьел кьватIелал, амма ургъел гьабулев чи вукIинчIо. РачIарачIараз школа ва ясли-ах базе бугин рагIи кьолаан, амма хисараб жо ккечIо.*

*300 лъимер буго ясли-ах гьечIого, 800-ялдаса цIикIкIун цIалдохъанги хутIизехъин вуго школа гьечIого.*

*Гьал къоязда районалде вачIарав ДРялъул премьер-министр ГI. ГIабдулмуслимовас рагIи кьуна гIагараб заманалда школа базе бугин абун. Нижерги хьул буго гьелде.*

## Къокъго

«ХIакъикъаталъухъ» гьоболлъухъ вукIана машгьурав боксер, Халкъияб Собраниялъул депутат СултIан Ибрагьимов. БетIерав редактор Темирхан ХIасановас ва заместитель Зикрула Ильясовас депутатасулгун дандбана цIияб, 2024 соналъ цадахъ гьабизетезесеб, бицана лъагIел лъугIилелде «Рахьдал мацI - халкъалъул тарих» конкурсалда бергьарал лъималазе шапакъатал кьеялъул тадбир тIобитIизе букIиналъулги. МагIарулазул депутатазул рахъалъги лъималазе сайгъатал кьезе ругин абуна Ибрагьимовас. Зикрула Ильясовас гьесие сайгъат гьабуна жиндирго «300 машгьурав магIарулав» абураб тIехь. СултIан Ибрагьимовасул хIакъалъулги хъван буго гьелда.

* * *

«Дагъистан» РИАялда тIобитIана Дагъэнерго, Минэнерго ва МахIачхъалаялъул администрациялъул вакилзабазул пресс-конференция. Гьенир рорхана токалъул, мех-мехалдаса гьеб кьаялъул ва токалъул мухъазда гьарулел ругел ремонтазул хIакъалъулъ суалал.

* * *

РФялъул ХIукуматалъул тIадкъаялда рекъон, Дагъистаналъе хехаб кумекалъул 21 автомобиль кьуна РФялъул Промышленносталъул ва дармил министерствоялъ.

Медицинаялъул хехаб кумекалъул машинаби щвана МахIачхъала, Гъизилюрт, Гъизляр, Хасавюрт ва Буйнакск шагьаразе, гьединго Казбек, Хьаргаби, ЛъаратIа, ЦIумада, ЧIарада ва Тарумовка районазе.

Сахлъи цIуниялъул идарабазе рачIарал цIиял автомобилазул халгьабуна ДРялъул бетIер Сергей Меликовас.

* * *

Дагъистаналде рачIана 6-9 классазе риччарал «Дагъистаналъул тарихалъул» тIахьал.




2017 соналда Дагъистаналъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъ Тарихалъул, археологиялъул ва этнографиялъул институталъе тIадкъай кьуна Дагъистаналъул тарихалъул тIахьал хIадуризе ва «Просвещение» издательствоялда гьел кьватIире риччазе. 2017 соналда гьел тIахьал хIадуриялъе къокъа гIуцIана, тIахьал хIадурана, амма гьел кьватIире риччай дагьаб халатбахьана. Исана соналъул ахиралде гьел тIахьал риччана. КватIичIого 10-11 классалъул тIахьалги рачIине руго Дагъистаналъул школазде.

Гьел тIахьаз кквербакъила лъималазда Дагъистаналъул некIсияб тарихалдаса XX гIасруялде щвезегIан Дагъистаналъул тарих лъаялъе.

***Гьумер хIадур гьабуна ПатIимат МУХIАМАЕВАЛЪ.***

## Владимир Путин:

# «КIиабилеб мобилизация букIине гъечIо»



*(Байбихьи 1-себ гьумералда)*

**- Россиялъул БахIарзазе шапакъатал кьуна. СВОялда бугеб хIалалъе кинаб къимат кьолеб? Масъалабиги мурадалги долго ругищ? Кида лъугIизе бугеб гьеб рагъ?**

- Демилитаризацияги денацификацияги букIине буго жеги. Рекъел гьабиялъул хIакъалъулъ къотIи хIадурулаго, бихьулеб буго денацификация жидее хIажат гьечIин абулеб букIин Украинаялъ. Кин гьеб къваригIунареб, миллияв бахIарчилъун Бандера лъазавун вугеб мехалда? Гьеб кутакалда хIажат буго. Украинаялда хIадуризе ккола гьелда бан цIияб закон.

Демилитаризация – кинабго ярагъ баччулеб буго къватIисан, гьебги – чIобого. Амма гьеб кида-кьадги лъугIила. БакътIерхьул улкабаз рагIи кьураб кинабго щвана Украинаялъе. Нилъер аскарияз гьеб тIагIинабулеб буго. Гьебги ккола демилитаризация.

**- КIиабизеги мобилизация лъазабизе бугищ?**

- ТIоцебесеб нухалда мобилизациялдалъун ахIана 300 азарго чи. Гьезда гьоркьоса 14-яв вахъана Россиялъул БахIарчилъун. ГIуцIун руго техникаялъе хъулухъ гьабулел полкал. РакIалда букIана лъагIалил ахиралде 412 азаргониги чи армиялде ахIизе. Дихъе щварал баяназда рекъон, кодоб ярагъгун ватIан цIунизе рахъунел бихьиназул къадар бахун буго 480 азарго чиясде. Жидеего бокьун, СВОялде витIеян щибаб къоялда хитIаб гьабулеб буго 1500-гIан чияс. Гьединлъидал цоги нухалда мобилизация лъазабизе хIажалъуларо.

**- Северияб Осетиялъул журналист Светлана Колиева: «Северияб ва Югалъулаб Осетиялдасаги Северияб Кавказалдасаги бихьинал руго СВОялда хъулухъ гьабулел. Гьезие – жидеего бокьун рагъде аразе – киналго бигьалъаби цIунизе ругищ?».**

- СВОялда вугев щивав чиясе ращадал шартIал чIезаризе ккола. Руго рукIалиде ккун рахъинчIел бакIал, гьелда тIад хIалтIи гьабулеб буго.

**- Донбассалдаса аскариял: «Дур цIаралда бугеб кьокъаялъул Ветераназул рахъалдаса – ниж кIигогIан соналъ руго рагъул цересел кьеразда. Рагъ лъугIила, щиб гьабизе бугеб нижеца? Бугеб хIалбихьи хIалтIизабиялъе ресал ратизе ругодай? Масала, гIолилазе тарбия кьеялъул мурадалда хIалтIулеб рагъулабгун ватIан бокьиялъул хасаб идара гIуцIизе бугодай?».**

- Гьединаб хIалтIи кутакалда хIажат буго. Бисмаркица абуна: «Рагъда бергьенлъи босула рагъулал церехъабаз гуреб – школалъул учительзабазги кашишазги», - ян. Азаргоялдаса цIикIкIун аскарияв, рагъулал лъугьабахъиназдаса тIадги вуссун, хIалтIулев вуго школазда. Жидерго мисалазда куцалеб буго гьез гIолеб гIел.

**Елена ГIусманова, Татарстан: «Куйбышевалъул лъел хIориниса тIолабго рииялъ къватIибе биччалеб буго лъим. Гьелдалъун хIинкъи буго Волга гIоралда лъим мукъсанлъиялъул».**

- Гьеб буго предприятиязул данделкунгутIиялъул иш. Ралъдахъабазе бокьун буго Волгаялда лъимги цIикIкIун, гуми хьвадиялъе санагIат букIине.

**Николай Долгачев, «Вести» каналалъул журналист: «Луганск тIубанго эркен гьабун буго, амма Крынки росдада гIагарлухъ унел рагъазул хIинкъи буго Луганскиялъе. ЦIиял регионазул букIинесеб кинаблъун букIине бугеб цо чанго соналдасан?».**

- Дица абухъе букIинин абизе бокьилаан, амма хIакъикъаталъ жиндирго хиса-басиял гьаричIого толаро. Крынкиялда тушманас хIадурун букIана кIудияб дандечIей, амма гьелъул хIасил ккечIо. ХIалбихьун букIана Днепралъул квегIаб рагIалде рахъине, амма бажаричIо. Артиллериялъ кьвагьи балеб буго – нилъер аскарияв цIуниялъул мурадалда цо чанго метралъ нахъе къан рукIана рагъухъаби. ВСУялъулал рахун рукIана 1200 метралъ жанирегIан. Украинаялъул рагъухъабаз абулеб буго: гьаб буго тIадруссунареб нухилан. ГIор бахине хIаракат гьабулеб буго, амма нилъеразул гуллбузул цIадукье кколелги руго. Нилъеразул дагьал гурони камиял гьечIо. Масала, кIиго къоялъ цеве анлъго чи лъукъун вукIана. Дозул – чанцIулго гIемер чIвалел руго. Чан чи чIваниги (гьел руго бищунго цIакъаллъун рикIкIунел аскарияв ва гьел гIемер рукIунаро), ракълил къотIи гьабизе хIалакунеб гьечIо Украинаялъул нухмалъи.

Дица нилъеразда лъазабун буго: гIедегIуге. Биччанте гьенирго гьел лъугIизе. Фронталда хIал квешаб гьечIо. Гьенир хIалтIулел журналистазда гьеб цIакъ лъикI лъала. Рагъал кколелщинал бакIазда нилъеразул жигарчилъи, хIаракат цIикIкIунеб буго. Регионалъул букIинеселъул хIакъалъулъ абуни, гьезул цебетIей букIина. ЦIияб соналда улкаялъул бюджеталда гьезие бихьизабун буго триллион гъурущ.

Регионазе кумек гьабулеб буго Россиялъул цогидал регионазги. Гьезда ракIалда буго жеги 100 миллиард гьелде биччазе. ЦIиял регионазухъа федералияб бюджеталъе щвана 170 миллирд гъурущ. Гьеб ккола регионазда гIумруги экономикаги цIилъулеб букIиналъул хIужа.

**Валентина Соловьева, Мелитополь: «Онкологиялъул диспансералда гIемерал унтарал руго, амма тохтурзаби гIолел гьечIо – онкологал, гематологал, лъималазул тохтурзаби. Кинабго хIалтIи тIаде босизе ккола нижеца. Амбулаториялда цо тохтурас къабул гьавула 50-ниги чи, онкологас – 25 чи. Нормативалдаса кIицIул цIикIкIун ккола гьеб. Къайи-алат щвезабуна нижер больницаялъе, амма гьеб хIалтIизабун бажарулел махщелчагIи гьечIо. Харжги квешаб гьечIо, тохтурзабиги рачIуна, амма гьел гIоларого руго».**

- ТIолабго Россиялда бугеб хIал буго гьеб. Мелитополалда хIалтIулеб буготипотека – лъагIалие кIиго процент босулеб. Дир пикруялда, гьелъухъ кьолеб буго гIицIго цIибараб минаялда рукъ. Буго «Росдал тохтур» ва «Росдал фельдшер» абурал программаби. Гьелги хIалтIизаризе ккела.

**- ДНРалъулгун рагъулаб къотIи гьабунин абун, РФялъул рагъул гIахьалчиясул удостоверение кьолеб гьечIо. Гьелда бан рагъухъабазул эбел-инсуе кьолел гьечIо чIезарурал бигьалъабиги.**

- Гьел руго Луганск, Донецк ва цогидал регионал Россиялда гъорлъе рачIиналде гьарурал къотIи-къаял. Гьанже гIуцIун буго гьеб масала тIубазабулел комиссиял. Гьезухъе хитIаб гьабизе ккола.

**- Севералда хIалтIаразе лъикIаб гьава-бакъ бугел регионазда мина босиялъе квербакъулеб сертификат кьеялъул хIакъалъулъ гьикъана севериял регионазул Комиялъул вакилалъ. Бегьуларищ инвалидазеги пенсионеразеги тIоцебесеб иргаялда сертификатал кьезе?**

- Гьеб программа жеги хIалтIизе буго. Бюджеталда гIарац балагьизе ккела гьеб тIубазабиялъе. Дагьал процентал росулел кредитал кьеялдалъунгIаги.

**Екатерина Коростовцева (Итар-ТАСС): «Евросоюзалъулгун бухьен цIигьабиялъул хIал кин бугеб? «Кваранаб» къуваталъ бергьенлъи босулеб бугин ккола Евросоюзалда. Дур пикру кинаб бугеб гьеб рахъалъ?»**

*(Хадусеб 4-аб. гьумералда)*






*(Байбихьи 1-3-аб. гьурмазда)*

- Украинаялда рагъ байбихьиялъе кьучIлъун лъугьана халкъалъ бищараб хIукумат тIаса рехи. Президентасул рищиязда Янукович бергьаниги, лъабабилеб тур лъазабуна. Гьеб щиб? Гьеб ккола пачалихъияб власть хисизаби. Жакъа гьениб унеб рагъ – гьеб буго вацазда гьоркьосеб рагъ. Украинаялъул юг кидаго буссараб букIана Россиялде – гьел ругелъул тарихалда рекъон Россиялъул рукIарал регионал. Кидаялиго Лениница кьуна гьел Украинаялъе. Югалъулаб Украинаялда гьаркьал кьолаан Россиялде лъикIаб бербалагьи бугев кандидатасе. Америкаялъ рагьун лъазабуна, жидеца Украинаялда рищиял унеб мехалда щуго миллиард доллар хвезабунин абун. Гьезул хIасилазда гъоркь гъулбасана Европаялъул улкабазул нухмалъиялъги. Жакъа гьеб киназдаго кIочон буго. Амма гьел хIужабаз квербакъана Украинаялда нацизм тIегьаялъеги жакъасеб хIал лъугьиналъеги.

Жакъа ГIизраилалъул нухмалъиялъги гьабулеб буго генерал Де Голил гIадаб хIаракат: тIолабго Европаялдаса ярагъ данде бакIарана гьез. Гьевги балагьун вуго «кIудияв вацасул» - СШАялъул бадиве. Империялъулаб политикаялъ жалго гъоркь рехулелги руго Европаялъул улкаби. Гьенир жанисел хиса-басиял ккечIони, цогидазулги адаб гьабизе кколеблъи бичIчIизе гьечIо гьезда.

**Турциялдаса журналист ГIали Жура: «Щибаб щуго минуталда жаниб Палестинаялда чIвалеб буго лъимер. ООНальги халкъазда гьоркьосел цогидал гIуцIабазги гьелде кIвар кьолеб гьечIо. Щиб гьабизе ракIалда бугеб Анкараялдаги Россиялдаги гьеб рахъалъ?»**

- Турциялъул президент Эрдоган ккола гьеб масъала тIубазабизе къеркьолезул цевехъан. Гьес жигараб хIалтIи гьабулеб буго. Палестинаялда буго балагьаб иш. Дунялалда бихьулеб буго, амма аза-азар лъимерги чIужугIаданги чIваялъе ООНалъул Генералияв секретарас кьураб къиматалъцин ахIвал-хIал хисизабулеб гьечIо. ООН гIуцIун букIана киназего рекъонкколеб хIукму гьабиялъул мурадалда. Амма ахираб заманалда гьеб кIочон буго ООНалъул гIахьалчагIазда. Цогояб пикруялде рачIиналъе хIаракат гьабулеб гьечIони, ООНалъул магIна хола.

Нижецаги рахъккола Турциялъул – Палестинаялъул гIорхъаби чIезаризе ккола 1956 соналда букIараб къагIидаялда.

Дагьалъ цеве дун щвана гIарабазул кIиго улкаялде. Аслиял пикраби: Газаялъул халкъ цIунизе ккола; Рафахалда гIагарлъухъ рагьун буго госпиталь – Россиялъул госпитальги рагьизе лъикIаб букIинаан. Гьелда бан Египеталъул президентас разилъи кьун буго. ГIизраилалъ абулеб буго Палестинаялда Россиялъул госпиталь рагьи хIинкъи гьечIолъи цIунун бажарулареб иш кколин абун. Нижеца Газаялде ритIула дараби ва хIажатабщинаб.

**Матч-ТВялъул журналист Мария Коробова: «МОКалъ гьанжеги кьваризаруна нилъер спортсменазде ругел тIалабал. ГIизраилалъул спортсменазде гьел тIалабал гьечIо. Гьеб рахъалъ гьабулеб жого бугищ?»**

- МОКалъ ва халкъазда гьоркьосел хIакимзабаз тIуранго рихххизарулел руго Пьер Кубертенил пикраби. Гьел руссун руго спорталъул кумекалдалъун бечелъиялде, бизнесалде сверизабун буго спорт. Спорт букIине ккола политика гъорлъ гьечIеблъун. Гьезул жакъасеб хIаракат буссун буго нилъер къуватал спортсменаздаса спорт эркен гьабиялде. Бокьараб жо ургъулеб буго гьеб мурадалда.

**Владимир Сероухов, РБК: «Аргентинаялъул цIивищарав президентас лъазабуна, миллияб валютаялдаса инкарги гьабун, Америкаялъул доллар хIалтIизабизе бугин абун. Нилъер улкаялда гьеб рахъалъ щиб хIал бугеб?»**

- Дир баяназда рекъон, Аргентинаялъе щун руго къватIисал кредитал ва гьезул хIукмуги гьелда бараб буго. Гьел цадахъго Аргентина лъугьуна чияр пачалихъазда бараб улкалъун. Гьеб буго экономикаялде кьаби щвезабулеб хIужа. Щибаб пачалихъалъул хIукуматалда тIадаб буго социалиял масъалаби тIуразари. Россиялъ гьеб рахъалъ лъикIаб жигарчилъи бихьизабулеб буго. Социалиял программаби тIуразаризе руго чарагьечIого. Долларалда пенсиял, пособиял, стипендиял рухьинаруни, социалияб рахъалде биччалеб гIарац гIемерго къунцIизе ккола.

**Ирина Акопова: «10 ханихъ кьезе ккола 180-220 гъурущ, гIанкIудал гьан хиралъана. ГурхIуларищ пенсионеразда?»**

- Росдал магIишаталъул министрасда гьикъун букIана гьеб масъалаялъул х1акъалъулъ. Багьаби рахун руго, гIанкIу гIезабиялде унеб харж цIикIкIиналда бан. ГIадамаз тIалаб гьарулел руго ханалги гIанкIудал гьанги, амма производство хадубгъолеб гьечIо. Жиндир заманалда тIубазе кколаан къватIисел улкабаздаса гьел рачIинариялъул иш. КъотIи гьабун буго Турциялъулгун. Белоруссиялъе бокьун буго гьел нилъехъе щвезаризе. ТIасалъугьа, ракIалде ккола, кватIичIого гьеб масъала тIубалин абун.

**Владимир Леонтьев, Новосибирск: «ЦIикIкIинабулеб буго пенсия – цадахъго рахинарула токалъул, газалъул ва цогидал коммуналиял хъулухъазул тарифалги».**

- ЖКХялъул хъулухъазухъ кьезе гIарац гIолеб гьечIони, субсидиял кьола.

**Артур Халилуллаев: «Европаялдаги Азиялдаги гьоркьосел бухьенал гIуцIулеб бакIлъунищ гьабун бугеб Татарстан?»**

- Татарстаналъул руго лъикIал хIасилал, республика хIалтIулеб буго. 2000 соназда дун щвана гьениве. ГIадамаз гIумру гьабулеб букIана ракьулъ гьарурал гIадал минабахъ. Амма жанир гIуцIун рукIана санагIатал шартIал. ГIадамал руго хIалтIизе гъира бугел. Казаналда тIобитIана халкъазда гьоркьосеб кIудияб чанго мажлис. ЛъикIал гьоркьорлъаби руго батIи-батIиял диназул вакилзабазда гьоркьор. Гьединлъидал гьенир гIуцIула пачалихъалъего кIвар бугел тадбиралги.

**Гражданияб авиациялъул курсантас гьикъана: «БакътIерхьул улкабазул самолетал росулел руго. Нилъер цIалул идарабазул выпускниказе бокьулеб буго гьезда хIалтIизе. РукIине ругищ нилъерго самолетал?»**

- Нилъер компанияз гьабсагIаталда байбихьун буго нилъерго самолетал гьаризе. КъватIисел улкабазул заводазулгун бухьенал гьаризе рес хутIичIелъулха. ГьабсагIаталда Ил-76 гьабулеб буго. РукIина нилъерго самолетал.

**- Лю Кай, Китай: «ТIадеялъул Россиялъ къабул гьабизе буго БРИКС. Кинаб пикру бугеб дур Китаялъулги Россиялъулги бухьеназул букIинеселъул хIакъалъулъ?»**

- ТIадеялъул жеги цIикIкIине руго Россиялдаги Китаялдаги гьоркьосел дармил бухьенал. Экономикаялъул батIи-батIиял рахъалги церетIолел руго. Китаялъул генералияв секретарь Си Цзин Пинилгун къотIи гьабун буго микьго магистралияб проекталъул рахъалъ.

БРИКСалда гьоркьобги Китаялъулги Россиялъулги хIаракат цIикIкIараб буго. Нилъер улкабазде бугеб бербалагьи бихьулеб буго – хIалуцин цIикIкIинабизе къеркьолел руго. Нилъин абуни, блокалги гIуцIичIого, нилъерго улкабазе пайдаялъе хIалтIулел руго.

**- Хасел тIаде щвана, унтаби цIикIкIана. Коралъ унтаразул къадар лъабнусго нухалъ цIикIкIана. Самара областалда гьечIо рахунел унтабазде (корь, паротит, краснуха) данде гьарулел вакцинаби. ГIолел гьечIо дараби.**

- Гьебги буго ханал къанагIалъиго гIадаб гIунгутIи. Заманалда компонентал чIезариялде кIвар кьунгутIи. ГIагараб заманалда гьеб масъала тIубазе батила.

**Свердловск областалъул Ревтинский поселок: «БакIалъул власталъ сверухълъи берцин гьабулеб буго, медицинаялъул идарабазде кIвар кьолеб гьечIо. Советияб заманалдаго рарал минаби рихххизехъин руго. Кумек гьабе нижее».**

- Президентасул программаялда рекъон, къачIалел руго поликлиникабигун ФАПал ва амбулаториял. Росабазул медицинаялъул идарабазде цIикIкIун кIвар кьезе ккола нилъеца.

**Мурад Гъазиев, «Россия сегодня» МИА: «ТIегьалеб буго миллатчилъи, антисемитизм. Фронталда гьеб лъалеб хIал гьечIо, амма Россиялъул регионазда кутакалда загьирлъулеб буго».**

- Ахираб заманалда загьирлъулеб буго миллатчилъиги батIияб диналъул вакиласде рокьукълъиги. Гьелъие гIилла буго Палестинаялда бусурбаби гъурулел рукIин ва гьелъул хIасилалда нилъер бусурбабаз гьезул рахъккvезе гъира загьир гьаби. Нилъер улкаялъул нухмалъиялъ хIаракат бахъулеб буго киналго миллаталги диналги ращад гьаризе. Дунялалда бугеб хIал улкаялда биччазе бегьуларо.

**Жером Гарро, Франция: «Макронгун дандчIвазе ракIалда бугищ? Сундул бицине бугеб?»**

- Нижер кидаго рукIана лъикIал бухьенал. Дун щвана Франциялде, Макрон вачIун вукIана Россиялде. Амма щаялиго Макрон нахъе къан чIана. Бокьун батичIони, кинха бухьен гьабилеб?

**Александр Гамов, «Комсомольская правда»: «Щай хIажалъараб историялъул цIияб тIехь? ТIадеялъул букIине буго Ленинградалдаса блокада бахъаралдаса 80 сон тIубай, Крым Россиялде тIадбуссаралдаса 10 сон, 2025 соналда – нижер газеталъул юбилей. Дур кинаб пикру бугеб гьел хIужабазул хIакъалъулъ?»**

- Улкаялъул щибаб хъизамалда хъинтIарал лъугьа-бахъинал руго гьел. Пескаревасул хабалалъ вукъун вуго дир эмен. Цоги бакIалда – дир кIудияв вац. Гьединлъидал диеги кIудияб асар гьабула гьел лъугьабахъиназ.

ЦIалул тIехь хисизабуна, гьелъул 60 батIияб вариант букIиналда бан. Цоцоязда беццулеб букIана КIиабилеб фронтги гьелъул хIаракатги. Нилъерго улкаялъул гIахьаллъи мукъсанго кьолеб букIана.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

# Печалъул цIадухъго лъикI

**Республика тун къватIире унел гIолилазда рагIи абизе бакIго гьечIин ракIалде ккана гьал къоязда. Нужецаго хIисаб гьабеха. Тахшагьаралда гIумру гьабулеб бугониги, рокъоб токги гьечIони, риидал лъимги щолеб гьечIони, хъил тIечIеб нухги бугони, сунде ракIги гъун гьанир рукIинел гьел?**

**ГIолилазда гуреб, дидагоцин чIалгIун буго. Лъабабилеб къо буго, тIоцебе Дагъистаналда токалъул чирахъ бакараб заманалда гIадинаб канлъигун. «Ильичил» лампочкаялъул къуватги дагьаб букIун, анцIгояладаса цIикIкIун сон буго тIолабго рукъалъе гIолеб ток гучлъизабулеб «Ресанта» абураб стабилизатор босаралдаса. Гьебги босун букIана, дарсал цIалулаго, лъималазул канлъиялъул мукъсанлъи ккунгутIизе. Гьанже лъималги кIудиял гIун ругин, кIодое токги хIажалъиларин абундай ракIалде ккараб шагьаралъул токалъул гIадлу гьабулеб идараялъул хIалтIухъабазда? «Ресантаялдацин» бажарулеб гьечIо токалъул къуват цIикIкIинабизе.**



Гьаб гIала-гъважаялъе ахир лъелеб дицаян щулияб къасдгун, жакъа «Россети – Северный Кавказ» абураб идараялъул сайталде – гьезул телефоналъул номерги балагьун, гьезул хIалтIухъабазда «цIа рекIинабилин» абураб пикруялда. Бадибего цIикана гьениб лъун батараб цIияб хабар. Филиал «Россети Северный Кавказ» ПАОялъул филиаллъун бугеб «Дагэнергоялъ» исана октябралда юрлицолъун кколел потребителазухъа бакIарун бугила токалъухъ кьезе букIараб налъиялъул 87 процент. Цебесеб моцIалда Дагъистаналъул кIиго миллионгун 921 идараялъухъе бачараб ток къотIизехъин букIун рагIула, гьелъухъ кьезе кколеб гIарцул къадар 115 миллионгун щунусазарго гъурщиде бахиналда бан. Жидее ток камунгутIизе 5533 идараялъ хехаб заманалда бецIун буго налъи. Гьедин гIагараб заманалда Россеталъе щун буго 81 миллионгIанасеб гъурущ. Налъухъабазул сияхIалда хутIун буго жеги 40 идара ва гьезул гIаммаб налъиги бахуна ункъо миллионгун ункънусазарго гъурщидеян хъван буго сайталда.

БитIараб бицани, ракIалде ккана, гьабураб хъулухъалъухъ мухь щоларел гьаз токалъул гIадлу гьабунгутIиялда гIайибго гьечIилан. КингIаги гьабулеб бугеб гьез халкъалъе хъулухъ? ЦIалана, щибаб сайталдаго гIадин, гьанирги ратарал гIадамазул пикраби. Хьул букIана, бецIлъиялдаса жал хвасар гьарурал гIадамаз баркала кьеялъул гуреб каламго гьабун батиларин гьенибин абун. Амма… Рехселин нужееги цоцо-пикраби.

**Марина Якъубова (2023 сонaлъул январь):** «Щай Дагъистаналъул Семендералда токалъул бугеб гьадинаб гIадлугьечIолъи?! Жакъа радал свана ток - рухIун руго трансформаторалдаса унел токалъул кварал. РухIизе кколаан предохранителал – рухIана кварал. Щай? Щайгурелъул гьенир лъун руго жидецаго гьарурал кварал. Гьелеха хIасилги…

ТIубараб къоялъ гьечIо ток. Лъица жаваб кьелеб гьелъул? Кваралги хIубалги – кинабго босун букIана гIадамазул гIарцухъ. Горсеталъул хIалтIухъабаз телефон кодобего босуларо. Щай босунги? ГIадамазул гIузру лъани, гьеб битIизабизе ккеларищ…».

**Виктор Козлов (2022 соналъул май):** «Законалъ ихтияр кьун тарал такъсирчагIи! РФялъул правоялъул киналго нормабазда малги бан, халкъалъухъа гIарац бакIарулеб буго. Щибаб моцIалъ кьола дица токалъухъ гIарац – счетчикалъул баяназда рекъон. Цо заманалдаса бачIуна дуда хадуб пуланаб налъи бугин абураб баян.

Владикавказалда бугеб Россеталъул филиалалъул хIалтIухъабаз хIаракат гьабуларо гIемертIалаяб минаялъул гIадамазда гьоркьоса токалъухъ гIарац кьолелги кьоларелги ратIарахъизе. ГIарац кьолел гIадамазул счетазде тIаде рехула тIолабго минаялде кквараб налъи ва гIадлу-низамалда хьвадулел тIамула гьеб бецIизеги. БецIичIого тани, тIаде чвахула процентал ва, РФялъул законалъул тIалабалги хвезарун, свинабула дунго бетIергьанаб счетчик, тIад мугъруги чIвала. Мугъру счетчикалда чIвазе ккани, Россеталъул хIалтIухъанасухъ кодоб букIине ккола «гIураб заманалда токалъухъ гIарац кьоларев чи вугоян» абураб судалъул хIукму».

**Лилия (2023 соналъул февраль):** «Унго-унгояб гIалагьважа! Декабралдаса жакъа къоялде щвезегIан, Ингушетиялъул Карабулак шагьаралда щибаб къоялда свинабула ток. Бардак полнейший. Дир рокъов унтичIев чиго гьечIо, ток свинабидал, отоплениеги букIунарелъул. Кинаб шайтIаналъхъа дица токалъухъ гIарац кьолеб щибаб моцIалъ?»

**Марина Большонкова (2022 соналъул апрель):** «Щай лъицаниги жаваб кьолареб нижер суалалъе? ЧанцIулха ниж кIалъарал «горячая линиялъул» телефоналде, кида бачIине бугеб токиланги цIехон. ТIубараб моцIалъго къаси-къаси свинабула ток. Цадахъго сун уна отопленияги. Къаси-къаси рорчIула, цIороялъ, хасго гIазуги бараб, гъуралги рахъараб мехалда. Лъабго лъагIел бараб дир лъимер унтунго унтун букIуна. Дица кидаллъизегIан аптека хьихьилеб?! Ток я ссун, яги паркъелеб букIуна, бералги унтизарун. Мадугьалзабаз абулеб буго чамалиго сон бугин гьедин. ГIела ниж хIакъир гьарурал!»

Гьединалго, ай рекIел ахIи загьир гьабурал хьвай-хьвагIаял руго 2017 соналдаса ва гьелдасаги цере гьаруралги. Гьезда гьоркьор ратана Дагъэнергоялъул гIамаликлъи рагьулел кагъталги.

2019 соналъул сентябралда **Наталья Р.** абураб цIаралда гьоркь хьван буго: «2018 соналда, «Россети» ПАОялъул» учениязе хIажалъун бугин абун, «Дагестанская сетевая компания» АОлъулгун къотIи гьабуна фирмаялъулаб партал букъиялъул хIакъалъулъ. Букъана форма, битIана, учениял тIоритIана. Амма АОялъ заманалда гIарац кьечIо. Бащдаб лъагIел ана, цоцазухъе кагътал хьвалаго. Гьез жаваб кьолаан: мискинго руго, гIарац гьечIо… ЧIалгIана гьеб гизма нижеда ва кьуна Арбитражалъул судалде. Судалъ ниж ритIухъ гьаруна, амма ответчикас, гьересиял документалги хIадурун, апелляция кьуна ва хIаракат бахъулеб буго нижехъа жидее щибгIаги бачIинчIеблъиялда бан, кколеб мухь кьунгутIизе. Щиб абилебали лъаларого хутIун нижги руго», - ян.

Рехселин цоги мисал. 2019 соналъул 27 июналда Ura Korotovskih цIаралда гьоркь хьван буго: «Нижеца, «Дагестанская сетевая компания» АОлъулгун гьабураб къотIиялда рекъон, АОялъе ритIана алатал (оборудование). Гьез заманалда гIарац кьечIо. Гьабуна Дагъистаналъул Арбитражалъул судалде хитIаб. Гьениб ответчикас бегьун бачIана жидее киналгIаги алатал рачIинчIин абураб баян. Унго, гьезул нахъегIанлъи!» - ян.

Гьел ва цогидал хьвай-хьвагIаял цIалидал, ракIалде ккана гьаб токалъул гIала-гъважа киданиги лъугIиларин абун. БухIараб токалъухъ ракIбацIцIадго дица кьураб гIарац компаниялъул счеталде инчIого, пуланав чиясул кисинибе унеб батани, компаниялъул цебетIей букIиниц? Басралъарал токалъул кваралги, трансформаторалги, хIубалги сундухъ хисилел? Чанги бихьана мадугьалихъ ругел пенсионеразулги ресукъал чагIазулги кварал къотIулел, газалъул рогIоро батIа гьабулел хIалтIухъаби. Лъала, чIахIиял хъулби рарал дагъистаниязул кавудухъе Россеталъул хIалтIухъан киданиги унаревлъи, гIарац щай кьоларебин гьикъизе. Аниги, гьесие каву лъица рагьулеб? Нилъедаго гьоркьоб гIадлу гьечIолъиялъулги хIасил буго жакъа гIемерав чи токалдаса махIрумлъи.

ХIасил кинабха ккараб? Яги хъабарчаги ретIун, рокъоб газалъул печги бакун чIа, яльуни, босун къай-къоногун, умумузул шайтIанчирахъги бакун гIумру гьабизе магIарухъе къокъине къачIай.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

## БАРКИ



## ГIусманилаев ХIажимурадиде

ГIажаибаб яхIалъулъ
Лъедарав магIарулав,
МугIрул цIумлъун хутIана
Халкъалъул беразукь мун.

Дагъистаналъул чIухIи,
ЧIахIиязул мисалчи,
ХIажимурад, баркула,
Жакъа мун гьавураб къо.

КъамартIаяв, къадруяв,
Къадру тIокIав директор,
Дур гIадаб ракIбацIцIалъи,
Лъеги лъилго ракIазулъ.

Нижей централда щварав,
Щвалде щварав цевехъан,
ГIусманилаев, дуда
Баркула гьавураб къо.

Дур гIакълу бугеб калам,
Кидаго бугеб сабур,
Ссунгеги дур чорхолъа
Чилъи цIунарав инсан.

Салам кьун тIаде щварав
Щивасухъ гIенеккулев,
КъваригIел тIубачIого,
ТIадвуссун чи витIичIев.

Ургъелазулъе ккарал,
Квер кьун кIодо гьавулев,
Киб къварилъи кканиги,
Векерун гьенив унев.

ЦIалдохъабазул ургъел
ТIолго тIаде босарав,
Бергьараб гIакълуялъул,
КъамартIарав директор.

Дур гIумру халалъаги,
Халикъасе вокьаги,
Рикьун щварал къоязда
Къудратас баркат лъеги.

Дуца гьабураб лъикIлъи
Лъедон духъе бачIаги,
Берцинаб Алжаналде
Унезулъе лъугьаги.

Дур рукъалда, рикъзуда,
Рукъалъул агьлуялда,
КъотIи нахъаса гьечIеб
Халикъас цIобал лъеги.

***ГIайшат ХИРАМУХIАМАДОВА***



# «ГанчIал речIчIунги, гугаризе васал ралагьизе кколаан»

**«ГьабсагIаталда дун ТIолбоевасухъ вуго. Жакъа (9 декабрь) ВатIаналъул БахIарзазул къо бугелъул, ОСПДялъул (Дагъистаналъул патриотал жамгIияб гIуцIиялъул) ЧIахIиязул советалъул рахъалдасан гьесда байрам баркизе гьоболлъухъе щун вуго. Гьав ккола Россиялъул БахIарчи абураб цIар тIоцебе щварав дагъистанияв. Гьединго МухIамад ТIолбоевас бицана нилъер ракьцояв МухIамад ХIажиевасеги КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда тIоцебе БахIарчиясул цIар щванин, жакъа СВОялъул заманалдаги дагъистаниясе тIоцебе БахIарчиясул цIар щванин», - абун бицине лъугьана жиндир заманалда эркенаб гугариялъул рахъалъ машгьурав спортсменлъун вукIарав Ихак ХIайдарбегов.**



**Ихак ХIайдарбегов (кваранисa) МухIамад ТIолбоевгун**

**Ихак ХIайдарбегов гьавуна 1951 соналда Ведено районалъул (гьанже Чачан республика) Акнада росулъ. Гьев ккола 1970-абилел соназда рукIарал ГIабдулбеков, ГIашуралиев, Насрулаев, Юмин, ГIарацилов гIадал эркенаб гугариялъул рахъалъ цIар рагIарал гугарухъаби-спортсменазул цояв.**

**1975 соналда лъугIизабуна ДГПИ.**

**Халкъазда гьоркьосеб классалъул мастер, речIчIухъанлъиялъе ругьун гьавулев вукIана ГIали ГIалиевас. Гьев ккола Европаялъул чемпион (1975 сон),**

**СССРалъул халкъазул Спартакиадаялъул гIарцулав призер (1975 сон).**

**Дунялалъул кубокалъул бетIергьан (1978 сон), Совет Союзалъул чемпионаталъул кIицIул призер (1974, 1978 сонал), ветераназда гьоркьов дунялалъул чемпион (2001 сон).**

**ХIалтIана Россиялъул гIолилазул командаялъул кIудияв тренерлъун. 1980-абилел соназдаса нахъе гIумру гьабун вуго Москваялда.**

**- Мун гьавун вуго Чачаналда. МагIарухъа гIадамал гочинарулеб заманалда ккун ратила нужги гьенире.**

- МагIарулал, дагъистаниял Чачаналде гочинарурал соназ, Ведено районалъул Акнада росулъ гьавуна дун.

Хадур нижер росдал гIадамал гьениса гочана Хасавюрт районалъул Октябрьское росулъе.

Гьенив ана школалде, анкьго класс букIана цебе гьениб ва 1967 соналъ лъугIана школа.

**- Гугариялде рокьи кин, лъица бижизабураб?**

- ГьитIинго бокьулаан дие гугари ва эркенаб заманалда гьелде вуссун вукIунаан. Майдан гурони, ругьун гьаризе бакIги букIинчIо, малъулев чиги вукIинчIо.

Кисан, сунца гьеб рокьи бижарабали лъаларо. Дие рокьулаан цIар рагIарал гIадамал, бахIарзал. Гьединавлъун вахъине бокьиялъ тIаса бищун батила дица гугариги, гьеб гурони батIияб нух гьечIин цIар рагIаравлъун вахъинеян ракIалде кколеб букIун батила гьитIинав чиясда.

Росдал майданалда къоялъ цеве ккара-ккаравгун гугарулаан. Данде гугаризе вас щвечIебги букIунаан заман, гугаризе чи валагьизеги букIунаан захIмалъи.

Цо-цо гьезде квешал рагIаби абизе, ганчIал речIчIизе кколаан гьел диде тIаде лъугьине, диего гугаризе чи щвезе.

Дидаса кIиго соналъ кIудияв вац МухIамадги вачIунароан жиндиего бокьун гугаризе. Гьевги дидего гьусизе цо щиб бугониги жо ургъизе кколаан.

1967 соналъ ана МахIачхъалаялде, бакIал раялъул техникумалде цIализе. МахIачхъалаялде араб мехалдаги, нухалги бакIги лъаларого гIезегIан заман бана гугаризе ине щоларого. Гьеб мехалда дир букIана 17 сон.

Заманалдасан байбихьана гугариялде хьвадизе, гьанже гьеб ккола ГIали ГIалиевасул цIаралда бугеб школа.

ТIоцевесев дир тренер вукIана ГIалисултан ГIумаров. КIиго соналдасан гьениве вачIана ГIали ГIалиев. Гьел кIиязго ругьун гьарулаан гугариялъе.

**- КIудияв вац МухIамад гугаризе вукIине валъаргъулаанин абуна дуца. Гирайгун** (*гьевги ккола Ихакул кIудияв вац, «ХIакъикъат» газеталда хIалтIулев вукIарав нижер мухбир)* **гугаризе лъугьунароанищ мун?**

- Гирай дидаса соназги къаркъалаялъги кIудияв вукIана. Гьевгун гугаризе щиб гурин, гьесда кIалъазегIан цин гьурмахъ балагьизе кколаан, гьимулевищ вугев, ццин бахъунищ вугевали. Ниж гьитIинаб мехалдаго, дун вукIана ункъабилеб классалда, хвана нижер эмен. Гьес нижее эменлъиги вацлъиги гьабулаан. ЦIакъ кьвараравав, гIадлу бугев вукIана гьев. Бугониги, цо-цо гьесиеги хIалихьалъи ургъулаан, махсараде кколаан. Цо нухалдаги хIорихъе чвердезе арал чагIи, гьасда вихьулареб бакIалдеги ун, вахчун чIана дун. РагIулеб буго гьасул гьаракь диде ахIдолев, амма дица жаваб кьечIо. ЛъикI заманалъ гьасие ургъелги ккезабун, хадув вахъана къватIиве. Босун тIилгун, тIад ретIелцин гьечIев чи вухана гьес дун лъикI. Гьединал лъугьа-бахъиналги гIемерал рукIана.

Вацлъиялъул бицунаго абила, гIемерал руго дир гьудул-гьалмагъзаби вацал гIадинал. Гьединазул цояв ккола МахIачев СагIидбег. Дун вохарав вуго гьесулгун гьудуллъи ккеялдаса, ва жакъаги гьев вуго нижее ургъел бикьизеги, ракI чучизеги, ракIалда бугеб бицинеги ине бегьулев чи. Гьев вукIана цIакъав спортсмен, цIар рагIарав гугарухъан. 45 соналъ сакъатазул коляскаялда вукIана гьев, гьаб ахираб анлъго соналъ бусадаго вуго. (24 сон барав чи автоавариялдеги ккун, сакъатлъун вуго гьев). Гьесухъе щварав чи ракI разиго гурони нахъе унаро.

Кисан, сунца гьеб рокьи бижарабали лъаларо. Дие рокьулаан цIар рагIарал гIадамал, бахIарзал. Гьединавлъун вахъине бокьиялъ тIаса бищун батила дица гугариги, гьеб гурони батIияб нух гьечIин цIар рагIаравлъун вахъинеян ракIалде кколеб букIун батила гьитIинав чиясда.

**- Гугариялъе шартIал рукIинчIониги, дуца гIезегIан бергьенлъабиги росун руго.**

- 1975 соналъ дица бергьенлъи босана Европаялъул чемпионаталда, 1978 соналъ щвана Дунялалъул кубок. Гьел руго дие щварал бищун тIадегIанал бергьенлъаби. 2001 соналда ветераназда гьоркьов дунялалъул чемпионлъунги вахъана.

Дун вукIана 1974-1980 соназде щвезегIан Совет улкаялъул тIаса бищараб командалда гъорлъ.

1975 соналда ана армиялде. Хьвадулаан Бакуялъул спортивияб клубалде ва Азербайжаналъе гIологи гугарулаан СССРалъул Халкъазда гьоркьосеб спартакиадаялда.

Армиялда хъулухъ гьабун лъугIун хадуб, дун лейтенантасул чингун, гьенивго тана. Вахъана ЦСКАлъул (Центральный спортивный клуб армии) гугарухъанлъун.

**- Германиялдаги тренерлъунищ мун хIалтIарав?**

- 1980 соналда Олимпиадаялде кколаревлъи лъараб мехалда, Германиялде ( ГСВГ - группа советских войск Германии) гугариялъул рахъалъ тренерлъун ине бокьана. Дун гьениве витIана лейтенантасул чиналда ва 1986 соналде щвезегIан Германиялда бугеб нилъер армиялъул спортивияб клубалда тренерлъун хIалтIана ва цадахъго армиялда хъулухъги гьабуна.

1986 соналда дун витIана Москваялде, спортивияб клубалде, гьеб мехалда дие майорасул чин щун букIана.

Доба дие клубалъул нухмалъулесул заместителасул хъулухъ кьуна. КIиго соналдасан витIана Москваялъул Суворовасул училищеялде физкультураялъул преподавательлъун. Гьенив хIалтIана 1989 соналде щвезегIан.

Хадув дун росдал магIишат цебетIезабиялде, бизнесалде лъугьана. Дида кколеб букIана кIудияб бажари-гьунар бугев чийилан, патриот гIадин нилъерго росдал магIишаталъул рахъ цебетIезабизе лъугьун вукIана. Амма ракIалде ккараб хIалалда батичIо иш.

ГьасагIаталдаги бизнесалда гъорлъ вуго дун, цадахъго тIурала жамгIиял хIалтIабиги.

**- Бизнесалда вугев чи хIисабалда, нужерго ватIаналда, Инхокъвари росулъ бугеб даруяб лъим шушбухъе тIун, гьелъул даран-базар гьабизе ракIалдего ккечIищ?**

- МугIрузда бугеб гьеб «Регьа» абураб даруяб лъим бичизе киданиги ракIалде ккечIо. Гьеб дица рикIкIуна ТIадегIанас халкъалъе кьураб нигIмат бугин абун. Дагьаб гурони лъимги чвахуларо гьениса, гIемерал гIадамалги рукIуна иргаялда чIун. Биччанте гIадамаз гьелдаса пайда босизе.

**- Дагъистаналде, магIарухъе гIемер щолищ?**

- Ахираб лъабго-ункъо моцIида жанив лъабго нухалда щвана Дагъистаналде.

Сентябралда, мунагьал чураяв дир гьудул, МухIамад Сулейманов ракIалде щвеялъул турнир букIана Хьаргаби районалъул КIикIуни росулъ.

Щвана дирго районалъул Хушетибе нух рагьулеб байрамалде. КIудияб ВатIанияб рагъул БахIарчи Къади Абакаров гьавуралдаса 100 сон тIубаялъул хIурматалда турнир букIана тIобитIулеб, гьенивеги щвана. МагIарухъа яги гIодоблъиялда бугеб Октябрьское росулъа ахIун бачIани, дихъа бажарараб кумек гьабизе хIадурав вуго.

**- Дур хIурматалдаги гIезегIан турнирал, чемпионатал тIоритIулел ратила...**

- 10-15 соналъ цере гIемер тIоритIулаан гьединал турниралги чемпионаталги. Гьанже тIоритIуларо, гьелъие батIи-батIиял гIиллабиги багьанабиги руго.

***ПатIимат МУХIАМАЕВА***

# Прозаялдалъунги кучIдул хъвалаан Фазуца

**МахIачхъалаялда Гьудуллъиялъул рокъоб тIобитIана Дагъистаналъул халкъияй шагIир Фазу ГIалиевалъул хIурматалда гIуцIараб дандеруссин. Гьелда гIахьаллъана республикаялъул колледжазулгун вузазул студентал ва преподавателал, тахшагьаралъул школазулгун лицеязул цIалдохъаби ва учительзаби.**



Байбихьуда рикIкIана Ф. ГIалиевалъул кучIдул – магIарул ва гIурус мацIазда. ПасихIго цIалана гьел ДГУялъулги ДГПУялъулги студентаз. Хадуб преподавателаз бицана шагIиралъул гIумруялъулги хъвадарухъанлъиялъулги хIакъалъулъ.

Филологиял гIелмабазул кандидат, Дагъистаналъул пачалихъияб педагогияб университеталъул доцент Марям Сулеймановалъ хIаракат бахъана Ф. ГIалиевалъул творчествоялъул балъголъаби рагьизе. Гьелъул пикруялда рекъон, шагIиралъул кутакаб пагьму букIун буго нилъер адабияталда къанагIат гурони дандчIвалареб жанралда хъвадаризе. Гьединаблъун ккола прозаялдалъун хъвараб кечI. *«ШагIиралъул гьунаралъул цIех-рех гьабулеб мехалда, гIалимзабаз щаялиго кIвар кьоларо гьеб жанралда хъварал Фазул асаразде. Гьелин абуни, данде гьарун руго ва басмаялда рахъун руго «Чуязул илхъи» («Табун») абураб мажмугIалда. ГIурус адабияталдацин къанагIатаб гьеб жанралда асаралго хъваларо Дагъистаналъул хъвадарухъабаз. Фазу ГIалиевалъул гьелъие букIана махщелги бажариги»*, - ян бицана М. Сулеймановалъ.

Марямица цIалана гIурус мацIалде

> ШагIиралъул махщел букIана нилъер адабияталда къанагIат гурони дандчIвалареб жанралда хъвадаризе. Гьединаблъун ккола прозаялдалъун хъвараб кечI.

таржама гьабураб Ф. ГIалиевалъул «АнцIила микьабилеб их» абураб поэмаялъул цо бутIаги. *«Поэма буго Совет Союзалъул БахIарчи АхIмад ГIабдулмажидовасул хIурматалда хъвараб. Районцоясул хIакъалъулъ бугеб асар цIаличIого йикIине бегьиларо дун»*, - ан абуна гьелъ, кечI рикIкIиналде. Адабияталъул асаралъе къимат кьезе бажари гуребги,



шигIрияб асар пасихIго рикIкIинеги гьунар букIун буго гьелъул.

Камуларо, Расул ХIамзатовасдего гIадин, Фазу ГIалиевалдеги «таржамачагIаз яхъинаюна гьелъул шагIиран» абулел гIадамал. Гьезул пикру мекъаб бугеблъи бичIчIизабуна филологиял гIелмабазул кандидат, Дагъистаналъул пачалихъияб университеталда цебе рагьараб Дагъистаналъул халкъазул адабияталъул цIех-рех гьабиялъул централъул директор Хадижат ГIалиевалъ. Тадбиралъул гIахьалчагIазда цебе лъуна гьелъ магIарул мацIалда Ф. ГIалиевалъ хъвараб кечIалъул цо чанго чияс гIурус мацIалде гьабураб таржама. ЧIванкъотIараб мисалалдалъун гьелъ бихьизабуна, кигIан лъикIабин ккараб таржамаялдаги авторасул пикруги гьес хIалтIизарурал художествиял сипаталги загьир гьарун бажаруларебльи.

СихIтун гIенеккун рукIана гIолилал кIудияй шагIиралъул асаразухъ. Щибаб рагIуда хадуб халккун, бицунелде кIваркьун, балагьана гьел шагIиралъул гIумруги рагьулеб, гьелъул чIагояб гьаракьги рагIулеб, инсанасулги жиндир пишаялъулги хIакъалъулъ пикрабиги загьир гьарулеб документалияб киноялъухъ. Гьеб бахъун буго 1987 соналда Северияб Осетиялъулги Дагъистаналъулги телевидениялъ.

Тадбиралъул ахиралда гьелда жигараб гIахьаллъи гьабурал студентазеги преподавателазеги кьуна Баркалаялъул кагътал.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

## КIВАР БУГЕБ СУАЛ

# Рахьдал мацI цIунизе бокьани…



**Рамазан КЪУРБАНОВ,**
**Болъихъ район, Кванхидалъ росу,**
**ДРялъул мустахIикъав учитель**

**Дун ккола авар мацIалъул учитель. Ригьалде вахиндал, хIалтIиги тун, рокъов чIун вукIана. Пачалихъалъулги гьединаб тIалаб букIана, ай 65-70 сон барав учитель хIухьбахъиялде ине кколеб.**

**Гьале исана, цо чанго сагIатги босун, авар мацIалъул дарсал кьезе школалде тIадвуссана. Ва хIикмалъун хутIана байбихьул школа лъугIун рачIарал цIалдохъабазда магIарул мацI лъалебго батичIеб мехалда.**

**ГIемерал соназ дун хIалтIана Болъихъ районалъул Кванхидалъ росдал школалда авар мацIалъул учительлъун ва директорлъун. Гьанжесеб гIелалъ гIадин магIарул мацIалде мугъ рехараб заман дида ракIалда гьечIо. Гьеб хIужаги бихьун, цIалдохъабазда магIарул мацI малъизеян абураб хьулгун, цIидасан тIадвуссана хIалтIуде.**

Жакъа росабалъцин магIарул мацIалъул иш захIматаб хIалалде ккун букIин киназдаго лъалеб жо буго. ГIисинал лъимал ясли-ахалдасанго, хIатта тIоцересел рагIаби абизе байбихьаралдасанго гIурус мацIалда кIалъазе ругьунлъулел руго. Гьанжесел эбел-инсудаги, лъай кьеялъул идарабазул нухмалъулездаги, хIакимзабаздаги ракIалде кколеб батила, лъималазда рахьдал мацIги малъичIого, бачIинахъего гIурус мацIалда кIалъазе малъунин абун, гьезул лъай бугел гIадамал рахъинин абун. Нилъер умумул гIакълу-лъай гьечIелищ рукIарал? Гьездаги лъалаан кIиго-лъабго батIияб мацI. Гьанже щайха рахьдал мацI нилъерго наслабахъа бахъизе биччалеб бугеб?

Лъица щиб бицаниги, цере дагъистаниял лъай гьечIел гIадамал рукIанин абуниги, гIараб мацIалъул грамматика букIана Дагъистаналда. Нилъер руччабиги лъай-гIакълу бугел рукIана. Лъималги гьез рахьдал мацI малъун, тарбия кьун гIезарулаан.

ГьабсагIаталда, балагьараб мехалда, лъималазда магIарул мацI лъалеб гьечIо. Жидерго диалект бугел росабалъайин абуни, тIубанго тIагIинехъин буго гьеб. Масала, нижер Кванхидалъ росулъ бицуна магIарул мацIалъул гIандадерил (диалект) сверел бугеб мацI. Гьеб мацIалда кIалъалел лъималазда магIарул мацI лъазабизе ресго гьечIо. МагIарул мацI школалда малъизе кьураб цо-кIиго сагIаталда жаниб кин гьез мацI лъазабилеб? Рахьдал мацIалъул дарсазе кьурал сагIталги къойидаса къойиде дагьлъизарулел руго.

БитIараб бицани, цIалдохъабазда магIарул мацI малъизе гIураб заманги гьечIо учителасул. Рокъобги гьез гIандадерил яги гIурус бицуна. Гьединлъидалин ракIалде ккараб гьаб макъала хъвазеги. ГIумруялъ школалдаги хIалтIарав, 75 сонги барав мугIалимасул рагIабазухъ гIинтIамизе батилин абураб хьулги буго.

«ХIакъикъат» газеталда цIалун ва телевизоралдаса бицунеб рагIун букIана цIалул планалда хиса-басиял гьаризе школалъул директорасе рес кьун бугин абун. Амма хIакъикъаталда гьедин батуларо. Кагътида хъвараб жо гIемер букIуна.

Цо-цояз абула, гьанже гьеб нилъехъа бажарулеб иш гурин, рокъоб эбел-инсуца малъизе кколин рахьдал мацIин абун. Нижер гIадал, диалекталда кIалъалел росабалъа эбел-эмен болмацIалда кIалъаларо гьанжего гьанже мацI бицине лъугьарал гьитIичазда. Гьез лъималазда бицуна жидерго умумузул мацI. Гьединал росабалъ рахьдал мацI кинха малъулеб букIараб цебе?

Цебе школазда байбихьул классазда гIурус мацIалъул дарс хутIизегIан киналго дарсал магIарул мацIалда кьолаан. Лъималазда цин рахьдал мацI малъизе ккола‌ан. Байбихьул классазда магIарул мацIги лъан рачIунаан лъимал щуабилеб класалде. Гьединаб букIана доб заманалда тIалъиялда ругел нухмалъулезул пикру. Доб мехалда рукIарал хIакимзабиги гIакълу гьечIел рукIинчIо.

Рахьдал мацI лъалев чиясда лъазе буго чIахIиязул адаб цIунизеги, гIисиназул къимат гьабизеги, дунялалда хьвадизе кколеб куцги.

Школалда, хIисабалъул дарсида, жубай-бахъиги, кьаби-бикьиги магIарул мацIалда бицун гьабулеб бугони, цIуничIого хутIизе рес гьечIо нилъер мацI. МиллионгIанасев чи вугеб магIарул миллаталъ щуазарго чияс гурони магIарул мацIалда бахъулеб газеталъе подпискаго гьабун гьечIо. Гьебги буго магIарул мацI лъангутIиялъул гIаламат.

Дица лъималазул лъималазе «Лачен» журнал хъвала. Цогидаздаги хъваян абизе бегьула магIарул мацIалда журналги, газетаги, амма магIарул мацIалда рагIиго лъаларел «магIарулаз» кинха гьеб цIалилеб ва хъвалеб?

МацI буго бечелъи. Гьелъулъ буго халкъалъул тарихги, маданиятги, хьвада-чIвадиялъул къагIидаги.

ЧIарада

## ЦIадул балагь

Дагьал церегIан къоязда, къаси сагIат лъабгоялда ЧIарада районалъул ГIурухъ-СотIа росулъ ФАП, ясли-ах ва цебе школа жаниб букIараб мина бухIана. 1975 соналда бараб гьеб мина тIубанго бухIана, аскIоб букIараб культураялъул рукъалъул тIохги бухIана.



ЦIа ккараб бакIалде хехго тIаде щвана ЧIарада ва Гъуниб районазул цIа свинабулезул къокъаби. ТIубанго гьеб свинабуна радал анлъгоялде, талихIалъ, гIадамазе зарал ккечIо.

Гьебго къоялъ цIа ккараб бакIалде рачIана ЧIарада районалъул ОМВДялъул нухмалъулев МусахIажи Саламов, районалъул прокурор Запир МухIамадов, ДРялъул МЧСалъул хIалтIухъан Надирбег ГIумаров ва районалъул администрациялъул хIалтIухъаби.

ЦIа ккараб бакIалъул халгьабидал, гьелъие гIиллалъун токалъул кварида цIа рекIин батизе кколин чIезабуна.

Районалъул администрациялъ, гьеб ясли-ахалде лъимал унел улбузгун цадахъ хIукму гьабуна, аскIоб бугеб Гьочоб ясли-ахалде щвезаризе гьенире хьвадулел рукIарал лъимал. (ГIурухъ-СотIа ясли-ахалде хьвадулеб букIана анлъго лъимер).

ЦIунтIа

## ГIумраялде путевка

ЦIунтIа районалъул бетIер АхIмад ХIамзатовас гIахьаллъи гьабуна районалъул мажгиталда «Ас-салам» газеталъул хIакъалъулъ бицараб данделъиялда.

Гьенир кIалъаял гьаруна гIалимзабазгун диниял церехъабаз, муфтияталъул ва «Инсан» фондалъул хIалтIухъабаз. Гьез бицана динияб лъай кьеялъул бугеб кIваралъул ва газеталъ гьелъие гьабулеб квербакъиялъул хIакъалъулъ.

Гьединго «Ас-салам» хъваразда гьоркьоб можоро тIамун, гIумраялде ине путевкаги бергьана. Гьеб щвана КIилъартIа росулъа чиясе.

ЛъаратIа

## ХIажатазе кумек

ЛъаратIа районалъул бетIер МухIамад ГIабдулаев, районалъул администрациялъул хIалтIухъабигун цадахъ щвана СВОялде мобилизациялъ ун вукIарав ва гьенив къадаралде щварав Сикар росулъа ГIабдулкеримов Рамазанил хъизамалъухъе.



**Мурад МухIамадовасул хъизан**

Районалъул нухмалъулесул бихьизабиялда рекъон, социалиял хIалтIухъабаз кумек гьабула рагъда ругезул ва гьенир гIумруялдаса ратIалъарал гIолохъабазул хъизамазе. Хасало аслияб къагIидаялда гьезие хIажат букIуна цIул ва цIатари.

Гьеб бихьизабиялда рекъон, гьал къоязда районалъул рохьил магIишаталъул хIалтIухъабаз Надар росулъа СВОялъул гIахьалчи Къурбан АхIмадовасул эбел-инсуе цIулал цIураб машина бачIана.

Гьединго ЛъаратIа росдал бетIер ТIагьир Ибрагьимов дандчIвана СВОялда гIумруялдаса ватIалъарав Мурад МухIамадовасул хъизангун. Гьев нилъеца кидаго рекIелъ цIунилин, гьесул ва гьевго гIадин ватIаналда цебе тIадаб борч тIубалаго гIумруялдаса ратIалъаразул хъизаназе кумек гьабизе кидаго хIадурал ругин абуна гьес.

## Конституциялъул къо

ЦIумада

РФялъул Конституциялъул къо кIодо гьабуна ЦIумада районалъул администрациялда. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад Сиражудиновас, депутатазул собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадовас, росабазул нухмалъулез ва цогидазги.

Данделъаразда байрамги баркун, МухIамад Сиражудиновас бицана Конституциялъул хIакъалъулъ - улкаялъул аслияб къануналъул бугеб кIваралъул, щивас гьелъул рихьизариял цIунизе кколин ва ватIан цебетIеялъе хIаракат бахъизе кколин абуна гьес.

Гьединго Сиражудиновас борхана, хаслихъе армиялде ахIулезул суалги ва гIага-божаразда гьоркьор гьенире ине заман щолел гIолилал ратани, гьелги военкоматалде рачIине кколин абуна.

Гьеб байрамалъул тарихалъул хIакъалъулъ бицана информациял технологиязул ва ихтияразул отделалъул нухмалъулев Тимур Ибрагьимовас.

КIалъазе рахъана данделъиялъул цогидал гIахьалчагIиги.

Ахиралда баркалаялъул кагътал кьуна ЦIумада районалъул ОМВДялъул хIалтIухъабазеги СВОялъул гIахьалчагIазул улбузеги.

Болъихъ

РФялъул Конституциялъул къо кIодо гьабуна Болъихъ районалдаги. Районалъул нухмалъулев Руслан ХIамзатовас паспортал кьуна Россиялъул гIолохъанал гражданазе.




Лъималазе бицана Конституциялъул хIакъалъулъ ва гьединго паспорт Россиялъул гражданинасул аслияб документ кколин абуна. Лъималазе малъа-хъвaял гьаруна Болъихъ районалъул ОМВДялъул Миграционнияб пункталъул нухмалъулев Шарудин ХIайдарбеговасги.

ГIадатлъун лъугьахъе, Руслан ХIамзатовас цIалдохъаби рачана администрациялъул ва музеялъул минаялъулгун лъай-хъвай гьабизеги. Гьезда администрациялда хIалтIул къагIида гуребги, бихьана СВОялда ругезе битIизе гуманитарияб кумек хIадур гьабулеб куцги. Бищунго лъималазе рекIее гIуна районалъул телевидениялъул «Болъихъ» абураб мастерская.

Шамил

Конституциялъул къоялда Шамил районалъул ХIебда школалъул «Точка роста» кабинеталда тIобитIана 14 сон барал лъималазе паспортал кьеялъул данделъи.

Аслияб къагIидаялда гьел кьуна «Движение первых» абураб гIуцIиялъул гIахьалчагIазе. Паспорт щвей - гьеб гIумруялда жаниб жавабияб лъугьабахъин кколин абуна гьезие паспортал кьолаго Шамил районалъул ОМВДялъул хIалтIухъан МухIамад МухIамадовас.

Гумбет

РФялъул Конституциялъул къоялъ Гумбет районалдаса СВОялде аразул лъималазе паспортал кьеялъул данделъи тIобитIана администрациялда. Районалъул бетIер Гьалип Гьалиповасул рахъалдасан баркиялъулаб калам гьабун кIалъана гьесул заместитель ГIалихан ДавудхIажиев. Тадбир байбихьулаго, данделъарал балагьана ДРялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировасул РФялъул Конституциялъул къоялде хIадур гьабураб документалияб фильмалъухъ. Хадур ракьцоязда байрам баркана районалъул культураялъул управлениялъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас, лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулев ГIабдула МухIамадовас, АТКялъул аппараталъул бетIерав специалист УхIума Загьидовас ва цогидазги.



ГIолилазе паспортал кьун хадуб, данделъи берцин гьабуна Гумбет районалъул лъималазул искусствоялъул школалъул «ГIисинал магIарулал» къурдул ансамблялъ.

***Районазул Телеграм каналаздаса***

# МугIрул урхъун руго чол хIихIиялъухъ

**Дир гьанир мугIрузе законал хъварал**
**ТIахьал гIасрабаца рахъун рукIинчIо.**
**Дир магIарулазул хасиятазе**
**Хисизе рес гьечIин цIараб хIучч гьечIо..**
*Фазу ГIАЛИЕВА*

ТIаса гъоркье бацIцIалъи, гъоркьа тIаде нахъбуссун хъублъи бачIунаян абулаан харабаз. Нилъер, мугIрул каранлъ бусен лъурал росабалъ гIуразул, кидагосеб хIасрат букIуна мугIрул тIогьазде. Хасго хъвадарухъаби, художникал - мугIрул рехсараб асар хъвачIев, сурат бахъичIев чиго вугодай гьезул. ЛъарагIлъуда рукIун, магIарухълъиялъухъ инагьдулел, къанагIатги росулъе щоларел гIемерисел шагIирзаби - гьездаги гIажаиблъи гьабула. Аслияб бутIа творчествоялъулги гьез гIуцIун букIуна магIарухълъиялда хурхинабун.

Хасгьабун машгьурал, цIар бугел шагIирзаби хьирщичIого, дирго хIалтIул кабинеталъур ратарал тIахьал квацIи гьабун тIиритIун руго цере. ГIедегIалихъе гьел регулаго ратарал цо-цо мухъал, куплетал лъолел руго гьанир. МугIрузул къоялъ шагIирзаби щвана ракIалде

Композитор Ибрагьим Ибрагьимовасул тIехьалда, Авар театр мугIрузул районазде хIалтIулаб сапаралъ унелъул, хъвараб кочIолъ руго гьадинал мухъал:

**Шагьар тун, мугIрузде къокъунеб гIужалъ**
**ГIатIилъула нижер ургьиб гьинал ракI.**
**Дора чилъи бугел гIадамал рукIун,**
**ГIаламго урхъулеб тIабигIат букIун.**

Жидер бераздалъун мугIрузе бугеб къварилъи, ками бичIчIун, гучал гьезул цIараздалъун кIалъала шагIирзаби. Пайзула Пайзулаевасул «Сапараздаса хъвайхъвагIаял» тIехьалда «Чуял» кочIолъ ругел гьал мухъаз рагьулеб буго инсанас мискинлъизе тарал мугIрузул сипат-сурат:

**МугIрул урхъун руго чол хIихIиялъухъ,**
**Чабхил нухахъ гьезул пунхъи дагьлъана.**
**Пикрабазулъ гуро, хIакъикъаталда**
**Илхъаби тIагIана тIадмагIарухъа...**

Къурул каранлъан беролеб иццгIан бацIцIадго бихьизе, батизе бокьула нилъее магIарухълъиялда хурханщинаб, гьайбатго. МугIрул тIогьиб лъола тIолго кIодолъи, къадру. Сабигат МухIамадовалъул «Ахирисеб дандчIвай» тIехьалда ратула магIарул чиясулъ тохаб гIамал бихьидал ракIунтулеб куц загьир гьабурал мухъал:

**Рорхатал мугIрузда гIумру гьабулел,**
**ЯхI, намус ирсалъе умумуз тарал,**
**КигIан рекъолареб нужелъ батизе -**
**ЧIобогояб рагIи, учузаб гIамал.**

Росу цIилъиялъе сабаблъун ккаги ЛъаратIа районалдаса ГIалихIажи МухIамадовасул росулъе хIалакараб ракI рагьула «Анкьракьалъул накьищал» тIехьалдаса « Ваче магIарухъе» кечIалъ:

**ВацгIал, дунги ваче тIадмагIарухъе,**
**Лъове дун щвечIого заман бахъанин,**
**Мун унеб мехалда маххул чуялда**
**Цо бакI диеги те - Богьноде щвезе...**
**Диеги гIахьалаб, дуйги гIагараб,**
**ТIадиял росулъе рильълъина цадахъ.**
**Нусабго логое чIаголъи кьолел,**
**МугIрузул иццазул гьекъела лълъинал..**

ГIатIиракьалде гIадамалги гочун чIобоголъараб ТIадиял росдал руччабаз жидецаго гьабун ахIулеб магIу тIибитIана жамгIиял гьиназда гьал къояз. Жиде-жидер росуги цебечIун, гIемеразул бадиса магIу гирана гьелъухъ гIенеккун. Бесдаллъулел тIолго мугIрул росабазухъ ва умумузул минаби чIунтизе тарал гIадамал рекIеда ратиялъе гьабураб гIадаб магIу ккана гьеб. ТIадиял росу цIилъиялъе сабаблъун батаги, магIарухълъи къиматал руччабаз угьараб, гьеб бухIараб хIухьел.

Шамил районалъул Сомодаса ТIалхIатил МухIамадил «РухIиял хиялал» тIехьалда гIемер батула мугIрузухъ чIалгIен, росулъе руссаян ракьцоязде балеб ахIи.

«Берал къанцаниги къвалги бачIого» кочIолъ гьес рехсолел бакIазде щвезе даимаб хIасрат дилъгоги ссунаро:

**...Чанил бурутIалъул тIавап берцинаб**
**Бихьизе щвеладай ГIосох расалъи?**
**Будалаъзабаца ватIанлъун тараб,**
**РещтIине щвеладай, Лъамиразул гохI?..**

ГIажаибаб берцинлъиялъул ГIосох расалъудаса бихьулеб (гохIин абун шигIрудалъ рехсараб) Лъамирал мегIералда гьидерица - Тамирал, къелдерица - Лъабил борхалъиян абула. Лъабиде бикьараб, 3 926 метралъул борхалъиялъул, риидалги гIазу биунареб, тIаде рахани ахалъуда накIкIал хутIулеб, чундузул рехъаби тIасан балагьун бихьулеб, хIикматаб асар рекIее гьабулеб борхалъи буго гьеб. Будалаазулин абулеб гьеб ракьалъул мугIрул тIогьире рахине анищазда рукIунаан хараби. Бицен буго, Надир-шагьасул бояз Дагъистаналде гьужум гьабулеб заманалъ, ГIурадаса Ибрагьим-хIажи, гIалимзабигун цадахъ, Лъамирал мегIералъул тIогьиве вахун вукIанин, Дагъистаналъул аскаразе бергьенлъи гьарун дугIа гьабизе.

МегIер - ахада, Лъамир абулеб расалъуда жеги буго, доб заманалдаго барабин абулеб, мажгиталъул хутIелги.

Лъамиразде гьабураб зияраталъул хадусеб нухалъ бицина.

***ПатIимат ГЬИТIИНОВА***



ГIосох расалъи ва Лъамирал

## ГIумру нилъей кьолел гIаздалал мугIрул

Даим гIаздаца рацарал, цIорол гьатазулъ лъиназул нахърател гьарзаял, мугIруздаса кIудияб бечелъи бугодай магIаруласе. Лъица пикру гьабулеб гьоркьоса кьотIичIого чвахулел гIорал, гIурдалъан чилулел иццал ракъвани рещтIунеб балагьалъул? Лъица абилеб, чIороголъулел мугIрул росаби, чIунталиде кканиги, гьеб бугин нилъер унго-унгояб хазинаян? ГIатIиракьалдаса гурони гъурущ щвеларин ккарал, росаби кIочарал гIемерал дагъистаниязда туристаз ракIалдещвезабуна мугIрул тIабигIаталъул гьайбатлъи.

Исана 20 сон тIубана ООНалъул хIукмуялда рекъон 11 декабрь дунялалъулго МугIрузул къолъун лъазабуралдаса. ТIолалго миллатазул ракълие ва парахалъиялъе гIоло гIуцIараб гьеб идараялъ мугIрузде кIварбуссинабиги киналго мугIрузул халкъазул цохIого гIадал масъалаби рукIиналъ батиларицхха.

ЖамгIиял гьиназ кьолел баяназда рекъон, дунялалдаго магIарухълъиялда гIумру гьабулезул хIисаб гьабидал, гьел кколел руго цо миллиардалдаса цIикIкIун чи. Лъалеб хIужа буго мугIрул тIабигIаталъул бечелъигун бацIцIалъи цIуниялъул бергьун кIудияб кIвар мугIрул ахалъабазда яшав гьабулел миллиардал гIадамазеги букIунеблъи.

Цоги, дунялалъулго туризмалъул хIисаб гьабидалги 20-ялдасаги цIикIкIун процент кколеб буго мугIрузулаб туризмалъ. Ахирал соназ нилъер улкаялдаги магIарухълъиялде хьвадулел туристазул къадар къойидаса къойиде цIикIкIунеб буго.

Дунялалда бищунго кIудияб нилъер улкаялъул ракьалъул 30 процент кколеб буго мугIруз. Жидер борхалъи 4000 метралдаса тIаде араб 73 мегIер буго Россиялда, гьездаго гьоркьоб бищунго борхатаб - машгьураб Эльбрус (5 642 м). Дагъистаналъул гIаздалал тIогьазулъ бищун борхатаблъун рикIкIуна Базардюзю – 4 466м.

2016 сон Дагъистаналдаги лъазабун букIана МугIрузул сонлъун. МагIарухълъиялъул масъалаби тIураялъе, гIадамазул яшав лъикIлъиялъул мурадалда республикаялъул бетIерас гьабураб гьеб хIукмуялъул чанги лъикIаб хIасилги ккана. Гьелдаса нахъего байбихьун саламатго кIвар кьуна магIарухълъи цIилъиялде: гIатIилъана нухал, гIуцIулел руго росабалъ спорталъе санагIалъаби, цIигьаруна бакIалъулал сахлъицIуниялъул идараби, культураялъул кIалгIаби, хIухьбахьиялъе бакIал.

ХIукуматалъ биччалеб гIарцухъ балагьун чIечIого, жалго гIадамал лъугьун, жамагIатал цолъун чанги лъикIал ишал рагIалде рахъунел руго мугIрул росабалъ. Узухъда, руго жеги хIукуматалъул квергIунтIичIелги бакIал. Гьеб гIемерисеб мехалъ бараб буго жалго росабазул бегавулзабазул бажариялда, жамагIаталъул тIалабалда. Гьединал росаби ратула, анцI-анцI сонал аниги, долго басриял масъалабазулъги къан.

МугIрузул къимат гьабулеб бугищ? Чорок гьарулел лъарал, гIорал, рощноца рацарал хIухьбахьиялъул бакIал.. Гьеб цоги суал буго къойил бицине ккараб.

## АДАБИЯТАЛЪУЛ ГЪАСДА

# Рохьил жанаваразулги рукъалъул хIайваназулги «Накъит»

### Шамил МухIидинвасул цIияб тIехь

**АрбагI къоялъ МахIачхъалялъул Миллияб библиотекаялда данделъун рукIана магIарул адабияталъулгун интеллигенциялъул вакилзаби, кочIохъаби. ШагIир, хъвадарухъан, журналист Шамил МухIидиновасул цIияб тIехьалъул цебелъеялде данде ракIарун рукIана магIарулал.**



Гьеб тIехьалда цIарги буго «Накъит». Щибаб къоялъ гIадин нилъеда къотIнорги, магIарухъе щвани дораги дандчIвалел рукъалъул ва гьединго цо-цо гIалхул хIайваналги «гаргадизе гьарун» баснябазул тIехь хъван буго Шамилица.

Дида лъалеб мехалда магIарул адабияталда басняби хъварав чи ватун вукIана цохIо ЦIадаса ХIамзат. Лъида ракIалда батилареб гьесул машгьураб «Пилги ЦIунцIраги» абураб басня. «Созмультфильм» компаниялъ гьелъул мультфильмцин букIана бахъун. ТIокIав гьединав шагIир вукIинчIо. Гьале гьеб цIияб жанралде цIидасан нуцIа рагьанин абизе бегьила Шамил МухIидиновас.

ХIакъикъаталдаги гьунар бугев чи вуго гьев. Дир пикруялда, драматругияги гьединго басняги захIматаб жанрлъун рикIкIуна адабиятада жаниб. Бигьаяб жо гуро рукъалъул хIайваналги рухIчIаголъабиги «гарагадизарун», гьезул накъит кагътиде босизе, щибалъул кIалдиб рекъолеб кепаб калам лъезе.

Гьеб бажарун буго Шамилихъа. 50-ялдасаги цIикIкIун басня буго тIехьалда. Щибалъул буго чIагояб, берцинаб, рекIее асар гьабулеб мацI.

Тадбир нухда бачана шагIир, «Гьудуллъи» журналалъул жавабияй секретарь ТубхIат Зургьаловалъ ва Шамил МухIидиновасул яс, «МагIарулай» журналалъул редактор Баху МухIидиновалъ.

ШагIирасул цIияб тIехьалъе кьимат кьуна кIалъазе рахьараз. Масала, ДРялъул Халкъияй шагIир Залму Батировалъ ва Россиялъул мустахIикъав художник ХIамзат ГъазимухIамадовас.

ШагIирасул цIияб тIехьалдаса басняби цIалана ХIамзалав ХIамзаловас, МахIачхъалаялъул №11 гимназиялъул мугIалим, «ХIакъикъат» газеталъул мухбир МухIамад Манаповас ва школлъималаз.

Данделъаразе кечI ахIана Хунзахъ культураялъул рукъалъул хIалтIухъаби - ДРялъул мустIахIикъай артистка ГIайшат Тажудиновалъ, АхIсарат ХIайбулаевалъ, Шамсудин МухIамадовас.



ШагIирасда цIияб тIехь баркизе рачIун рукIана тIалъиялдасаги гьесул гIагараб БакьагьечIи росулъаги вакилзабиги цогидалги.

«Бугъаги дунялги», «Рохьил жанаваралги инфарктги», «Гьвел хIакимлъи», «Кетоги таращги», «ДеМОКЪратия», «ХIихIидулеб кIерт», «ХIамил жахIда» - цохIо баснябазе кьун ругел бутIрул цIалидалго кепаб асар гьабула.

Шамил МухIидиновасул цIияб тIехь адабият бокьулез гьираялда кьабул гьабизе букIиналда щибго щаклъи гьечIо.

**Баркула, Шамил. Хадур гIемерлъаги, къалам бегIерлъаги.**

## БАРКИ

«Расул ХIамзатов - ВатIан даим нилъер ракIазулъ» абураб ТIолгороссиялъул творческияб конкурсалда бергьаразе шапакъатал кьолеб тадбир тIобитIана ЛъарагI театралда.



ТIолгороссиялъул творческияб конкурсалда тIадегIанал бакIазе мустахIикълъана «ХIакъикъат» газеталъул редакциялъ «Дагъистан» Этномедиахолдингалъгун цадахъ бахъараб «ГIумруялъул жугьаби» абураб документалияб фильм. Гьелъул авторал ккола «ХIакъикъаталъул» бетIерав редактор **Темирхан ХIасанов** ва Холдингалъул нухмалъулев **Арсен Юсупов**.



«Бищун лъикIаб макъала» абураб номинациялда тIадегIанаб бакIалъе мустахIикълъана «ХIакъикъаталъул» мухбир **Шамай Хъазанбиева**.

**Баркула магIарулазул матIу - «ХIакъикъат» газеталъул бергьенлъаби!**

## ГАРА-ЧIВАРИ

# «ГIаданлъун хутIи бигьаяб масъала гуро»

**МахIачхъала шагьаралъул мэрасул кумекчи гуревги, Булач ЧIанкIалаев ккола унго-унгояв жамагIатчиги. Къварилъиялде ккарал гIадамазе ресалда рекъараб кумек гьабизе цIакъ хIаракат бахъула гьес.**

**Гьал къоязда Булач вачIун вукIана «ХIакъикъат» газеталде, ва нижеца гьесие цо чанго суалги кьуна.**

**- Булач, МахIачхъала шагьаралъул нухмалъулесул кумекчи хIисабалда дуца тIубалеб тIадкъай щиб?**

- Дида гьабилан абун тIадкъараб хасаб хъулухъ, хIалтIи гьечIо мэриялда. Ток къотIаниги, нухал кьаниги, гIадамазе зарал ккараб бакIалде вортула дун. Амма кинаб тIадкъай кьуниги, гьеб ракIбацIцIадго тIубазабизе хIаракат бахъула. Гьеб буго ва букIине буго дир ният. Кинабго гьабула Аллагьасе гIоло.

Гьаниб щибниги цIияб жо батиларо дир рагIабазулъ. Амма дица рикIкIуна бокьарав хIакимчи, гьитIинав вукIа, кIудияв вукIа - вукIине ккола иман бугев, ракIбацIцIадав.

**- ГIемерал хIакимзабазда аскIове щолев чи вуго мун. Ругищ гьезда гьоркьор инсанасе гIоло намус бацIцIадго хIалтIулел чагIи?**

- Гьанир цIарал рехселаро, амма гIезегIан руго.

**- Жакъа МахIачхъалаялда бищун унтараб суал буго токалъул. Дур пикруялда, щиб гьелъие гIилла?**

- Тахшагьаралда ругел кинalго токалъул кварал ва цогидабги цIигьарулел руго. Гьединлъидал хьул буго гьеб хIалтIи рагIалде бахъун хадуб иш роцIине батилин абураб.

**- Булач, тахшагьаралъул кумекчи гуревги, мун ккола жамгIияв хIаракатчиги. Дур пикруялда, щив чи ккола жамагIатчи?**

- Лъиданиги берцин вихьизелъун гьабулеб хIалтIи гуро гьеб. Дир мурад буго Аллагь разилъи.

Амма дихьаго гьабун рагIалде бахъунареб, тIубазе кIолареб суал тIадеги босуларо.



Чанги чи вихьула нилъеда, жидеего цо щиб бугониги къваригIиндал, гьабги тIубалин, добги гьабилин абун гаргадулев. Цинги жидерго мурад тIубайдал, гьединазда гьеб кIочонги тола. КIочон тарабго лъугIула дур иш – мун дурго халкъалъе вилула. Гьединавлъун вукIине бокьиларо дие.

Бищун аслияб жо буго, киве кканиги, гIаданлъун хутIи.

**- Метер Булач ЧIанкIалаев цо кIудияб хъулухъалде тIамуни, хисичIого хутIиладайха?**

- Дица ракIбацIцIадго абила, захIмалъизе буго довго гIадатияв Булачлъун хутIизе. Щайгурелъул, хIакимлъун вахъиндал, хисун батула дуда сверухълъи. Мун батIиял гIадамазул сверулъе ккола. Дудаго лъачIого цо-цо принципазда тIасан гали тIамизе ккола. Амма, лъица щиб биданиги, дир пикруялда рекъон, кинабго бараб буго жиндаго. Аллагьасе гIоло хIалтIулев вугони, гьабулеб иш цебе инчIого букIунаро, халкъалъ кьиматги гьабула.

*Ашахан ЮСУПОВ*

# Прибалтикаялъул улкаби ва Украина

**1987 соналда Москваялда академияги лъугIун, Дагъистаналъул Министрзабазул советалде хIалтIизе лъугьарав дун, гьелъул председатель ГIабдуразакъ Мирзабековас, пачалихъиял хъулухъчагIазул цо къокъаялъул бетIерлъуда витIана Прибалтикаялъул республикабазде, гьезул Министрзабазул советазул аппаратазул хIалтIул хIалбихьиялъухъ балагьизе. Нижер аслияб масъала букIана СССРалъул гьел республикабазул хIукуматалъул аппаратал хIалтIулеб къагIида лъазаби ва лъикIаблъун батараб нилъерго республикаялда хIалтIизаби.**

ГI. Мирзабеков вукIана нухмалъиялъул цIиял къагIидаби лъазаризе хIаракат бахъулев хIаким. Гьевгун цадахъ аппаратална 10 соналъ хIалтIидал, дида бихьана гьесул гIакълуги республикаялъе гьес гьабураб лъикIлъиги цIилъиги.

Микьго чиясдаса гIуцIараб нижер къокъа щвана Латвиялъул, Литваялъул ва Эстониялъул хIукуматазул администрациязде. Амма 1987 соналдаго бихьулеб букIана гьел республикабазул Россиялдехун, СССРалдехун гьечIеб рокьи. ГIадамазе хъулухъ тIубалеб кинаб идараялде щваниги, тукабазде кканиги, гIурус мацIалда гьикъаралъе гьез жаваб кьолароан. Ниж гьенир рукIарал къоязда бихьулеб букIана гIурус мацIалде данде гьез тIубараб рагъ гьабулеб букIин.

Доб букIана Госпланал ругеб заман. Латвиялъул гьеб идараялъул нухмалъулевлъун вукIарав Ю. Рубенисилгун ккараб дандчIваялда щай гьединаб бербалагьи бугеб гIурусаздехунилан гьикъидал, гьес жаваб кьуна жидер республикаялдаса Москваялде унел налогазул цIакъ дагьаб бутIа гурони жидехъе нахъе щоларила, лъиедила гьединаб бикьакьотIи кьваригIун бугебилан абун. Амма гьеб букIана гьереси. Щайгурелъул Латвиялъул гуреб, киналниги Прибалтикаялъул я промышленносталъул цебетIей, я тIабигIиял сурсатал гьечIел республикабазул бюджетал бечед гьарулаан Москваялъ кьолеб гIарацалъ.

Хадуб, СССРалдаса ратIалъун, жалго жидедаго хутIараб мехалда гьезда бихьана экономикаялъе ккарал захIмалъаби ва хIалакана НАТОялде гьоркьоре ине.

Россиялдаги Украинаялдаги гьоркьоб тунка-гIуси ккедалги, гьел лъидасаго бергьун хIапдолел рукIана Украина бергьиналъе киналго ресал ругинги абун. Амма ахираб заманалда, нилъер аскаразул жигарчилъи ва бахIарчилъи бихьидал, гьезул гьаракь кьотIана.

Гьел улкабазулго гIадаб къисмат ккана Украиналъулги. Ханасул лъороб гIадин букIараб пачалихъ Америкаялъулги Англиялъулги гудракье ккана. Гьезул цонигиялъе я Украиналъул пачалихъалъул букIинеселъул, я гьелъул халкъазул ахIвалхIалалъул «ЯшкIае тIоххолгIанги» ургъелги гьечIо.

Украинаялъул бащдаб лъагIалица халатбахъараб контрнаступление рагIалде бахъинчIо ва, узухъда, гьеб хIужаялъ батIи-батIиял улкаби ккана цIакъго санагIат гьечIеб ахIвалхIалалде. Англиялда, Америкаялда ва Польшаялда цадахъ гьезде гьоркьоре уна Прибалтикаялъул пачалихъалги.

Россиялъул аскаразул рагъулаб хIалбихьи цIикIкIунеб буго ва гьединлъидал нилъер бергьенлъабиги якъинго рихьулел руго. Гьал къоязда Украинаялъул, Б.Хмельницкиясул цIаралда бугеб батальоналъул, нилъеразухъе асирлъуде рачIарал рагъухъаби лъугьана Россиялъул «Каскад» гIуцIиялде гьорлъе ва Россиялъе гIоло рагъизе гьа бана.

Гьедин кантIизе байбихьун буго Америкаялъул мутIигIлъиялда гьоркь ругел чукъбузги. Гьанже гIемеразда бичIчIулеб буго рагъ халатбахъиналдалъун БакътIерхьул пачалихъазул экономика жагьалъулеб букIин ва гьелъул хIасилалда халкъазул разилъи гьечIолъи цIикIкIунеб букIинги. Гьединлъидал Украиналъе гьез гIакълу кьолеб буго, пачалихъ хIисабалда улка цIунизе бокьун батани, Россиялъулгун ракълилаб хабар бицине лъугьаян. Гьелде тIадеги, В. Зеленскияс байбихьуда дунялалдаго кIиабилеб армия Украинаялъул бугилан абулеб букIараблъиги кIочон, гьанже нугIлъи гьабулеб буго дунялалда къуваталъул рахъалъ кIиабилеб армия Россиялъул бугилан.



Зеленскиясулгицин гьединаб пикру бугеб заманалда, жакъа суал бачIунеб буго ахиралде щвезегIан Украинаялъул рахъ ккведадай Америкаялъин абураб. Халкъазда гьоркьосел экспертаз, политиказ абулеб буго США разилъизе бегьулила Украина къеялда, щайгурелъул гьезие зарал гуреб жо ккoлеб гьечIила гьеб рагъул хIасилалда ва тIаде щолел президентасул рищиялги рукIаго, Д. Байденил къиматги цIакъго гIодобе ккoлеб бугелъул. Гьеб цо.

КIиабизе бугони, Америкаялъе хIажат гьечIо лъабабилеб дуналалъул рагъ байбихьизе. Цо чанго соналъ цебе СШАялъул халкъазул жидерго улкаялдехун цIакъго лъикIаб бербалагьи букIанин бихьизабулеб буго социологиял цIех-рехазул хIасилаз. Гьанжейин абуни, гIемерисел штатазул гIадамазул пикру хисулеб буго. БатIи-батIиял штатазул политикиял хIаракатчагIаз рахъ ккoлеб гьечIо президентасул политикаялъул. Щайгурелъул киназдаго бихьулеб буго гьесул кIигъумерчилъи ва экономика жагъаллъулеб букIин.

ГIажаибаб жо, киса-кибего терроризмалде «данде къеркьолеб» Америкаялъ цониги рагIи абичIо Украинаялдаса гьал къоязда Россиялде вачIун, нилъеравлъун лъугьарав Илья Кива, Киевалъ гьабураб терракталъул хIасилалда (Украинаялъ гьедин баян гьабуна) Москваялда гIагарлъухъ чIвайдал. Гьелъ бихьизабула халкъазда гьоркьосеб политика бачиналъулъ гьезул гьумер чороклъулеб букIин.

Дагъал цере, хIелкал гIадин, Россиялъе заралалъе ахIдолел рукIарал Прибалтикаялъул улкабицин гьанже гIодоре руссун чIун руго.

Рехсарал хIужабийин абуни ккола лъикIал гIаламатазул цоял.

*З. ИЛЬЯСОВ,*
*Халкъазда гьоркьосеб ЖамгIияб палатаялъул член*

# Зеленский хиси – халкъалъул тIалаб

**БакътIерхьул улкабаз ахираб заманалда бицунеб хабар буго В. Зеленский хисизе ккеялъул. Суал бачIине бегьула щай гьезие батIияб пачалихъалъул президентин абураб. КIудияб ВатIанияб рагъда хадусеб тарихалда НАТОялда цере рукIарал ва тIаде росарал пачалихъазул ахирисеб кIиго соналъ гIадаб захIматаб заман бачIинчIин абизе бегьула.**

Гьебги щулаго бухьараб буго Россиялъ Украиналда гьабулеб хасаб рагъулаб операциялда. БачIинахъего Америкаялъ ва гьелъул чукъбуз кIудияб гьираялда рехулеб букIана нилъер армиялде данде бугебщинаб къуват ва цебе масъала лъун букIана «ахирисев украинаялъулав тIагIинегIан» рагъул къали бухизе ккoлин абураб. НАТОялъул членаллъун ккoлеб 31 улкаялъ цо Россиялде данде бакIарулеб бугебщинаб яргъилаб къуваталъул халгьабуни, гьеб буго бицун хIалкIолареб, маргьабалъ гIадаб къадар. Жакъа гьел пачалихъаз киназдаго рагIиледухъ абулеб буго жидер хадубккун гьединал ресал хутIун гьечIилан. Жибго Америкаялъул рагъулабгун промышленнияб комплексалъул нухмалъулез гIарз бахъулеб буго «союзниказе» гьабураб яргъил кумекалъул хIасилалда улкаялда жанисеб хIинкъигьечIолъи цIунизе гIурабцин къуват хутIун гьечIин абун.

СШАялъул яргъилал къуватазул генерал-майор Джон Феррарица абуна «рагъде хIадурлъиялдаса багьаго чIолеб жо бугила рагъ гьаби. Рагъ гьабиялдаса хираго чIолеб жо бугила – рагъда къей», - ян. Гьединлъидал Америкаялъе ва гьелъул «гъудулзабазе», узухъда, гьеб рагъулаб операциялда къезе бокьун гьечIо. Амма бергьине рес гьечIолъи бихьулеб бугелъул. Бергьенлъиялда гурони сундаго рази вукIинчIев Зеленскияул щибго ккoлеб мехалъ, гьезие кьваригIун буго гьесул хисун, Украинаялъул президентлъун цогидав, Россиялъулгун рекъел гьабизе кIолев тайпаялъул чи ккезавизе. Гьеб хиялалъ Украинаялъул халкъалъул рекIелъеги хинлъи рещтIинабулеб буго. Щайгурелъул жакъа гьесул рахъ ккoлел чагIи улкаялда цIакъ дагь руго ва ватIан цIунизе ине бокьаралги ратулел гьечIо. Гьелде тIадеги, тIадеялдаса тIаде пачалихъалда цIикIкIунеб буго рищватчилъи. Рагъуе биччараб гIарацицин бикъулеб буго беркъапичIого.

Щалха гьеб борчалъе мустахIикъал ругелин цIех-рехги гьабун, БакътIерхьул улкабазул нухмалъулез рехсолел руго Украинаялъул яргъилал къуватазул бетIер Валерий Залужныясул, разведкаялъул бетIераб управлениялъул нухмалъулев Кирилл Будановасул, президентасул аппараталъул бетIер Андрей Ермакил, гьенивго гIакълучилъун хIалтIулев вукIарав Алексей Арестовичасул ва Киевалъул мэр Виталий Кличкол (гьев ккола Россиялда тeрористлъун лъазавурав чи) цIарал.Украинаялъул Конституциялда рекъон, 2024 соналъул 31 марталда гьенир рукIине ккoлаан президентасул рищиял. Амма рагъ къотIичIони, рищиял гьаричIого рукIинеги бегьула. Щайгурелъул гьеб ккола Конституциялъул тIалаб. Украинаялъе эркенлъи щвараб 1991 соналдаса нахъе гьел рукIине руго микьабилел рищиял. Исана ноябралъул байбихьудаго Алексей Арестовичас жиндие президентасул рищиязда гIахьаллъи гьабизе бокьун букIин загьирги гьабуна.

*З. ИЛЬЯСОВ*

# Меседил чIвабзазда угьарал бакънал

## Композитор гьавуралдаса - 115 сон

**АхIмад ЦIурмилов. МагIарул музыкалияб маданияталда жиндирго хасаб хатIги лъалкIги тарав, живго ругьунлъарав бакъназул устар.**

**Гьавуна гьев Гъуниб районалъул Шулани росулъ 1908 соналъул 19 июналда. Гьесул эмен ГIабдулхIамидил кIудияб къадру-къимат букIана гьудул-гьалмагълъиялдаги росуцояздаги гьоркьоб. Халатал хасалил сардаз гьел гIемер данделъулаан ЦIурмиловазул рокъор. МагIарул кечI-бакъанги кьурди-хъатги - гьеб кинабго рагIулаан ва бихьулаан гьитIинав АхIмадида. Гьесги хIаракат бахъулаан халкъалъул бакънал ракIалда чIезаризе. ГьитIинго ругьунлъана АхIмад чагуралда бакънал рачинеги.**

**ВукIинесев композиторасул букIана цIакъго захIматаб лъимерлъи. Амма гьесул хвасарлъи букIана музыкаялъулъ. Гьелде бугеб рокьи сонал анагIан тIегьалеб букIана.**

**ТIоцебе АхIмадица 1933 соналда гIуцIана гIагараб районалда хоралъул кружокги. Гьесул нухмалъиялда гьоркь чанги церерахъана гъунисел республикаялъул музыкалиял фестивалазда.**

**Дагъистаналъул искусствоялъул мустахIикъав хIаракатчи, «ХIурматалъул гIаламат» орденалъул кавалер АхIмад ЦIурмиловасул бакъназда куркьбал гъуна магIарул машгьурал кочIохъаби Муи ХIасановалъ, Маржанат Мирзаевалъ, Асият Якъубовалъ, ПатIимат ХIайбулаевалъ, ГIайшат Мазаловалъ. АхIмадил бакъназухъ гIенеккана Москваялдаги МахIачхъалаялдаги. Гьес нахъе тараб хазина буго цIакъго къиматаб. Свинаро АхIмадил бакъназул нур, магIарулалги магIаруллъиги чIаго букIаго.**

**Дирго архивалде яккарулаго, гьенирги ратана АхIмадил творчествоялъе сайгъат гьарурал дирго макъалабиги гьесул хIакъалъулъ магIарулазул ракIалдещвеялги. Бокьана гьал машгьурал миллатцояз бицунеб цоги нухалда рагIизе газета цIалулездаги.**



### АхIмадил сариназе свин гьечIо

**ГIали Камалов, «ХIакъикъат» газеталъул бетIерав редакторлъун хIалтIарав:**

- Дида тIоцеве АхIмад ЦIурмиов вихьана 1961 соналъ, Гъунив анкьабилеб классалда цIалулеб мехалда. Гьесул рукъалда аскIосан унаан школалде - нахъе. Кидаго гьенисан рагIулаан магIарул бакънал. Цо нухалда гьев коляскаялда вачIана Гъуниб майданалде магIарулалгун дандчIвазе (захIматаб унтудаса хадуб, гьесие бохдузе операция гьабун букIана). Гьес мандолинаялда рачунел рукIана магIарул бакънал. АхIмадица магIарул маданияталъеги адабияталъеги нахъе тана кIудияб ирс. Гьесул бакъназ бечед гьабуна миллияб музыкалияб маданият. АхIмад ЦIурмиловасул бакъназул букIана гIажаибаб чвахи. Бакъназ гьабулеб асарги гьединабго гIажаибаб букIуна. Гьес нахъе тана цIакъ кIудияб рухIияб бечелъи. Гьеле дида цебе буго Москваялда вугев тохтур, дагъистанияв МухIамад ГIабдулхабировасул кагъат. Гьес кагътида бицунеб буго АхIмадил бакъназда Муи ХIасановалъ ахIулел кучIдуз жиндиего гьабулеб букIараб асаралъул. Гьедин абизеги буго АхIмадил бакъназ асир гьавурав щивав магIарулас. Щайгурелъул гьел рукIана нилъер, магIарулазул бакънал - миллаталъул тарихги, яхIги, махIги бугел.

**Абусупьян ГIалихъараев, Дагъистаналъул искусствоялъул мустахIикъав хIаракатчи:**

- Дидаги лъалаан АхIмад. Музыкалияб училищеялда цIалулев дун гIемер щолаан гьесухъе Гъуниве. Дица нотаби хъвалаан гьес мандолинаялда рачунел бакъназе. Гьесул рукIана гIадамазе рокьулел, гьез къабул гьарулел бакънал. Хасаб музыкалияб лъай гьечIониги, гьес хъварал бакъназ квербакъана магIарул халкъияб кечI цебетIеялъе. АхIмадил рокъоса киданиги камулароан гIадамал. РачIунаан гьесухъе, сахлъи цIехонги, гьесул бакъназухъ гIенеккизеги. ЦохIого цо квеш ккараб жо буго гьел бакънал жакъасел кочIохъабазда лъалел гьечIолъи. ГIадан хIисабалда восани, гьесул букIана цIакъго гIемераб рухIияб бечелъиги.

**АхIмад Саламов, ДРялъул мустахIикъав тохтур, Дагъистаналъул Халкъияв БахIарчи:**

- Инсул кумекалдалъун ккана дирги АхIмадилги лъай-хъвай. Гьеб букIана 1959 сон. АхIмад хIалтIулев вукIана районоялда бетIерав бухгалтерлъун. Анкьабилеб классалъул цIалдохъан дунги вачун вукIана инсуца цо нухалда АхIмадихъе гьоболлъухъ. Дие цIакъ кIудияб асар гьабуна гьес мандолинаялда рачунел бакъназ. Дидаги лъалаан мандолинаялда бакънал рачине. Ва цо нухалда дицаги рачана гьел бакънал АхIмадида цере.



КечI ахIулеб буго ГIайшат Мазаловалъ

АхIмадица магIарул маданияталъеги адабияталъеги нахъе тана кIудияб ирс. Гьесул бакъназ бечед гьабуна миллияб музыкалияб маданият. АхIмад ЦIурмиловасул бакъназул букIана гIажаибаб чвахи. Бакъназ гьабулеб асарги гьединабго гIажаибаб букIуна. Гьес нахъе тана цIакъ кIудияб рухIияб бечелъи.

Цинги гьес дида абуна анкьида жаниб лъабго нухалда жиндихъе вачIине кколин дунилан. Профессионалияв музыкант дир вахъинчIо, дица тIасабищана мединститут. Амма рокъоб къедаса камичIо мандолина. Гьелда берчIвайдал, гьанжеги ракIалдещола АхIмад ЦIурмилов.

**Каримулагь ГIабдулаев, машгьурав композитор, Дагъистаналъул Халкъияв артист:**

- ТIоцебесеб иргаялда, дие баркала кьезе бокьун буго магIарул миллат берцин гьабурал гIадамал жанир гIураб Гъуниб районалъе. Гьезул цоявги ккола АхIмад ЦIурмилов. Гьадинал тадбирал гIемер тIоритIани, гIун бачIунеб гIелалда бичIчIизе буго миллияб музыкалияб маданияталъул тIокIлъи. Жакъасел кочIохъабазул гIемерисез кучIдул ахIулел руго батIиял пачалихъазул бакъназда. Нилъерабго берцин бихьулеб гьечIо. Гьезда лъалелцин ратуларо АхIмад гIадал композиторал. Гьеб нилъеда, чIахIияб гIелалда, тIадаб буго - нилъерго машгьурал умумузул хIакъалъулъ гIолилазе бицине. Дида АхIмад лъалароан, гьесул заманалда дун гьитIинав чи вукIана. Амма гьесул бакъназ дир творчество цебетIеялъулъ лъуна хасаб бутIа.

**Зикрула Ильясов, Россиялъул халкъазул Ассамблеялъул жамгIиябгун пачалихъияб гIуцIиялъул регионалияб отделениялъул председатель**:

- Жакъа къобахъанагIан республикаялда хIалуцунеб буго рахьдал мацIал малъиялъул ва цIуниялъул суал. МагIарул мацI нилъеда цIунизе кIвечIони, кинаб мацIалда, масала, нилъеца ирсилазе АхIмадил бакъназул бицинеб.

Школалда цIалулеб мехалдасаго бокьулаан дие магIарул халкъалъул кечI-бакъан. Гьеб дие бокьиялъулъги кIудияб бутIа лъуна АхIмадил бакъназ. Хасго асар гьабула пашманаб бакъаналда, гьединалго пашманал рагIабазда ахIулеб гьесул кечIалъ:

**- РакI буго дир къваридго,**
**Кьорикь ккураб бацIилгIан.**
**Берал руго чвахулел,**
**Чвахун балеб цIад гIадин.**

ЦохIо гьеб кечI хъван букIарабанигицин, АхIмадил цIар наслабазе хутIизе букIана.

**Варис Нуров, композитор, Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан:**

- ГIадамал рачIуна-уна. Амма ракьалда хутIула гьезул лъикIал ишал. Дида АхIмад лъалароан. Дир рекIелъ хасаб бакI ккола гьесул бакъназ. Гьезулъ бугеб берцинлъи, гьварилъи, нур. Гьеб нур киданиги свинаро.

Лъиениги балъголъи гуро гьаб ахираб заманалда магIарул кочIолаб маданияталда бугеб ахIвал-хIал. Бачунеб бакъаналъулги ахIулел рагIабазулги гьечIо кинаб бугониги магIна. Масала, магIарулин цIар бугеб концерталде ани, ахиралде щвезегIан гIенеккизе сабру гIоларо. Цере хасаб комиссиялъ къабул гьаричIел бакъналгун сценаялде рахъунароан кочIохъаби.

Гьанже гьелъул ургъел гьабулев чи гьечIо. РагIулел гьечIо АхIмадил бакъназ. Гьел лъалелго ратиларо гьанже ругел кочIохъабазда. Гьадинал тадбирал тIоритIани, лъазе руго гьезда АхIмадги гьесул заманалъул кочIохъабиги.

**МухIамад-ТIамир Синдикъов, ДРялъул Халкъияв артист:**

- Дидаги лъалароан АхIмад. Амма гьесул бакъназ хасаб бакI ккола дир кочIолаб дунялалда. ЦIакъ рокьула гьесул бакъналги. Гьез нилъер гIолилазулъ куцала миллияб маданиялталдеги адабияталдеги рокьи. Ругьунлъула нилъералъулго адаб гьабизе. Жакъа кочIохъабиги кечIбакъанги цодагьал батIиял руго. Нилъеца хIаракат бахъизе ккола халкъалъул кочIохъаби халкъалъухъего тIадруссиналъе хIалтIи гьабизе.

**ПатIимат Абакарова, Россиялъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан:**

- Школалъул программаялда букIа, культурияб гIумруялда букIа, нилъеда нилъераздасаго чиярал лъикI лъала. Гьединабго ахIвал-хIал буго жакъасеб магIарул кочIолаб дуньялалдаги. Гьединал концертаздаса дун тIадюссуна рекIелъ чIобогояб асаргун. Цониги кочIохъанас ахIулел гьечIо кучIдул АхIмадил бакъназда. Гьезулъ гурищ бугеб магIаруллъиялъул берцинлъи.

**АхIмад МуртазагIалиев, филологиял гIелмабазул доктор:**

- МагIарул кочIол буго кIудияб тарих. Гьелъ асир гьарурал гIемерал рукIана ва руго. Масала, Кавказалъул рагъдаса хадуб Гъуниб комендантлъун вукIарав Кармалинил лъади Любовь Кармалиница 1860-абилел сонадаго хъван руго магIарул бакънал. Макъсуд ГIалихановасул харбаздаса гIуцIараб «По тропам Дагестана» абураб тIохьодаги бицен гьабулеб буго магIарул бакъназул. Амма жакъасеб гIелалда гьел лъалел гьечIо. Гьединго лъалел гьечIо АхIмадил бакъналги. Гьесулги дир эмен МуртазагIалиев МухIамадилги (ДГУялъул мугIалим) букIана лъикIаб гьудуллъи. Гьел гIемер щолаан цоцахъе тIаде-гъоркье. АхIмадида гIадин лъикI магIарул мацI лъалев чиги вукIинчIо доб мехалда. Гьелъие хIужалъун ккола цо гьадинаб лъугьа-бахьинги:

Инсуца лекция цIалулелъул, магIарул мацIалъул цо рагIиялда тIасан дагIба-рагIи ккун буго. Цинги гьес АхIмадида цIехон буго гьеб рагIул магIна. Дос бачIараб жаваб хъвараб кагъат жеги цIунун буго нижер рокьоб. МагIарул музыкалияб маданиялталда АхIмадил бакъназ ккола хасаб бакI. Гьез бечед гьабуна магIарул бакъназул дунял.

## РакI буго дир къваридго…

Бихьулищха, школалда цIалулелдаса нахъего лъай-хъвай ккун букIун буго дир А. ЦIурмиловасул бакъназулгун. Хоралдаги ахIулаан, кIигояз цадахъги ахIулаан, дицагоги ахIулаан ХIамзатил Расулил «Грузия» абураб кечI. Амма доб мехалда магIарулазда гьоркьоб цIакъго машгьураблъун букIараб шагIирасул гьел рагIабазе хъвараб бакъан АхIмадил букIин лъалароан. АхIмад Закариевасги МахIач МухIамадовасги ахIулеб «РакI буго дир къваридлъун» абураб кечI ахIулеб рагIидалги, рекIелъан магIу баккараб гIадаб асар гьабула. Гьаб ахираб заманалда гIемер рагIулеб буго гьеб кечI. Къваридаб ракI чучизе, дунги гIедегIула АхIмадил бакъназухъе…

*Шамай ХЪАЗАНБИЕВА*

# ТIаса лъугъа, эбел

Больницаялда палатаялъул гордохъан гIемер къватIие ялагьиялъ берал свакан рукIана ХIалиматил.

Гьелъул бераз валагьулев вукIана цо вугев вас. ЗагIипго щурулеб букIана гьесул цIар.

ЗахIматго унтарай эбелги больницаялде щвезаюн арав МухIамад гьале жакъаги вачIинчIо гьелъухъе.

ХIалиматида бичIчIулеб букIана жий тIокIай тIаде яхъунарейлъи. Макьилъги гьей васасул васгун гаргадулаан, гьевгун ясандулаан, гьесда цадахъ тира-сверизе унаан. Гьеле гьединаб талихIалъухъ урхъун ана ХIалиматил гIумру.

ЦохIо вугев дарманасе сундуего инкар гьабичIо гьелъ. Васасул гьалатIалги гьелда рихьулароан. Жиндир вас къварид гьавулев вугилан учительзабигун дагIбадизе чанги школалдеги щолаан гьей, жиндир вас живго тейилан гьесул къерилазул рокьоеги гIемер щварай гьей. Гьесул чехь унтанигицин, гIагарлъиги бакIарулаан гьелъ жидехъего.

Гьедин гогь гьавун кIудияв гIолев вугев МухIамадида лъалеб букIинчIо эбелалда цебе жиндирго букIине кколеб жавабчилъи. ХIалиматицаги цониги нухалъ пикру гьабичIо гьадигIан гогьав МухIамадица, захIмалъаби дандчIвани, щибдай гьабилаян. КIвеладай гьесда гьел къезаризе, бажариладай гьесухъа захIмалъабигун къеркьон? Гьел суалазда тIад ургъизе заман букIинчIо вас кIудияв гIелалде, гьесие магIишат гьабулей йигей ХIалиматил.

Кинабго лъикI букIанин абизе бегьула, МухIамадица Раисат ячинегIан. Васги нусги кIитIалаяб минаялъурги тун, эбел, рукъги ккун, батIаго яхъана.

ХхвалиегогIаги, васас жидеда аскIоса киениги яхъунгейилан абичIолъи цодагьабго квеш букIана ХIалиматида. Амма рагIун абизе кIвечIо. Лъабго-ункъо рукъ хисана гьелъ. Эбелалъ ккураб рукъалъулъ цогIаги нухалъ гIарац кьелилан ракIалде ккечIо МухIамадида. Гьелъухъа пенсияги харжги босизе цо-цо живго унаан. ХIалиматица, путевкабиги ралагьун, хIухьбахъиялъеги ритIана МухIамад, Раисатги, гьезул вас ХIажиги.



Гьел ун анкьидасан, ХIалимат захIматго унтана - лъай-гIакълуялдаса ун гIодой ккарай гьелде тIаде мадугьал ккана. Гьелъ васасда лъазабуна. Гьев кIалъазегIанго чIечIого, нусалъ жаваб гьабуна гьадин хираго щварал путевкабазул заман лъугIичIого рачIине санагIалъи кколарилан, больницаялдегIаги щвезаейила жал рачIинегIанилан.

Мадугьалалъ ХIалимат рокьое ячана ва кIиго анкьалъ гьелда хадуб хъулухъ гьабуна.

КIиго анкьидасан рачIана МухIамадги Раисатги.

ХIалиматил сун унел рукIарал берал цIидасанги кунчIун рачIана, гьелъ васасул квер жиндирго хъатикьа биччалеб букIинчIо.

Гьелъул гьанже ракIчIун букIана жий васас рокьое ячиналда, амма чIухIараб машина рокьобехун сверичIеб мехалъ, эбелалда кинабго бичIчIана – гьей больницаялде щвезаюлей йикIана.

Гьеб мехалдаги юцIцIун чIана талихIкъарай эбел.

Цо-цо гьапуллъун ккараб мехалда рихьулел макьабаздасагицин йохулаан ХIалимат:

- Гьале унтарай эбелалъе хъулухъалъе рахъун чIарал Раисатги МухIамадги. Щиб хIал бугеб, кIодобабаян, гьелъул кIаркьабазда баула ХIажицаги.

Цинги Раисатица хIадур гьабула гьалъие бищунго бокьулеб квен – цIурачадал. МухIамадица, гIисинал мочIабиги кьун, гьей кваназаюлей йиго…

Цо заманалдасан ричалъе ккарай ХIалиматица ахIулел рукIана бищунго жиндие хирияй цIарал: МухIамад, Раисат, ХIажи.

ТIокIай йигьинчIо ХIалимат, гьелъ берал къанщана абадиялъго. Амма бищунго ракIгъанцIизабулеб иш жеги нахъе букIун буго. Эбел нахъе ячине вачIайилан ругьел щварабго, МухIамад, эбелалда базе мусруги босун, больницаялде ана. Гьес тохтурзабазда абуна, рокьоеги ячинчIого, больницаялдасанго бокьун бугила жаназа букъизейилан. Рокьой унтун егун йигей лъадул рахIат хвезабизе бокьун букIинчIо гьесие!

Цо-цо гьадинги букIуна гIумруялда – божизе захIматаб хIакъикъат.

Эбелалъул хабаде унев МухIамад вихьараз цоцазда абулеб букIана:

- ХабадегIаги щайдай гьав хIалихьат униевилан.

«ХIалихьатилан» росуцояз абураб рагIицин унтун батила мунагьал чураяй ХIалиматида.

*Шамай ХЪАЗАНБИЕВА*

## Микьазарго бакъан кин лъараб, АхIмад?!

Дур мандолиналъул микьго чIваялда
Микьазарго бакъан кин лъараб, АхIмад?
МагIарул гIедерал гIоразул хъуди,
МагIарул хIайранал хIанчIазул угьди.

Гьез къиркъизаруна къваридго гьакал,
Поездал рачуна чияр ракьалде,
МугIрул гьаргьадула, зобал гъугъала,
Гъугъдулъ зигардулел иццал берола.

Цин цее ячIуна, киниги кIикIун,
КечI ахIулей йигей хирияй эбел!
Хадуб - гьуразул сас, хурдузул шуршур,
Хунжрузда бетулеб биялъул чури.

Кинаб дандерижи дур бакънал кколел
Дир рекIел кинабго гьаб кIетIеялъе…
Ралъдада роржунел чайкаби руго,
Чвердолеб гьабсагIат гьениб моцI буго.

Дур къалмил тIогьисан хьахIаб кагътиде
Каранзул рекIел би тIинкIулеб буго.
Дур мандолиналъул микьго чIваялда
Микьазарго бакъан кин лъараб, АхIмад?!

Щенон балеб цIадалъ цIалтун ракь буго,
ЦIвабзазул тIинкIараб магIуцин гурищ?

Ихдалил тIегь гIадай тIадмагIарулалъ,
АхIмадихъ ялагьун, угьулеб жо щиб?
Жергъеда ругьунал килщалги кIутIун,
Керен хIалуцараб хIухьелго кинаб?

Жаниб булбулалъул бакъан къотIани,
ТIогьолъ бугеб ахил сси букIинебдай?
Сверухъе хIанчIазул кучIдул гьечIони,
Гьениб инсанасул ракI бохулебдай?

АхIулеб рагIула ахирисеб кечI,
Хадусеб гIелалъе васият гIадин.
Угьулеб рагIула пашманаб хIухьел,
РекIел аницазул аманат гIадин.

«Дур мандолиналъул микьго чIваялда
Микьазарго бакъан кин лъараб, АхIмад?!»
Бахьинаб гьурмаде гьимиги рехун,
Бихьула дур сурат нижеда, АхIмад.

Бихьула кидаго гьикъулев гIадин,
Гьаб дир бакъан нужей бокьуларищан…
Мун ватIалъиялъул, мун камиялъул
Бицуна цо-цояз – дун божуларо.

Боржунеб бугелъул мугIрул тIалъуда
Дур хIасратаб рекIел хIайранаб асар.
Зваргъулеб бугелъул тIабигIаталда
ТIолалго бакъназул дур меседил чIва.

*Расул ХIАМЗАТОВ*

*ГIумаржан ХIАЖИГIАЛИЕВ*



## Гъунир чинараби шуршулел руго

Гъунир чинараби шуршулел руго,
Щиб гьороца хъвалеб пашманаб бакъан?

# Маратил цIар кьуна школалъе

**ИчIабилеб декабралда, ВатIаналъул БахIарзазул къо кIодо гьабуна МахIачхъалаялъул №26 школалда. Украинаялда тIобитIулеб бугеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулаго, «Орден мужества» абураб шапакъаталъе (хун хадув) мустахIикълъана рехсараб школалда цIаларав Марат Шапиев. Школалъул къеда бана гьесул сурат бахъараб мемориалияб хъарщи ва школалъе кьуна бахIарчиясул цIарги.**

№26 школалъул директор Марям МухIамадовалъ бицана Марат вукIанила хIеренав, гIакъилав, кумекалъе хIадурав ва хIилла-рекIкI лъаларев вас.

«Солдат хола, чIвараб мехалда гуреб, кIочон тедал. Нижеда гьев киданиги кIоченаро», - ян абуна гьелъ.

Мемориалияб хъарщи рагьана Марат Шапиевасул эмен МухIамадхIабибицаги тахшагьаралъул мэр Ю. ГIумавовасги.

БахIарчиясул хIурматалда тIобитIараб дандеруссиналда Ю. ГIумавовас абуна: *«Жакъа буго ватIан цIунулаго хварал бахIарзал ракIалде щвезарулеб къо. Гьез гIумру кьуна нилъер эркенлъиялъеги улкаялъул цебетIеялъеги гIоло.*

*Дие бокьун буго нилъер гIолеб гIелалде хитIаб гьабизе. ВатIан цIуни – буго гьединаб махщел. Гьеб махщел тIаса бищана Марат Шапиевас. Гьеб буго гIумруялъе хIинкъи бугеб ва къадрuяб махщел. ТIаса бищараб ишалъе ритIухълъи цIунана Маратица. Рагъулъ бахIарчилъи бихьизабуна ва тIадаб борчги ватIаналъе бараб гьаги мустахIикъаб къагIидаялда тIубазабуна гьес. Нилъер ракълилаб гIумруялъеги букIинесеб талихIалъеги гIоло гIумру кьуна гьес»*, - ин.





Марат Шапиевасул эбел-инсуеги баркала кьуна гьес унго-унгояв бахIарчи гIезавуралъухъ.

Баркала нужее, нижер васасул цIар кIодо гьабуралъухъиланги абун, гIагарлъиялъул рахъалдасан кIалъана М. Шапиевасул имгIал, социалияб гIелмабазул доктор, Дагъистаналъул пачалихъияб технияб университеталъул проректор МухIамад МухIамадов.

СВОялъул гIахьалчи, Марат Шапиевасул классцояв МухIамад ХIажиевас гьадин ракIалде щвезавуна бахIарчияв рагъухъан: *«Марат вукIана ритIухъльи бокьулев, гьудуллъиялъе хилиплъуларев, ракIбацIцIадав ва хIалимав чи. ЦIализеги лъикIав вукIана. Гьев хьвадулаан рагъулаб самбоялъул секциялдеги. Кутакалда захIмалъана дие гьев ками...»*, - ян.

*«Ниж, рукIинесел призывникал, чIухIула Марат Шапиев цIалараб школалъул цIалдохъабилъун рукIиналдаса. Гьес къадруялда тIубазабуна ватIан цIуниялъул борч, ва гьев сундулъго нижее даимаб мисаллъун вукIина. ГIумруялъул захIматаб хIалалде ккедалги, гьесул бахIарчилъиялъги яхIалъги къуват кьела нижее. Гьев тIадвуссинчIо рагъдаса, амма даим вукIина нижер ракIазулъ»*, - ан бицана школалъул 11 классалъул цIалдохъан ХIасан Къурбановас.

Тадбиралда ракIалде щвезавуна СВОялда къадаралде щварав, кIудияв лейтенант ИмангIали ГIалипхановги – мотострелковияб дивизиялъул ичIабилеб ротаялъул командир. Гьесул хIурматалда, №26 школалъул цIалдохъанлъун йикIарай гьесул яс Жаварица бихьизабуна жиндирго бажари: цин бахъ-бахъана, хадуб кутакаб хехлъиялда данде бакIарана Калашниковасул автомат. КIиабизеги гьебго такрар гьабуна, 35 секундалда жаниб, берaзда чIортоги бухьун.

Тадбиралъул гIахьалчагIазе кIудияб асар гьабуна Дагъистаналъул операялъулгун балеталъул театралъул солистаз ахIарал рагъул темаялъул кучIдузги.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

## Бихьинчилъиялъул орденалъе мустахIикълъана

Дагъал церегIан къоязда лъана Украинаялда унеб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи, ЦIияб Гъадариса СагIидов Каримула, гьениб бихьизабураб гьунаралъухъ БахIарчилъиялъул орденалъе мустахIикълъун вукIин.



Каримула гьавуна 1978 соналда. ТIокIлъиялда росдал школаги лъугIизабун, цIализе лъугьана ДГУялъул юридикияб факультеталде. Гьеб лъугIидал, хIалтIана ГъизилюрТ шагьаралъул судалда. Гьесул эмен Паша вукIана бизнесчи ва, хIалтIиги тун, Каримулаги жувана инсуе кумек гьабизе. Росдал собраниялъул депутатлъунги вищун вукIана гьев.

Гьесулги ГIаишатилги хъизамалда вуго лъабго вас. Бищун кIудияв Рамазан ккола СВОялъул гIахьалчи. Лъукъун, контузия ккун, гьанже гьев сахлъи щула гьабулев вуго. Гьоркьохъев вас Сайгидпаша цIалулев вуго вузалда. Бищун гьитIинав МухIамад цIалулев вуго 11 классалда.

Контрактги хъван, Каримула ана Украинаялда тIобитIулеб СВОялда гIахьаллъизе. Гьениб аскариязул база цIунулаго бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ Каримула мустахIикълъана Бихьинчилъиялъул орденалъе.

Росдал жамагIаталъ ва гьудулгьалмагъалъиялъ СагIидовазул хъизамалда баркула Каримулае щвараб тIадегIанаб шапакъат.

***МухIамадрасул РАСУЛОВ***

Украинаялда унеб хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса нахъе гьенив гIахьаллъулев вуго БежтIа участокалъул БежтIа росулъа Ражабов Шамил.



Рагъулал лъугьа-бахъинал байбихьилалде цебе рагъулаб вуз лъугIизабун букIана гьес. Гьев вуго лъабабилеб мотострелковияб дивизиялъул ротаялъул командир, кIудияв лейтенант. Гьесие щвана СВОялъул гIахьалчиясул, «КъохIехьеялъухъ» абураб тIоцебесеб даражаялъул ва «Рагъулъ бихьизабураб тIокIлъиялъухъ» медалал.

Гьесда цадахъ СВОялда ругелги цIакъ рази руго Шамилидаса.

* * *

Хунзахъ районалъул ТумагIари росулъа вацал Юсуп ва Зулпукъар МухIамадовал хасаб рагъулаб операциялда бихьизабураб къохIехьеялъухъ ва бахIарчилъиялъухъ «За отвагу» медалалъе рихьизарун руго.

Хасаб рагъулаб операция байбихьарал тIоцересел къоялдаса нахъе гьенир руго вацал МухIамадовал, ва гьез намус бацIцIадго тIубазабулеб буго ватIаналда цебе тIадаб борч.



# Дагъистаналъул росабалъе тIоцебе газ бачарав

## 90 сон тIубана Насрудин Насрудинов гьавуралдаса

**2023 соналъул ахиралде ругел баяназда рекъон, 78 процент Дагъистаналъул ракьалде газ бачун буго. Республикаялда социалияб къагIидаялъ газ бачиналъул программаялда рекъон, 6300 къотIи-къай гьабун буго. Гьезда гьоркьоса 60 процент мина-карталъул гIорхъоде щвезабун буго, ай 3 772 участокалда аскIобе щвезегIан бачун буго газ. Жеги газ щвечIеб 11 мугIрузул район хутIун буго. 2025 соналъул ахиралде гьел районаздеги газ бачун рагIалде бахъинабизе ккола.**

**Жакъа техникаги, гIелмуги, гIумру гьабиялъул цогидал рахъалги церетIураб заманалдагицин захIмалъулеб буго рикIкIадал росабалъе газ бачине. Гьанже гIадинал ресал рукIинчIониги, гIадамазул гIумру бигьалъизабизе бугеб анищги хIалае ккун, 1972 соналда Дагъистаналъул росабалъе тIоцебе газ бачарав чи ккола газалъул ва чIегIернартил промышленностальул мустахIикъав хIалтIухъан, Дагъистаналъул халкъияв БахIарчи Насрудин Насрудинов.**

**Дагъистаналъул газалъул промышленностальe кьучI лъурав инженер-нартихъан, «Газпром Трансгаз МахIачхъала» ООО гIуцIарав Гъарабудагъкент районалъул Къакъа-Шура росулъа Н. Насрудиновасул хIаракаталдалъун Россиялдаго тIоцебе газ бачана Гъарабудагъкент росулъе. Гьеб заманалда шагьаразда гурони газ букIинчIо.**

### Лъимерлъиялъул анищ - хинаб рукъ

*«Рагъул ва рагъдаса хадусел сонал цIакъ квачарал рукIана. Гьанситабахъ бакараб цIаялъги рукъ хинлъизабулароан. ГIемераб гIакъуба бихьулаан цIа бакизе хасел бакъулъ рохьоса цIул баччизе ккараб мехалда. Дида тIоцебе газ бухIулеб бихьана 1948 соналда Избербашалда цIалулеб мехалда.*

*Дир кIудада Насрудин Атаев Бакуялда нарт бахъулел бакIазда хIалтIулев вукIана. Дида гьесул цIар лъун буго. 1948 соналда гьев чIаго вукIинчIо, амма гьесда цадахъ хIалтIулев вукIарав гьудул Бектемир ГIумаровасухъе щвезе унаан ниж. Гьев хIалтIулев вукIана Избербашалда нартил промыслабазул мастерлъун. Гьесухъе гьоболлъухъе щварав дун гIажаблъизавуна гIадада бухIулеб газ бихьидал, гьелъ гьава хинлъизабулеб бугоан… Доб заманалда дир букIараб гIажаиблъи гьанжесеб гIелалда бичIчIичIого букIинеги бегьула. Гьеб гIаламат бихьигун дир рекIелъе лъугьараб хIикмат жеги цебеса унаро.*

*Дица гьесда абуна, Бектемир-агъа, ниж росулъ гIунулел руго, нужеговги гIадада гьаваялде хинлъи биччалел ругоян. Гьес жаваб кьуна газалъ жидее чIегIернарт бахъизе кваквал гьабулеб бугин, гьединлъидал жидеца гьеб бухIун тIагIинабулин абун. Гьеб бакIалда дир анищ ккана - газ гьедин гIадада бухIичIого гIадамазе пайдаялъе хIалтIизабизе»*, - ян бицана жиндирго лъимерлъиялъулаб анищалъул хIакъалъулъ Насрудин Насрудиновас.

*Дагъистаналда газ батун букIана гIезегIан цебего. Доб мехалда газ къватIибе бачIун гьеб бухIулеб букIиналъ лъураб букIана, кидаго ракьулъа цIа бачIунеб поселокалда, Дагъистаналъул Огни абураб цIарги. Ачи-суялда бугеб кварцовияб салиги хIалтIизабун, 1926-1928 соназда Дагъистаналъул Огни поселокалда бан букIана, СССРалдагоги, хIатта дунялалдагогицин тIоцебе тIабигIияб газ хIалтIизабуразул цояб - цIер гьабулеб заводги.*

### Газ гIадада бухIи рекIелъ къан букIана

Доб мехалда киса-кибго бухIулеб букIанин газилан бицуна Насрудиновас. Гьеб рикIкIунаан чIегIернарт бахъизе кваквал гьабулеб жолъун. Гьеб лъиего кьваригIун букIинчIо. ГьитIинаб мехалдасаго гьебги рекIелъ къан вукIунаан Насрудинов.

*«Киве щваниги, дир бицунеб жо цо букIана - газ гIадада щай бухIулеб бугебин абун. Газ гIадамазул рокьоб магIишаталъулъ хIалтIизабиялъул лъилгIаги пикруцин букIунароан доб мехалда. ЧIахIиял котельниязда хIалтIизабулаан доб мехалда газ.*



1972 соналда тIубана Насрудиновасул анищ. «Дагъгаз» ОАОялъул хIалтIухъаби Нажмудиновасги, Шайдаевасги, эмен ва вас Насрудиновазги Россиялдаго тIоцебесеб нухалда росулъе газ бачана.

*Газги цIакъго учузаб букIана доб мехалда. Дагънефтальe гьеб хIажат букIинчIо. Гьеб хIалтIизабулаан гIицIго бакIалъулаб промышленностальулъ. Гьебги букIана бацIцIад гьабичIеб»*, - ан ракIалде щвезабулаан гьес.

Избербашалда гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, 1951соналда Грозныялъул чIегIернартил институталде цIализе лъугьине документал кьуна Насрудиновас. Амма гьеб соналъ гьенивеги ворчIичIого, ватIаналде тIадвуссун, Дагъистаналъул педагогияб институталъул физикиябгун математикияб факультеталде цIализе лъугьана. Гьениб цо курсги лъугIизабун, гIадамазе пайдаялъе газ хIалтIизабизе бугеб анищгун, гьев цIидасан Грозныялъул нартил институталде экзаменал кьезе ана. 1957 соналда институталда цIалиги лъугIизабун тIадвуссана. Гьенив цIалулелъулги, киве щваниги, Насрудиновасул рекIелъ къан букIана киндай гьеб газ гIадамазе пайда кколедухъ хIалтIизабилаян абураб пикру. ГIумруялъул тIубачIого рес гьечIеб мурадлъун лъугьараб анищгун Насрудинов гIемер хьвадизе, гIемерал гIадамазда бичIчIизабизе ккана газ гIадамазе «алжанлъун» гьабизе рес букIиналъул. Амма гIадамал цIакъ хIинкъулел рукIана газалъул хIакъалъулъ рагIараб мехалда, гьелъие гIиллабиги рукIана…

### Производствоялъе гурого хIалтIизабулароан

Жиндирго анищ гIумруялде бахъинабизе, ай гIадамазул рукъзабахъе хинлъи бачиналда тIад хIалтIизе Насрудиновасе рес щвана, 1967 соналда исполкомалда председательлъун хIалтIизе лъугьиндал. Гьеб мехалда ихтиярал цIикIкIана, газалъул рахъалъ гьабулеб хIалтIуеги бигьалъи ккана. КIудияб кумек щвана, гIадамазда ва нухмалъулезда цеве къимат букIарав инсул рахъалдасаги. Ильмудин Насрудинов вукIана СССРалъул ва ДАССРалъул Верховный советалъул депутатлъунги.

Гьеб мехалда Насрудиница байбихьана, киса-кивего хьвадун, газ гIадада хвезабичIого хIалтIизабизе кколин абураб пикру киназдаго рагIизабизе ва кверхбакъеян гьаризе.

Дагъистаналда гIадамазе пайдаялъе хIалтIизабизе газ бачиналъулъ кIудияб кумек гьабуна Ильмудин Насрудиновас, ДАССРалъул Совминалъул председатель, райкомалъул тIоцевесев председатель ГI. Умалатовас, ДАССРалъул ЖКХялъул председательлъун вукIарав Михаил Юсуповас. Газовияб промышленностальул министерствоцин букIинчIо доб мехалда, гьеб гIуцIана 1965 соналда. Дагъгазин абуни Дагъистаналда 1961 соналдаса нахъего букIана. Гьез бичулеб букIана баллоназухъ бугеб газ.

1970 соналде щвезегIан тIабигIияб газ халкъалъул рукIа-рахъиналъулъ хIалтIизабизе гьукъун букIана, гьелда цIа рекIиналда ва кьвагьиялда хIинкъи букIиналъ.

Газ битIун хIалтIизабизе лъани, гIадамазе зарал гуреб, пайдаяб цIатари бугин абун рукIа-рахъиналъулъ гьеб хIалтIизабизе ихтияр балагьулаго Насрудин Насрудинов гIемер хьвадизе ккана нухмалъулезухъе.

ГIадамазул рукIа-рахъиналъе пайдаялъе газ хIалтIизабиялде кколеб хIалалда кIвар кьолеб букIинчIо улкаялдаго. Производствоялде букIунаан аслияб кIвар.

### 2000 соналде 60% Дагъистан газалдалъун хьезабуна

1972 соналда тIубана Насрудиновасул анищ. «Дагъгаз» ОАОялъул хIалтIухъаби Нажмудиновасги, Шайдаевасги, эмен ва вас Насрудиновазги Россиялдаго тIоцебесеб нухалда росулъе газ бачана.

Росдал магIишаталда вукIа, тIадегIанал хъулухъазда хIалтIулев вукIа, гIадамазул рукъзабахъе хинлъи щвезабиялъул анищ цо къоялъги кIочон тезе биччачIо Насрудиновас. Гьев кидаго ракIчIарав вукIана газ халкъияб магIишаталъулъги гIадамазул рукIа-рахъиналъулъги чара гьечIого хIажат букIиналда.

«РСФСРалъул Транспорталъул министерствоялда тIадегIанаб хъулухъги тун, дирго анищ тIубазелъун, ГI. Умалатовасул кумекалдалъун, «Кавказтрансгаз» ПОялъул гьитIинабго подразделениялда, юридикиял ихтияралгицин гьечIого, бетIерлъи гьабизе лъугьана дун.

Гьелъул хIакъалъулъ рагIарав КПССалъул Дагъистаналъул обкомалъул секретарь МухIамад Юсуповас дида абуна, республикаялъул нухмалъиялда мун лъикIаб хъулухъалда тезе ракIалда бугин, гьеб юридикиял ихтиярал гьечIеб хIалтIуде лъугьунгеян. Дица дирго анищалъул хIакъалъулъ бицараб мехалда, гьес абуна: «Дур буго, инсулго гIадаб цIакъ пайдаяб гьира-шавкъ, ва дуца инсул жигаралъул бащалъигIаги хIалтIизабуни, узухъда, нилъер мугIрузде газ щвела», - ян.

М. Юсуповас кумек гьабуна дие ДАССРалъул хIукуматалъул председательлъун хIалтIулеб мехалдаги», - ян бицана Насрудиновас.

1990-абилел соназул захIматаб ахIвал-хIалги нахъа тун, кIудияб захIматгун 2000 соналде Дагъистан 60 проценталъ газалдалъун хьезабуна. 800 миллион гьурущ налогал жидеца кьолеб, 5000 хIалтIухъан жанив хIалтIулеб «Дагъистангазпром» ООО гIуцIана ва нухмалъи гьабуна Насрудин Насрудиновас. Хадуб гьеб «Каспийгазпром» ОООлъун лъугьана.

Насрудиновасул кIудияб анищги гIумруялде бахъинабулаго, кIвахI гьечIеб захIматалдалъун гIуцIараб «Газпром Трансгаз МахIачхъала» ООО гIадамазул рукъзабахъе хинлъи бачинелъун ва магIишаталъе квербакъиялъе жакъа къоялдаги свак гьечIого хIалтIулеб буго.

***МухIамад СУЛТIАНОВ***

# Лъица гъабизе ккoлеб рокъоб гIадлу?

**Гьал къоязда ДРялъул муфтияталда тIобитIараб данделъиялда бицана гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъул хIакъалъулъ.**

**Данделъиялда гIахьаллъана Миллияб политикаялъулгун диниял ишазул, Физкультураялулгун спорталъул ва Лъай кьеялъулгун гIелмуялъул министерствабазулги республикаялъул СМИязулги вакилзаби. Тадбир нухда бачана ДРялъул муфтиясул кумекчи Идрис-хIажи Асадулаевас.**



*«2023 сон республикаялъе, абизе бегьула – дунялалъегоги, цIакъ пашманаблъун букIана. Риидал АЗ-Салда аскIоб бахъараб кьвагьиялъ гIумруялдаса ватIалъана гIемерав чи. Украинаялда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялда чIвалел руго нилъер гIолохъаби. Палестинаялда рагъулъ руго нилъер вацал-бусурбаби. Жанире руссине бакI гьечIого хутIарал гьел лъутулел руго батIи-батIиял улкабазде. Гьезул цо-цоял рачIун руго, рагъул гьугьай рагIулареб бакIин абун, Дагъистаналдеги. Гьезда гьоркьор руго гIемерал лъималги.*

*Гьединаб хIалги хIисабалде босун, дие бокьун буго нилъер халкъалде хитIаб гьабизе: цIияб сон тIаде щолеб бугелъул, рачIа кьвагьдечIого, сабурго, лъикIал, баракатал ишаздалъун гьелда дандчIвай гьабизе», - ян бицана Идрис-хIажияс.*

Гьеб пикруялъул рахъккуна данделъиялъул гIахьалчагIазги. Гьез абуна халкъалде гьеб ахIи щвезабиялъе батIи-батIиял нухал ратизе кколинги. Масала, цIияб соналъул сордоялъ кьвагьулел алатал росиялъухъ кколеб гIарцухъ Палестинаялъул лъималазе сайгъатал роси; ресукъал хьизамазе, ялгъузал херазе кумек гьаби; цо рахъалда Палестинаялъул лъимал – цогидаб рахъалда петардабигун фейерверкал тIад рахъараб открытка тIибитIизаби. Открыткаялда тIад хъвазе ккола «Дуца щиб тIаса бищулеб?» абураб суалги.

ХIакъикъаталдаги, республикаялда бугеб хIалалъ рахIат хвезабулеб буго. Лъималазе тарбия кьезе эбелэмен регIулел гьечIо. Гьезие тарбия кьолеб алатлъун лъугьун буго телефон. Интернеталъ куцалеб буго вахIшилъи берцин бихьулеб гIел. Гурebани, дагьалъ цебе жамгIияталда ахIи бахъинабурал лъугьа-бахъинал ккелароан. Цин Хасавюрталъул школалда гIоркьилас малал рана жиндасаго гьитIинав васасда. Хадубго – ясазул «рагъалъ» хагазаруна. БитIун бицани, школалда цIалулел лъималазда гурхIизе бачIана. Жал гьенир къварид гьарулел ругеблъи лъималаз рокъоб бицунаро – гьеб хIакъаб жо. Бицунеб букIарабани, гьадал хIужаби, телефоназдасан къватIире рорчIилалдего, эбел-инсуца гIадлуги гьабун, лъугIизе рукIун ратила.

Дагьалъ цереги нилъ гIажаиблъулаан, къватIисеб улкаялъул пуланаб школалда цIалдохъаби цоцазде кьвагьдон ругин, цоцазда нус чIванин телевизоралдаса бицунеб рагIидал. Гьанже нилъ ругьунлъун руго гьединал харбазде. Гьебха бищунго квешаб жо – яхI-намусалъги гIакълуялъги кинго къабул гьабулареб лъугьа-бахъин гIадатияб жолъун бихьи. ГIадатияб жоялде абизегIанасеб кIвар кьоларелъулха. «Бицина – гьоркьоб заман индал кIочена» – гьедин къабул гьабула, тIасан борчIараб иш кканиги. Доб нилъер халкъалъул букIараб гIаданлъиги, сабурлъиги, вацлъигьудуллъиги дагь-дагьккун ккезабулеб буго нахъарукъалъул бокIниде.

Нилъее умумузухъан щвараб вацлъи-гьудуллъиялъулаб бербалагьиялдаса пайда босизе хIаракат бахъулелги камуларо нилъеда сверухъ. Палестинаялда нилъер вацал чIвалел ругин ахIиги бан гурищ аэропорталде гьужум гьабизе гьусарал нилъер гIолохъаби? Щайха нилъехъа бажарулеб гьечIеб нилъерго лъималазда ритIухъаб нух бихьизабун? Щай нилъер гIадамал бигьаго божулел чияр харбазде? Щивав чияс ракIбацIцIадго жаваб кьеха гьадинаб суалалъе: кида дуца васасе яги ясалъе ракIрагьун хабар бицараб?

Бицунаро. Бицунареблъи бихьула щибаб къойил хIалтIудеги нахъеги хьвадулаго. Масала, маршруткаялда рекIун руго эбелги лъимерги. Гьаб щиб, баба? Дов чияс щай гьедин абураб? Лъимералъ эбелалъе кьола суалал. Гьезие жаваб кьезе ккoлеб бакIалда эбелалъ лъимадухъе къазабула телефон. Гьайгьай, гьедин гьабула рокъобги. Рукъалъул хIалтIи гьабизе яги телевизоралъухъ балагьизе квалквал гьабунгутIизе. ГIодосанго телефоналъ куцан ругьунаб лъимер школалде индал жеги машгъуллъула гьелде. Багьанаде букIинарищха школалдаса кьолел тIадкъаялги. ТIубанго тIагIунеб буго рокъобе кьураб хIалтIи дневникалда хъваялъул гIадатги. Щайха гьел хъванги – телефоналда классалъул кьокъаялда хъван бачIунеблъи лъалелъул.

Телефоналъ кьола лъималазе тарбия, телефоналъ гьезул ракIгьезабула, телефоналъ гьел рээдула… ва гьелъго цIала балагьаздеги. Заман щун гьечIодай, хириял магIарулал, нилъерго рокъоб нилъецаго гIадлу гьабизе?

Гьеб гIадлуги, дир пикруялда, гьабизе ккола инсуца. ГIела, чIужугIаданалъул гьуждузда гIезегIан кIудияб гьир баччизабулеб буго. Лъимал хьихьиги, рукъгун хур-ах ва боцIи тIубайги – кинабго баччулеб буго чIужугIаданалъ. Хьизамалъе чед-хинкIалда хадур руго бихьинал. Гьеб битIарабги батила, амма рокъове щведалниги инсуца лъималазул тIалаб гьабизе ккела. Бихьинчиясул гIадаб гIакълуги гIадлуги букIунаро. Росас тIалаб гьабуни, чIужуялъги телефоналде кьули дагьлъизабила, лъималги гьелдаса дагьалъниги рикIкIалъила. Полициялъул отделалде лъимер сабаблъун вачинеги бетIер кьулизеги ккеларо инсуцаги. Инсул кьвараraб гIадлуялъ куцараб лъимер мекъаб нухде кколаро. Щай мекъаб иш гьабурабан гьикъидал, цо васас дие жаваб кьуна, гьитIинаб мехалда инсуца вухун вукIаравани, жив гьаб хIалалде ккелароан, инсукьа хIинкъунгIаги, квешлъиялдаса рикIкIалъилаанин абун.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

# ГIолилалищ нилъер ругел – меседил гарал!

**Дагьалъ цебе Палестинаялдаса лъутун рачIарал лъималазухъе щвана МЧСалъул колледжалда цIалулел студентал-волонтерал. Гьез лъималазе кьуна сайгъаталги.**

Гьезухъе иналъул хIакъалъулъ нижее бицана «Дир Дагъистан» абураб экологиялъул клубалъул нухмалъулей, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдулвахIид Лабазановасул кумекчIужу Исманият МухIамадоваль: *«МЧСалъул колледжалдаса студенталги руго дица нухмалъи гьабулеб клубалъул гIахьалчагIазда гьоркьор. Цо къоялъ дихъе кIалъана гьезул цояв, МухIамад. Гьес бицана жидее бокьун бугила Палестинаялдаса рачIарал лъимал рохизаризе. Гьеб пикру гIумруялде бахъинабун бажариладаянги гьикъана гьес.*

*Дица абуна, хIалбихьилин абун. Дун кIалъана батIи-батIиял бакIазде, батIи-батIиял гIадамазухъе. Амма кинго батулеб букIинчIо гьенибе нух бахъулеб къагIида. Цо чанго къоялдасан цIидасан кIалъана МухIамад. Жидеца сайгъатал росун ругин бицана гьес. Гьеб мехалда хитIаб гьабуна депутатасде. ГIабдулвахIид Лабазановас кьуна ЗахIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министерствоялъул хIалтIухъан ПатIиматил телефон. ЦIакъ лъикIай, гIаданлъи бугей яс ятана гьей. Багьана-гIилла балагьичIого, кумек гьабуна ПатIиматица ва нижее рес щвана лъималазухъе гьоболлъухъ ине. Цо гьезул букIараб рохиха! Жеги рохана гьел аниматорал рихьидал. Гьелги рачун рукIана нижеца», - ян.*

Исманиятица бицухъе, Палестинаялдаса лъутарал хьизамазе хIажатабщинаб чIезабун буго. Гьел ккола Россиялъул гражданство бугел чагIи. Гьезул гIемериселги руго тохтурзаби. Советияб заманалдаго нилъер улкаялда цIаларал ва лъудбилъун гIурусал рачарал гIарабазул лъималазул цIикIкIарасезда лъалеб буго гIурус мацIги. «РетIел, квен, бусен – кинабго чIезабун буго гьел хьизамазе. Нижер мурад букIана гьезул ракI бохизаби. Ва гьеб нижехъа бажарана», - ян абуна И. МухIамадоваль.

***К. СУЛЕЙМАНОВА***



# Улкаялъул парахалъи цIуниялъул хъаравуллъуда

20 декабралда 106 сон тIубала Россиялъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул хъулухъалъ. Гьеб гIуцIана цIияб пачалихъ, гIолохъанаб Советияб Россиялъул тIоцевесев нухмалъулевлъун вукIарав В. Ленинил хIаракаталдалъун.

ТIасан борчIараб ахIвал-хIалалда хIалтIизе жинда тIалъулеб тIолгороссиялъул комиссиялда (ВЧК) тIадкъана революциялде данде къеркьолел къокъабигун гIадамал тIатинариги цIияб власталъе квалквал гьабулел хIакимзабигун хIалтIухъаби ралагьиги. Гьел масъалаби тIуразаризе ритIана бищунго божарал ва хIалтIулъ жигарчилъи загьир гьабурал большевикал. Гьезие нухмалъи гьабизе тIадкъана Феликс Дзержинскиясда.

Байбихьуда ВЧКялъул хIаракат буссинабун букIана революциялде данде хIалтIулел къеркьохъаби тIатинариялде. Гьеб заманалда Россиялда унеб букIана граждан рагъ. Хадубккун СССРалъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул идараби хIалтIана, диверсиябигун террор тIиритIизариялъул мурадалда, къватIисел улкабаздаса балъго рачIарал къокъабазде данде. Чекистал кутакалда къеркьана оборонаялъул предприятияздаги, Советияб Рагъулаб къуваталъул штабаздагун рагъулал частаздаги гъорлъе тушбаби ккунгутIиялде данде.

1941 соналда байбихьана КIудияб ВатIанияб рагъ. Советияб Армиялъул рагъухъабазда хьолбохъ эхетана чекисталги. Рагъул тIоцересел моцIазда фронталда букIана хIалуцараб хIал. Пачалихъияб хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул идарабаз байбихьана тушманасул парашютисталги хъачагъазул къокъабиги (гьезда гьоркьор рукIана рагъдаса лъутарал аскариялги) тIагIинариялъул мурадалда жигараб къеркьей. Гьединабго цо чанго къокъа хIалтIулеб букIана Дагъистаналда ва Чачаналда. Гьезде данде рагъ гьабулеб букIана доб заманалда «хъачагъазул аслияв тушманилан» республикаялда машгьурлъарав Гъуниб районалъул Сугъралъа чекист М. Мажидовас. Балъгоял къокъаби тIатинариялъухъ гьев мустахIикълъана чанги орденалъе.

КГБялъул хIалтIухъабаз Советияб улка цIунулеб букIана тушбабазул жасусазукьаги диверсанталгун террористазукьаги. Гьез хIаракат бахъана рагъулаб командованиялъул планал балъго цIуниялъе ва оборонаялъул предприятиязде балъгоял агентал ккунгутIиялъе. Жигаралда хIалтIулаан гьел тылалдаги. Гьел соназда тылалда хIалтIун машгьурлъана Совет Союзалъул БахIарзал Н.И. Кузнецов, И.Д. Кудря, В.И Молодцов, В.А. Логина, С.И. Солнцев, Ф.Ф. Озмитель ва гIемерал цогидал рахведчикал-чекистал.

ЛъугIана КIудияб ВатIанияб рагъ. Амма гьоркьоб къотIичIо СССРалде данде гьабулеб букIараб къеркьей. Гьелъие кутакаб хIаракат гьабулаан дагьалъ цереги Гитлериде данде цолъун рукIарал СШАялъги Великобританиялъги. Гьезие кутакалда бокьун букIана СССРалъул политикияб гIуцIи биххизабизе ва гьеб жидеего мутIигIлъизабизе. АнцI-анцI соназ халалъана СССРалдаги НАТОялда гъорлъе унел улкабаздаги гьоркьосеб социализмалъулги империализмалъулги идеологияб къеркьей.

## Кибе балагьун букIараб КГБ?

Горбачевасги Ельциницаги кIудияб улка биххизабулеб мехалда, кибе балагьун букIараб КГБ? Гьеб суал кьоларев чиго ватиларо. ХIалбихьилин гьелъие жаваб кьезе.

Россиялъул КГБ-ФСБялъул генерал В. Широнинил «Секретные пружины перестройки» абураб тIехьалда кьун руго 1980-1990 соназда ккарал лъугьа-бахъиназе баянал. Гьелги кьун руго советияб контрразведкаялъухъе щварал Америкаялъул хасал хъулухъазул балъгоял баяназул кьучIалда. Масала, авторас хъвалеб буго СССРалъул КГБялъул контрразведкаялъул БетIераб управлениялъухъе щванила нилъер улкаялда хIалтIизабиялъул мурадалда СШАялъул ЦРУялъ хIадурараб ва кутакалда балъго цIунараб программаян абун. Гьелъул авторлъун В. Широнинида вихьизавун вуго ЦРУялъул директорасул заместительлъун вукIарав Бисселл.

СССРалъул КГБялъул идарабазда лъалаан СШАялъул ЦРУялъ советияб партиялъул нухмалъиялде ккезарурал балъгоял агентал. Гьезул хIакъалъулъ бицунеб букIун буго Михаил Горбачевасда. Гьелъие мисаллъун рехсела доб заманалда КГБялъул централияб аппаратальул хIалтIухъабазда лъалеб букIараб цо хIужа. СССРалъул КГБялъул председатель Крючковас Горбачевасухъе хъвараб кагътида бицун буго КПССалъул ЦКялъул секретаразул цояв ЦРУялъул агент кколин ва гьев 1950-абилел соназдаса нахъего гьелгун рекъон хIалтIулев вугин абун. Горбачевас кьун буго гьадинаб жаваб: «ЦIигьабун гIуцIиялъе пайдаяв чи вугищ гьев? Вуго. Гьединлъидал гьесда тIасалъугьун тела. ГIолохъанлъуда мунагьалъукье ккечIев чи гьечIелъул нилъеда гьоркьов».

Цоги мисал. 1991 соналъул июлалда дица нухмалъи гьабулеб букIана КГБялъул контрразведкаялъул БетIераб управлениялъул бутIаялъе. КъватIисеб улкаялдаса щвана гьадинаб баян: лъагIалил ахиралде СССР биххизе буго, букIине буго Россия ва гьелъул президентлъунги вукIине вуго Б. Ельцин. Дица гьеб баян битIана М. Горбачевасухъе. Анкьидасан дир кагъат дихъего тIадбуссана – гьелда тIад кинабгIаги хъвай-хъвагIай гьабун гьечIоан. В. Широниница (дир хIалтIуда хадуб халкколаан гьес) дида абуна: «Крючковас жинцаго бицана гьеб Горбачевасда. Гьес кинабгIаги жаваб кьечIо ва документ тIадбуссинабуна», - ян. Генералас дида абуна, гьеб документ бахчун лъикIилан. Жеги лъикI букIина гьеб тIагIинабуниян тIадеги жубана.

Гьединал баянал КГБялъул цогидал отделазухъе щолел рукIиналда кинабгIаги шаклъи гьечIо дир.

1991 соналъул декабралда биххана СССР. КГБялъул хIалтIухъабазул ракI гIагализабуна гьеб хабаралъ. КГБялъул минаялъул гордабахъан ралагьарал гьезда вихьана, гьениса къватIивеги вахъун, кодоб кIиго чIегIераб дипломатгун, чIегIераб «Волгаялдаги» рекIун, Лубянкаялдаса нахъе унев генерал Крючков – киналгIаги хъаравулзабиги цадахъ гьечIого. ЦIияв нухмалъулевлъун тIамуна В.В. Бакатин. Гьев машгьурлъана цо хIужаялдалъун: гьес Америкаялъул хасаб хъулухъалъухъе кьуна Москваялда, Америкаялъул вакиллъиялда чIезабун букIараб балъго гIенеккулеб системаялъул схема. Прессаялъ ахIи бахъинабураб мехалда, гьес бицана жиндие М. Горбачевасги Б. Ельциницаги ихтияр кьунила гьелъие – «пачалихазда гьоркьосеб гьудуллъи щулалъиялъул мурадалда». КватIичIого Бакатин лъазавуна хиянатчилъун ва хIалтIудаса нахъе витIана.

1993-1995 соназда тIатинаруна ва уголовнияб жавабчилъиялде цIана СШАялъулги, Великобританиялъулги, Германиялъулги хасал хъулухъазул агентал.

*(Хадусеб 18-аб. гьумералда)*



**Лъабго полковник: (квегIиса кваранидe) Къурбан Къурбанов, ХIасанхан Ибрагьимов, Сайпудин Асадулаев. 2015 с.**

## Баян:

**ХIасанхан Ибрагьимов гьавуна 1945 соналда ЧIарада районалъул ЦIуриб росулъ. Школа лъугIун хадув цIализе лъугьана Адыгеялъул пачалихъияб педагогияб институталде физикаялъулгун математикаялъул факультеталде. Хъулухъ гьабуна Советияб Армиялда.**

**ЦIали лъугIун хадув дагьабго заманалъ хIалтIана гIагараб росулъ учительлъун.**

**1971 соналда хIалтIизе лъугьана ДАССРалъул КГБялъул идарабазде. ХIалтIана КГБялъул Болъихъ райотделалда оперативияв хIалтIухъанлъун. Хадув тIамуна Гъуниб бугеб отделениялъул нухмалъулевлъун.**

**1979 соналда вачана Москваялде СССРалъул КГБялъул централияб аппараталде. Гьенив хIалтIана 18 соналъ мухъилав операсдаса ФСБялъул контрразведкаялъул бетIараб управлениялъул отделалъул начальникасул хъулухъалде щвезегIан.**

**1997-1999 соназда вукIана Дагъисталалда бугеб Управлениялъул начальникасул тIоцевесев заместительлъун.**

**1999 соналда цIидасан Москваялде тIадвуссана ва хIалтIулев вукIана Россиялъул ФСБялъул инспекциялъул хъулухъалъул начальникасул заместительлъун, хадув РФялъул ФСБялъул управлениялъул начальникасул заместительлъун.**

**Лъебергоялдаса цIикIкIун соналъ пачалихъалъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул идарабаздаги хIалтIун, хIалхьиялде арав ХIасанхан Ибрагьимов 2005-2012 соназда Россиялъул КъватIисел ишазул министерствоялъул МахIачхъалаялда бугеб вакиллъиялъул нухмалъулевлъун тIамуна.**



ГIизраилалъулгун дипломатияб бухьен цIигьабун ункъо сон иналде, 1995 соналъул декабралда Москваялда тIадго ккуна Моссад абураб ГIизраилалъул разведкаялъул («дунялалдаго бищун къуватаблъун рикIкIунеб») агент Д.Э.Реувен. Гьев вукIана РФялъул КГБялъул идарабазулгун бухьенал гьаризе кколев дипломат. Амма Реувеница хIаракат батIияб рахънибе буссинабун букIана: гьес ракIарулел ругоан космосалъул хIакъалъулъ балъгояв баянал. Гьел балъгояв баянал кисинир ратана, гьев ккураб мехалда. Гьебго къоялъ ккуна долларазухъ гьесие гьел баянал ричулел рукIарал Россиялъул аскриялги. Гьеб къокъаялъул нухмалъиялда вукIарав отставкаялда вугев полковникасухъ батана гIизраилалъуласухъа щвараб 23 азарго доллар ва гьесул рокъоб – жеги 350 азарго доллар. Д.Э.Реувен улкаялдаса нахъе витIана ва ункъо аскарияв туснахъ гьавуна.

1990-2000 соназда хIалуцараб ахIвал-хIал букIана Северияб Кавказалда. Гьениб парахалъи чIезабиялъе квербакъана Россиялъул президент Владимир Путинил цIодораб ва букIинеселде ишан босараб политикаялъ. Регионалда хIалуцин тIагIинабиялъе, рагъулаб къуватгун, МВДгун ва цогидал идарабигун цадахъракъон, кутакалда хIаракат гьабуна ФСБялъул хIалтIухъабазги. Гьезул оперативиял къокъаби ритIулаан Чачаналдеги мадугьалихъ ругел республикабаздеги, чIванкъотIарал гIадамал ралагьизе ва лъугьа-бахъиназул цIех-рех гьабизе. Гьелъул хIасилалда ккуна цIакъго машгьурал террористал ва ТIуранго тIагIинаруна тIолгороссиялъул розыскалда рукIарал боевикал. Гьединго тIатинаруна ярагъгун квагьулел алатал рахчараб бакIалги.

Жакъаги хIалхьи гьечIо улкаялъул хIинкъи гьечIолъи цIунулел идарабазул хIалтIухъабазе. Гьез жигараб хIалтIи гьабулеб буго Россиялда гьоркьоре цIидасан лъугьарал Донецк ва Луганск республикабаздаги, Херсон ва Запорожье областаздаги. КIудияб ВатIанияб рагъул заманалдаго гIадин, аскариязда цадахъ лъугьун, рагъулел руго фронталдаги. 2023 соналда РФялъул ФСБялъ тIатинаруна Крымалда хIалтIулел рукIарал Украинаялъул хасал хъулухъазул агентазул къокъаби. Гьез хIадурана ва гIумруялде рахъинаруна гIемерал теракстал. Гьезда гьоркьор рехсезе бегьула регионалъул бетIер Сергей Аксенов чIваялъул мурадалда гIуцIараб терактги. ФСБялъул хIалтIухъабаз гьабизе течIо 14 теракт, ккуна Украинаялъул хасаб хъулухъалъул 18 агент, тIатинабуна ярагъги квагьулел алаталги рахчараб 15 бакI. Ккуна УСБялъул жеги кIиго агент – Коваль Зиновий ва гьесул вас, гьединго теракт гьабиялъул мурадалда Россиялде витIун вукIарав Украинаялъул разведкаялъул БетIераб управлениялъул агентги.

Жакъаги жигаралда хIалтIулел руго ФСБялъул хIаракатчагIи. 20 декабралда буго ВЧК – КГБ – ФСБ гIуцIараб къо.

Россиялъул ФСБялъул Дагъистаналда бугеб Управлениялъул ветераназул рахъалдаса дица ракI-ракIалъ баркула гьеб байрамкъо нусгоялдаса цIикIкIун соналъ улкаялъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул хъаравуллъуда ругел дирго пишацоязда. Киназего гьарула сахлъи, парахалъи ва рекъелгун лъикIлъи.

*ХIасанхан ИБРАГЬИМОВ,*
*РФялъул ФСБялъул*
*хIалхьиялда вугев полковник*

# Гъадинал гIадамал кIочон толаро

**2019 соналъул 16 октябралда чIикъдерил тIолабго жамагIаталъе ккана кIудияб ками. Гьеб къоялъ къадаралде щвана росдалго мугъчIвалеб хIубилъун вукIарав МухIамадназирал вас АхIмад-хIажи.**

**Гьев вукIана дир цинагIаласул вас. Ригьалъ гьитIинав вукIаниги, пикру дандбазеги гIакълу гьикъизеги гIемер щолаан гьесухъе. Кидаго ватулаан, гьалбадерил рукъги цIун, гьезул къваригIелал тIуралев.**



Дун вукIана Гумбет районалъул росдал магIишаталъул управлениялъул бетIерав зоотехниклъун хIалтIулев. Дие къваригIун букIана рахалазул буртаби гьарулеб фабрикаялде ине – колхозазул квас босиялъул къотIи-къай гьабизе. Дун гьениве вачун вилълъунев вукIана дирго дурц МухIамаднаби. Гьеб машинаялда рекIана нижер росдал имам АхIмад-хIажи ва мажгиталъул будун Пахро, хъизаналгун. Гьел унел рукIун ругоха Болъихъа КIудиясухъе. Гьенире гьелги щвезарун, ниж ана РахатIе.

Гьереси бицинаро, суал букIинчIо КIудиясухъе вирд босизе дунго иналъул. Амма нахъеялъуб дир пикру ккана, гьал дир лъимал гIадал гIадамаз босун бугеб тIарикъат щай бегьулареб дица босизеян. Дун хIинкъун вукIана, амма гьеб нигатгун дун ана Болъихъа КIудиясухъе. Дихъе вирд кьуна шазалиялъул бищун дагьаб къадар. Гьедин АхIмад-хIажиясул ва Пахрол баракаталдалъун дун тIарикъаталде лъугьана.

АхIмад-хIажи вукIана кьварараб гIамал-хасияталъул чи. Цо-цояз абулаан, гьев хъачIав чи вукIанин. ХъачIав вукIинчIо гьев – вукIана кьвари чорхолъ бугев инсан. Гьев кколаан ЧIиркъатIаса хIежалде



ЧIиркъатIа росу

аразул тIоцевесезул цояв. Кколесда кколеб рагIи абулаан гьес.

Доб букIана ЧIиркъатIа росдал жамагIаталъул ва школалъул тарбия щвечIев гIолохъанчиясул «гьунаралдалъун» ЧIикIаса КIудияв гIумруялдаса ватIалъараб сон. Шамилил рагъулъ кIудияб гIахьаллъи гьабураб ва умумуз кутакалда бецццулеб букIараб ЧIиркъатIа росу суризабуна гьес. Росдал диниял хIаракатчагIаз (ИбрагьимхIанов ГIабдулатIипица, МухIамадов ХIабибица ва цогидаз), данделъизун ахIун, гьеб лъугьа-бахъиналдаса рази гьечIолъи загьир гьабуна. Гьебго къоялъ АхIмад-хIажияс суал лъуна вагьабияв ва гьезулгун гьудуллъи-хурхен бугев чи росдал хабалалъ вукъичIого тезе. Гьесул пикруялъул рахъ ккуна жамагIаталъги. Дица гьедун абула: цоги чияс гьеб суал борхизецин кIвезе букIинчIо. АхIмад-хIажи вукIана къвакIи гъорлъ бугев чи.

Гъединал рукIана гьес тарбия кьурал гIолохъабиги. Хадуб суал лъуна ЧIикIаре ине гьезул жамагIаталда цере гьардезе цо гIолохъанчи сабаблъун мадугьалзабазулгун илбис ва гьогьен гьабичIого тезе (чIиркъ ва чIикIасел руго магIардасан мадугьалзаби, гIезегIан цоцазда лъалел ва ригьин бугел чагIи).

Гьенире ине къачIана районалъул имам АхIмад-хIажи, районалъул бетIер МухIамадгIали ва цогидалги. АхIмад-хIажи кIалъан вуго гьезул жамагIаталда цеве. ЧIикIасезул жамагIаталда АхIмад-хIажи лъикI лъалев вукIана ва гьез баркалаги кьун абун буго, кинабго Аллагьасул иш бугилан. Гьанже АхIмад-хIажиясе Аллагьасул къадар ккараб мехалъ, чIикIасезул имамас лъазабун буго, бажарарав чи ЧIиркъатIе зигараялъ айилан. Росдал имам ГIабдурахIман-хIажил бетIерлъиялда ЧIиркъатIе зигараялъги рачIана.

АхIмад-хIажиясул васигаталда рекъон жаназа букъана Абулмуслим-шайихасул вац, ГIалисултаншайих вукъараб бакIалда тIад. ГIалисултан-шайихас росдал ва сверухъ росабазул гIадамазе Къуръан ва дин малъизе гьарун рукIарал мадрасабазул цоялъув.

ГIажаибаб иш гьечIищ, 1300 соналъ рихьхичIого хутIун руго гьел мадрасабазе рарал къадал. ГIали султан-шайих ЧIиркъатIа чIун вукIана хвезегIан – гьесул рукIинчIо хъизан-лъимал. Гьев вукъунги вуго ЧIиркъатIа, гьеб бакIалда абула шайихасул хобилан. Риидалил заманалда цадахъ чагIигун ГIалисултаншайих унев вукIун вуго «Рецалъ къварилъухъ» абулеб бакIалде, къад ва бакъанил какал разе. Гьес как барал ганчIазда тIад килщазул мухъ хутIунги буго. КIудияб хIикмалъи гьечIищ, АхIмад-хIажиясе гьеб бакIалда вукъизе бокьи. 1300 соналда жаниб ЧIиркъатIа дагьав гIалимчийищ накълулъарав, амма лъиданиги ракIалде ккун гьечIо гьеб. Аллагьасда гурони лъалареб цо мугIзижат буго гьениб.

Дол соназда АхIмад-хIажи бальго цIалана Хасавюрталда дир дурц МухIамаднабигун цадахъ. ГIаркъухъа Абавица (МухIамадица) гьезие квен-тIехалъул рахъалъ кIудияб кумек гьабулаан. Цо заманалда цIалана Гъизилюрт шагьаралда. Гьанже исламияб цIали гьаби кутакалда бигьаяб иш буго. Кваназе жо буго, регизе бакI буго, кинабго жо рагьун гьабизе рес буго. Гьеб ургъел лъугIун хадуб цIакъго гьитIинав гIолохъанчи АхIмад-хIажида чIикъдерил жамагIаталъ гьарана росдае имамлъи гьабеян. КигIанго бокьичIониги, гьес гьеб бакIаб хIалтIи тIаде босана ва цо чанго соналъ гьабуна росдал имамасул хIалтIи.

АхIмад-хIажияс жиндирго вагIза-насихIаталда тIадчIей гьабулаан тIарикъаталде. ТIарикъаталда вугев, амма хатму-салаваталде вачIунарев чиясда гьес абулаан, мунапикълъиялъул рагIалде шолев чи вугин гьевилан. Цо чанго соналъ гьес гьабуна районалъул имамасул хIалтIиги.

ГIадамаз АхIмад-хIажида абулеб букIана росдал бегавуллъи гьабеян. Гьеб гьариги къабул гьабун, гьесда ракIалда букIана бегавуллъи гьабизе, амма Дагъистаналъул муфти, шайих АхIмад-хIажияс гьесие ихтияр кьечIо.

Дове-гьаниве унеб мехалда, дица хIаракат бахъулаан гьевгун цадахъ ккезе. Цадахъ ругеб мехалда гIемерал лъикIал харбал рицунаан.

Гьанже дагьабго калам гьабилин АхIмад-хIажиясул хъизан Бахул хIакъалъулъ. Гьейги йиго АхIмад-хIажиясе кинабго рахъалъ кумек гьабурай гIадан. Гьелъул эмен ГIусманил ГIабдукарим вукIана росулъ кIиго мажгит барав ва цогидал мажгитазеги гIемераб хIалтIи гьабурав тIарикъатчи. Гьесул хъизан РахIмат йикIана ЧIиркъатIа цого-цо йикIарай «БахIарчияй эбел» абураб цIар щварай, 10 лъимер гIезабурай гIадан. Гьединалго рукIана РахIматил ясалги. Бахул эбелалъул рахъалъан имгIалзаби руго иманисламалъул чагIи.

Ахиралдаги абила, росдаего иман-исламалъул рахъалъ гIемераб жо гьабурав чи вукIин хIисабалдеги босун, АхIмад-хIажиясул цIар даимго кIочонареблъун гьаби мурадалда лъикIаб букIинаанин гьесул цIар кьезе росулъ бугеб цо мажгиталъе.

Гумбет районалъул гIемерал росабалъги имамзабилъун хIалтIулел руго АхIмад-хIажиясул хIаракаталдалъун цIаларал ва гьес тарбия кьурал гIолохъаби.

*ХIАДИСИЛ Камил,*
*Гумбет район,*
*ЧIиркъатIа росу*

# ШагIирасул творчество – халкъалде гьабулеб кIалъай

*(Байбихьи № 46-абилеб номералда)*

«Пашманаб магIнадул асар», - ян абуна гIурусазул машгьурав критик Белинскияс элегиялъул рахъалъ. Гьеб ккола гIемерал поэтаз хIалтIизабулеб жанр. Гьеб литератураялде гьорлъе бачIана халкъалъул кIалзул гьунарал гIуцIулеб заманалдаго (магIаби, кинидахъ ахIулел кучIдул) ва гьеб жеги цебетIолебги буго. Амма гьанжесел поэтазул элегиязул батIияб буго кьер, батIияб буго магIна, тайпа. Гьезулъ нилъеда ратула философиял, рукIа-рахъиналъул, инсанасул яшавалъул кIвар бугел суалал рорхун.

Киналха ругел Расулил элегияби? С. ХIайбулаевас хъвалеб буго: *«Поэтасул элегиябазулъ нилъеда бихьула дагьаб пашманлъиги цIикIкIун рохелги. Гьес инсанасулъ рижизаруна батIи-батIиял пикраби, рахIат толаро батIи-батIиял ургъалабаз. Поэтасул жиндирго гIумруялъул бицунел элегиябазулъги нилъеда батула халкъалъул гIумруялъул кIвар бугел суалал рорхулел бакIалги, гьесул гIумруялъулги халкъалъулги бухьен»*, - ян.

Р. ХIамзатовасул «МухIамад Сулиманов» абураб элегиялъулъ хIакъикъаталдаги пашманлъи буго дагьго рехсон, гIемерал бакIал руго жидер цадахъ араб гIумруялъул бицунел. Гьединго рехсолеб буго Сулимановасул рагъулал соназул лахIзаталги.

Цо хасаб бакI гьаб бутIаялда ккола чIужугIаданалде хъварал асаразги. ЧIужугIадан Расулил поэзиялъулъ лъун йиго бищунго борхатаб бакIалда. Гьелъие кьун буго бищунго тIадегIанаб бакI. Гьелъ къотIизарула рагъал, чIвай-хъвей, питнаби. Гьей ккола талихIаб гIумруялъул чIагояй нугIлъун.

Руччабазги, бакънazги,
Бакъ гIадаб чагъиралъги
Дие чан гьудул кьурав,
Дие чан тушман кьурав.

Гьес рокьул кьогIаб къисматалъ квегъанциназул цIарал рехсолел руго кочIолъ: Джульета, Джоконда, Дездемона, МахIмуд, Зугьра, ТIагьир, Золушка, Зулейха ва цогидалги.

Гьединго поэтас рокьиги йокьулейги гьечIеб гIумру релълъинабулеб буго бакъвараб гъветIалда.

ГIумру – бакъвараб гъветI, гьой данде чIвачIеб,
Дуниял – гьогьол гохI, гьолда берчIвачIеб.
Нужеда гьорлъ йиго гьой гьабсагIаталъ,
Цо гьолъул берцинлъи, цо нужер бецлъи.

Расулица «Херазул рокьи» абураб кочIолъ херазул рокьи рикIкIунеб буго цIакъго къиматаблъун, гIолохъанго ккараб рокьуде дандеккун.

ЧIахIиязул гIадинаб
ХIурматаб рокьи гьечIо.
ГьебгIан кьалбал гъваридаб
ГъветI ракьалда бижичIо.
Гьеб гIадин кьучI мухIканаб
Мина букIинчIо, гьечIо.

Цо хасаб бакI ккола гьеб бутIаялъулъ сонетазги. Гьел гIуцIун рукIуна 14 мухъалдаса – лъабго ункъмухъалдаса ва ахиралда - кIиго мухъалдаса. Расулил сонетазул тематика буго гIумруялъул кIвар бугел суалал рорхулеб.

*С. ХIайбулаевас хъван буго: «Расулил сонетазе хасиятаб рахълъун ккола рахIатхвей, пикрабазул хIалуцин. Аслияб бакI Расулил сонетазулъ ккола рокьул темабазда хъварал сонетаз»*, - ан. Гьеб тасдикъ гьабула Расулица жинцаго сонетазулъ абурал мухъазги:

Дун тIахьал регулев вуго гьабсагIат,
Дуде ахIичIеб кечI – кечI букIун гьечIо.
Цогиял асарал, гъасда цIа свингун,
Гъобаса бахъулеб рохъо батана.

ТIехьалъул лъабабилеб бутIа «КочIол рукъалъул ункъо цили» ккола. Гьелъ гьорлъе рачуна Расулил ункъмухъилал кучIдул. Гьез инсан лъикIабщиналде кантIизавула, цIалдолесе кьола гIезегIан гIакълаби.



Сон квараб жагадул жакъа бицунге,
Жакъа кинан бугеб нилъер чорхол хIал?
Метер щолеб жавгьар жакъа беццуге,
БихьизегIан рукIа гIумруялда гьеб.

Гьадинаб магIнаялъул ункъмухъилал кучIдул Расулил гIагарал руго халкъиял кицабазде. Гьезул буго кицабазулго гIадаб гъваридаб магIна, пасихIаб калам.

Расул ХIамзатовасул ункъмухъилал кучIдузулъ диалог хIисабалда хъваралги дагьал гуро ругел. Поэтас кIалъай гьабулеб буго гIадатияб тIагIелалъулгун – цIадирабазулгун. Доб цебесеб ва гьанжесеб дунялалъул багьа борцине поэтас махщалида хIалтIизабулеб буго гIадатияб тIагIел – цIадираби.

– Щибжо цIадираби цIалеб нужеца?
– Цебе гьабурабги, гьанже бугебги.
– Лъилха, цIадираби, цIайи бергьараб?
– Цого гьирал руго, гьечIо батIалъи.

Гьелдаго цадахъ руго Расулил лирикияв героясулкаялдеги, гьанжесеб гIумруялдеги, гIадамаздеги гIайиб-гъвел гьабун кIалъалел кучIдулги.

– Мун щай кьижуларев?
– Викъардун, хIинкъун.
– Дуй щай макъу гьечIеб?
– Чиякълъун, вакъун.
– Мун щай кьижуларев?
– ЖахIда, щцим, квачалъ
– Дуй щай макъу гьечIеб?
– Рокьи ккун, гьудул.

Улкаялъул ахIвал-хIал, инсанасул яшав, чIужугIадан, – хисардулеб заманалъул сипатал – гьел руго аслиял темаби, рорхулел суалал.

Расулил ункъмухъилал кучIдузулъ гIемерал руго рокьул темаялда хъварал. Гьеб тасдикъ гьабун, рехсезе бегьила критик А. Горловскияс абурал рагIаби: «Дида цебе бицунаан казаказул ясаз ахIулаанин рокьул кучIдул Пушкиница гьарурал. Бихьулеб букIахъе, гьанже Расулил кучIдул жидерго блокнотазде росулел руго гIурус ясаз. Щай? Щайгурелъул гьезулъ загьирлъун букIун жидерго къисмат ва гIумру. Гьел кучIдуз кIодо гьарулел рукIун жалго».

МахIмудго гIадин, Расулги хIадурав вуго йокьулелъе кинабго кьезе.

МегIерги бахина дуй гIоло дица,
ГIоралги рахина дуй гIоло дица…
Дида тIад роржунел хIанчIаз абуна
ХIасраталъул гIадал кваркьаби гьечIин.

Кинал темабаздалъунха гIуцIун ругел Расулил микьмухъилал кучIдул? Гьайгьай, тематика буго гIатIидаб: чIужугIадан, тIабигIат, херлъи, хвел, поэт, гIумру, поэзиялъулги халкъалъулги гIумруялъулгун бухьен. Расулил кучIдузулъ заман борцунеб буго инсанасул гIумруялъул цо-цо бутIабаздалъун, соназдалъун. Заманалъул, гьелъул хисардиялъул, гьеб хисиялдалъун инсан хисиялъул, гьесул намусалъул, яхIалъул бицунел микьмухъилал кучIдул дагьал гуро ругел. Гьес кIудияб махщалида релълъинабулеб буго инсанасул гIамал бацIилаб гIамалалда.

БацIида абун буго
Дур горбол биццалъиян.
БацIица абун буго,
Дургоги биццалъизе
Дица гIадин бикьеян,
Дица гIадин кванаян…
КигIан гIемерал бацIал
ГIадамазда гьорлъ ругел.

Гьеб микьго мухъ абизе бегьула цIакъ гIагараб бугин гIурусазул хъвадарухъан, поэт И. Крыловасул баснябазде. Гьединаб къагIида кучIдузулъ хIалтIизаби Расулица поэзиялъулъе бачараб цIилъи бугин абизе бегьула.

«Расулил цо-цо микьмухъилал кучIдул цоцалъ журани, абизе бегьула лъугьинин гIемерчIвабзазулаб бакънaзул чвахи. Гьеб релълъуна инсанасул гIемер гьаркьал журан ахIулеб кочIода. Гьел гIемербакънaзулал гьаркьазда гьорлъ буго поэтасул жиндирго гьаракьги», - ян хъван буго Л. Антопольскияс.

Кутакалда пасихIал, бегIерал, гIужилал, цIализе гьира балел руго Расулил кинидахъ ахIулел кучIдул. БатIи-батIиял миллатазул лъималазе сайгъат гьарурал гьел цIалидал, нилъеда бихьула кинаб ургъел гьабулеб бугебали Расулица гIун бачIунеб гIелалъул, кинаб тавакkалгун гьев жувалев вугевали гьезие тарбия кьезе, гьел лъикIабщиналде ахIизе, квешалдаса инкар гьабизе тIамизе. Улкаялда гIемерлъараб бикьа-хъами, инсан инжит гьави, цоцаздехун гьечIеб адабхъатир, цIикIкIараздехун гьечIеб хIурмат – гьеб кинабго поэтасда цIакъ сурун бихьулеб буго ва гьединлъидал гьес гIун бачIунеб гIел ахIулеб буго квешлъабаздаса инкар гьабизе.

РакIалдаго гьечIого ккарал хиса-басияз, улка цIа-цIалел зулмучагIазул гIазабалъукье ккараб гIисинаб гIелалда бахиллъун вуго поэт. Гьединаб магIнаялда хъварал кучIдул гIезегIан руго гьесул. Масала, «Крымалъул лъималазе», «Михеталъул лъималазе», «Палестинаялъул лъималазе».

Ракълиде цIалдолел ахIизе, улкаялда кколел жанисел рагъал гьоркьор къотIизаризе хъвараблъун ккола «БорчIа, цIумур – кьижа, гIарада», «Кинидахъ дир кечI», «Кьижа лъеберaлда анкьабилеб сон» абурал асарал.

ГIагараб ракь бокьизе, эбел-инсул адаб гьабизе, живго вижараб ракьалде свин гьечIеб гIищкъу даимго хутIизе, цIалдолел ахIулел руго «Гьансито», «Дицаго диего», «Эбел-инсуе» абурал кучIдуз.

Ч. Юсуповалъ хъван буго: «Расул ХIамзатовас поэзиялъулъ гIун бачIунеб гIелалда цадахъ лъугьун кьун ратулел руго жавабал цере лъурал суалазе. Гьес цIидасан хал-шал гьабулеб буго киналъулго, мекъаб, гIумруялде данде кколаребщинаб къазабулеб буго нахъегIан. Гьесул поэзиялъ жаваб кьолеб буго гIумруялъул суалазе, лъазабулеб буго хIакъикъат», - ан.

*(Хадусеб букIине буго)*

***Манарша ГIУМАРАСХIАБОВА,***
***Шамил район, Могьохъ росу***



ХАБАР

# Буран



Хасало Малыш рокъове инчІого, школалдаго вукІунаан. Цо нухалъ учительницаялъул рокъоб чед бежулеб букІана. Радалалдаса нахъего вукІана Малыш къаси жив рокъове инилан абун. Къаде кваназе гІодор чІараб столалда тІад гьуинаб махІалъул бежараб чадил кескал рихьараб мехалъ, гьес таваккал тІамун абуна:

- Ада, дун эбелалъе хинаб чед босун ина, бегьилищ?

- Щай бегьулареб, гьале гьанже кванан лъугІила нилъ, гьеб мехалъ а, - ян абуна Анна Михайловнаялъ.

- Амма, гьаз карш кванан лъугІизегІанго гІазу базе лъугьана. МаркІачІул гІужалда гІадин, цойидасанго бецІлъана школалда жаниб.

- Огь, Малыш! Цо гордухъан балагьун бихьея, кин мунго цохІо инев? – ан абуна учительницаялъ.

Малыш квешго пашманлъана, хІатта кодоб букІараб гъудцин гІодоб лъуна.

- Бугониги ина дун, ада! – ян абуна гьес гьарулеб гьаракьалъ. – Нух лъаларогойищ дун вугев?!

Гьадин дунялги букІаго, Анна Михайловнаялъе гьев виччазе бокьун букІинчІо, амма гьесул берзул балагьиги тІадчІун гьабулеб букІараб гьариги гьелда нахъчІвазе кІвечІо.

Малышида тІад ретІел ретІана, тІасан хинаб кІаз жемана лъороб чедги лъун витІана. Жучкаги ана гьесда хадуб бекерун, гьединан гьел кІиялго гьаваялда цоцахъе балеб бугеб гІазул карачелазда гьоркьор цереса тІерхьун ана.

Анна Михайловна, Малышги нухарегІун, нахъюссана школалде ва цІалдезе лъугьана. Амма цІали билълъунеб букІинчІо. Малышил пикруялда йикІун, гьоркьоса къотІичІого, гордухъан къватІие ялагьулей йикІана гьей. КъватІиб гьанже унго-унгояб буран багъарана. Зобги ракьги тІубанго цолъана, нух гІаздаца бахчана, гьорол гІавусдиялда гьоркьосан гІалхуда, нухда гІазул бураналде гьоркьоре ккарал нухлулал къосинаредухъан кьабулеб букІараб цІурмил дагьа-дагьал гьаркьал рукІана рагІулел. Цинги хехго бецІлъизе лъугьана.

- Дица гьабун тараб щиб, щай дица гьов виччарав?! – ан пикру гьабулеб букІана Анна Михайловнаялъ. – ДунгогІаги щай инчІей гьосда цадахъ… Киса гьагъадигІан гьитІинав чи сахсаламат рокъове щвеларо!

*(Хадусеб букІине буго)*

***В. ДМИТРИЕВА***

МАХСАРА

# Зодор цІваби

Цо нухалда гьудулзабаз Малла Насрудинида гьикъун буго:

- Мун нижеда гьоркьов цо бищунго жо лъалев гІадав вуго, Насрудин, дуда лъаларищ чан цІва зодоб бугебали?

Дагьавго ургъизеги ургъун, Малла Насрудиница гьезие жаваб кьун буго гьадин:

- Дунгоги гьеб суалалда тІад цевегоялдаса нахъе ургъулев вуго. Чан нухалъ гьел рикІкІине къасд гьабуниги, дихъа бажаричІо. Гьаниб ракьалдасан гьел рикІкІине кІолел гьечІо. МухІканго гьел рикІкІине ккани, зодове вахине кколев вуго. Гьениве вахинеян абуни, къад дир кинго заман гьечІо, къаси мехалъин абуни, нух къосун, мекъи ккелевилан хІинкъулев вуго къватІиве сапаралъ вахъине.

ЭРКЕНАБ ЗАМАНАЛДА

| | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 4 | 8 | 1 | 4 | 7 | | | | |
| | | | | 8 | | 2 | | 9 | | | | |
| | | | 1 б | 2 а | 3 хь | 4 и | 5 къ | 6 о | 7 с | | | |
| | | | 2 | | 6 | | 10 | | 2 | | | |
| | | 1 | 6 | 1 | 11 | | 11 | 6 | 11 | 4 | | |
| | 1 | | 1 | | 12 | | 5 | | 4 | | 7 | |
| 1 | 2 | 1 | 2 | | 6 | | 8 | | 7 | 2 | 2 | 1 |
| | 5 | | 1 | 2 | 14 | 1 | 4 | 3 | 4 | | 7 | |
| | | | | 7 | | 4 | | 6 | | | | |
| | | | | 4 | 13 | 7 | 2 | 13 | | | | |

ШАГІИРЗАБАЗУЛ АСАРАЛ

## Къоги сордоги

МаркІачІул гІуж хІалакун,
Зодихъе харун ана.
Биххун гьелъ чІегІер пардав
ЧІвана нижер росдатІа.

Гирун-гирун гургинаб
МоцІ зодихъе бахана,
Дангъурабаз цІалкІун гьелъ
ЦІваби зодихъ щущана.

МоцІалъги цІвабзацаги
КъулчІун биччана сордо,
Къоги сордоги гьанже
Киндай батІабахъилеб?

***МухІамад ГЪАЗИЕВ***

## ЧанкІкІарал тІанчІи

Къурущ буго хІалакун,
ХІорил рагІалда сверулеб,
ХІули берцинал гарал
Лъадалъ гьанкъизе гурин.

ТІанчІазе ургъел гьечІо,
Рукъула, къарукъула,
Къуркъбузде чан гьабулел
Чвархъиялда лъелъ руго.

КъукІдула гъарим къурущ,
РощногохІтІе рилълъаян,
Хъирщадизе лъаларин
РачІунаро къватІире.

Къурщида лъалеб гьечІо
ТІанчІи ордекал рукІин,
Гьеб пашманлъулеб буго,
ТІанчІи чанкІкІарал лъугьун.

***ХІажи ГЪАЗИМИРЗАЕВ***

ЛЪАЛИЩ НУЖЕДА?

**Гиннессил чІелазул тІехьалде росула дунялалъул рекордазул хІакъалъулъ баянал:**

*Бищунго гьитІинаб катил халалъи бащалъула 13 сантиметралда.



*Гьениве восун вуго Англиялъул Хитчин шагьаралдаса 75 сон барав Альберт Маркантонио. Гьес гІезабуна 165 сантиметр бугеб кабачок.

* Бищунго хераб миккил гьотІол буго 350 сон.

*Бищунго кІудияб ччугІа ккун букІана 1920 соналда Казаналда.

*29 сон барай Нэнси Зифкер Гиннессил тІехьалде ккана 2015 соналда чІорбутІалдаса бищунго рикІкІадегІан речІчІун. Гьелъ 6 метргун 10 сантиметралъул манзилалдаса бохдуз речІчІун щвана 24 сантиметралъул мишеналде.



***Гьумер хІадур гьабуна ГІайшат ХІАЛАКЪОВАЛЪ.***

# «Хаслихълъиялъул бакънал»




Гьал къоязда, «Хаслихълъиялъул бакъанал» абураб кучIдузул тIехьги сайгъаталъе босун, дихъе гьоболлъухъе ячIун йикIана гьелъул автор, Гъизилюрт районалъул Бавтугъаялда чIарай ЦIумада районалъул КIванкьадаса Туайта Пирихаева. ЦIумада районалдаса Чачаналъе гочинарун рукIарал кIванкьадисел, нахъруссинаридал, цоял магIарухъе ана, цогидал Хасавюрт районалъул Октябрьское росулъ гIумру гьабун руго. Туайта къисматалъ Бавтугъаялде ккун йиго. Буго гьезул росдал жидерго мацIги. Рохизе бачIуна, Баху-Меседо Расулова, Сабигат МухIамадова, Машидат Гъайирбекова гIадал, жидерго мацI бугел росабалъа Дагъистанго чIухIарал Халкъиял поэтал рахъиндал, магIарул мацIги цIарги гьез бечед гьабидал. ЦохIо магIарул мацIалда кIалъалел росабазул лъималаздацин рахъдал мацI лъалареб мехалъ, гьединал росабалъ гIурал лъималазе цIакьго захIмалъиларищ авар мацIалда кIалъазе ва цIалдезе.

ТIехь цIалидал бихьулеб буго, Туайта гьанже адабияталде ячIарай гIадан гуреблъи. Школалда цIалулагоги, кучIдулги, макъалабиги, газетал-журналалги магIарул мацIалда цIалулел рукIаниги, кучIдул хъвазе кватIун гурони байбихьичIила жинцаян хъван буго гьелъ цебераГIиялда. Махщалил рахъалъ географ йикIаниги, магIарул адабияталъул ургъелги, кIварги, гьелде рокьиги жиндир гIумруялъго букIанила. ХIалтIудаса гIодор чIедал, лъималги тIурайдал, букIунелъул нилъедего регIараб, ракIцIалеб ишалде тIаделъизе рес бугеб заман, гьелъги гьедин байбихьун батила.

Хабар-кIалалда рукIаго, гIумруялъул соназул гIезегIанго борхатаб си гIурал нижер, батIи-батIиял темабазда тIасан хабар ккана. 15 соналъ школалдаги хIалтIанилан, тарбиячIужулъунги, хадуб 30 соналъ Бавтугъай посёлокалъул ясли-ахалъе нухмалъиги гьабунилан бицана гьелъ. ГIемерал соназ ракIбацIцIадго гьабураб хIалтIухъ, «Россиялъул гIаммаб лъай кьеялъул мустахIикъай хIалтIухъан» абураб цIарги, гIезегIанго ХIурматалъул грамотабиги, Баркалаялъул кагъталги кьунин хIукуматалъ жиндиеян бицана Туайтаца.

Дида гьей ятана адабияталъулгун гьудуллъи гIумруялъго тIезе течIей, гIакълилаб каламалъул, камилаб пикруялъул, пасихIал кучIдул хъвазе Аллагьас барахщичIого кьураб гьунаралъул, лъугIел гьечIеб лъикIлъиялъул цIурай, цIаралдаги яхIалдаги хIур хъвазе течIей, гIадамазде бугеб рокьуца керенги цIурай, гьудулзабиги, цадахъ хIалтIаралги хирияй гIадан. Гьей хIурматияй ракьцояйги рокъое регIун, цIалана дица Туайтаца кьураб сайгъат.

Раккилин гьелъул кочIол гьаржаялъуре. ТIоцебе лъун буго Расул ХIамзатовасде гьабураб кечI. КIудияв шагIирасде бугеб адаб-хIурматги, гьесул творчествоялде бугеб рокьиги загьир гьабизе лъун батилаха. Исана Р. ХIамзатовасул юбилейги бугелъул.

**Дур пасихIал кучIдул цIи-цIияб гIелалъ,**
**АхIула, рикIкIуна рекIелъ бухIигун.**
**Щибаб хасалихъе, кьункърабазул тIел,**
**Пашманго боржуна дур хабада тIад,** - ан хъван буго шагIиралъ.

КучIдул руго батIи-батIиял жанразда хъварал. Жакъасеб гIумруялда разияв, жамгIиялгун социалиял масъалабигун дандчIваларев чи ватизе гьечIо нилъеда гьоркьов: коррупция, цIогь, ритIухълъи гьечIолъи. ГIадатияв инсанасул гIумру кьогIлъизабулел, пачалихъалъул къадрукъимат гIодобе гьабулел суалазе жавабал ралагьулей йиго автор «Огь, заман хисараб куц» абураб кочIолъ:

**Лъай бугел гIадамазе хIалтIи щолареб заман,**
**ХIалтIи гIарцухъ босулеб,**
**ришватаз цIураб заман.**
**БоцIи гIемерлъанилан,**
**гIорцIиго гьечIеб заман,**
**ГIарцуца гIакълу бугев**
**нахъегIан цулеб заман.**

Гьединаб къимат кьолеб буго авторалъ гьанже заманалъе.

Щивасе хасиятаб буго, жив гьавураб, гIураб росу-ракь бокьи, гьелъул сверухълъи беццун, гьенир гIурал бажари бугел, халкъалда рагIарал гIадамазде кучIдул гьари. Туайтацаги ракI унтун бицунеб буго жиндирго гьитIинаб ватIаналъул ва сверухълъиялъул, гьенир рахъарал гIараб гIелму цIаларал гIалимзабазул хIакъалъулъ. Рехсон руго гьезул цIаралги. Гьезул мацI бицунеб, аскIоб бугеб Хъварщи росулъа вукIиндалха Дагъистаналдаго рагIарав, Харахьи букIараб данделъиялда имамлъун вищулелъул, имамлъун Шамил вукIине кколин цIар чIварав гIалим, Загъалав (КъурбангIали). Хирияб Къуръаналъул тафсиразул магIарул мацIалда таржама гьабурав Сасикьа ГIабдурахIим. Гьелги цогидал гIалимзабиги рехсон руго шагIиралъ «ГIалимзаби унел доб алжаналъур» абураб кочIолъ.

**Сасикь ГIабдурахIим – гIелмудул ралъад,**
**Къуръан болмацIалда бахъарав гIалим.**
**Имам вищизеян данделъаралъуб,**
**Шамилие фатва къурав Загъалав,** - илан хъвалеб буго шагIиралъ.

ГIемер руго Туайтал асаразулъ хъизамалъул чагIазде, гIагарлъиялде ва росуцоязда гьарурал кучIдулги. ГьацIулъ хIеги, хIанилъ расги камуларин магIарулазул аби бугелъул, руго гьелъулги цо-цо мухъал гьижаби рекъечIелги, магIнаялъул рахъалъ цвалде щвечIелги, гьалатIал риччарал бакIалги. ТIолабго тIехь босани, берцинаб болмацIалда хъвараб, цIалдолев пикру гьабизе тIамулеб, гIолеб гIелалъ мисал босизе рекъарал кучIдул жанир ругеб буго.

«Хаслихълъиялъул бакънал» абураб Туайтал тIехь цIалараб мехалъ, дида цебе рагьана гьанжелъагIан лъалареб букIараб цо хасаб, жиндирго гьунерги, мацIги, хатIги бугеб, бечедаб, пасихIаб шигIрияб дунял. Гьеб буго «чияр асаралде гьоркье инчIеб, жиндирго гьунаралда ва магIарул рагIулаб хазинаялда тIад бижараб кочIохъанлъи».

ШагIиралъул лъикIаб, пасихIаб, бечедаб мацIалда жанир, кьанагIат ругониги, дандчIвалел руго диалектиял хаслъабиги.

Божи буго, Туайта Пирихаевалъ, жиндир пасихIал кучIдуздалъун цIалдолел хадурккунги рази гьарила. Гьел магIарул мацIги цIарги цIуниялъе сабаблъун ккела.

*СайгидахIмад АХIМАДНАБИЕВ,*
*РФялъул Хъвадарухъабазулги Журналистазулги союзазул член*

## Дирго кIал сабаблъун

(хабар)

Дур мацI - дур тушманилан абухъего, дирго кIал, цо-цо мехалда, дирго тушманлъун кколеб буго. Щайха дие букIараб хIалхьиялда рокъов вугев чиясе, цевегосев гьудул Хирач кIалъайдал, гьесда гьабги добги бугоян абизе. Щайха дица гьеда рокъов вугиланго абураб, дирго хIалтIиги хвезабун.

Хирач вукIана дир цевегосев гьудул, чанго соналъ цадахъ хIалтIана ниж, лъикIалги квешалги компанияздаги цадахъ рукIана.

Чанго сон буго дун пенсиялде аралдаса, цебего къо-лъикI гьабуна гьекъолеб жоялдасаги. Гьединго пенсиялде ана Хирачги.

Мех-мехалда рихьулаан ниж. БукIун батила чанго моцI рихьичIого. Цеве тIатIала ван гьекъолев вукIарав гьев, гьакълил куцмухъги ун лъикI вугоан. ДандчIвайдалги бицана кинабго танилан. ЦIакъ гIадалаб заман букIун бугила доб гьекъолеб мех. Дунги божана гьеда. Амма щиб гьабулевха вукIуневилан гьикъидал, цохIо диванги телевизорги бугила ракIгъезе жоян абидал, цо щаклъиги бачIун букIана. 60 сонил ригьалдасаги тIаде арав чи я как-диналде вуссинчIого, цохIо телевизоралъухъги балагьун киндай вукIуневин ккана ракIалде.

Гьале цо къоялъ ахIун бачIана Хирачица. Цин босичIо, нахъеги кIицIул ахIидал, босана телефон. ЦIакъ ракIщун вукIанила, къо-мех кин бугебила, палхIасил, гьикъизе чIегIераб-хъахIаб течIо, гьекъолеб жо бугищинцин абуна. Гьес гьекъолареблъиги лъан, кинаб бокьаниги гьебги бугин, вачIарав гьоболасе камун дун вукIунарин абун тана. Дуцагоги гьекъолареб мехалъ рокъоб цIунизе дуе гьеб щайилан гьикъидал, щаклъи бачIун абуна, щиб даруялъе кканиги, компресс гьабизе кканиги спирт бугинхаян. Жив вачIине бегьилищан цIехедал, бегьиларин кин абилеб, чанги цадахъ квана-гьекъарав гьалмагъасда.

Мехго иналде вачIана Хирач. Огь, гьев дихъ чIалгIун вукIараб кьагIида, хурхана гарбида, квер босараб гIечIого, мун вугила жиндир вац, цадахъ хIалтIулел рукIаразул мунгIан тавакалав, божарав чи хутIичIилан кIалъана. БитIахъе цIад базабуна диде рецбакъазул. Гьанкъулеб хIалалъ гьакълил махIги бугоан гьудуласдаса. ВахI, тун гурищ букIарабилан цIехедал, азарго багьана батана гьелъиеги. Гьанже кьечIого кин телеб, бугинги абураб спирт.

Цо рехана, кIиго рехана. Нахъе ине гIамалго гьабулеб гьечIо. Цо сагIаталдасан щвана маркIачIул какил заман. Гьанже дица как базе кколинги абун дун хIадурлъи гьабизе лъугьана. Гьеб мехалъгIаги инародайин абураб хьулги букIинарищха. Жинца бецIун балила, дуцаго байилан абуна гьеб мехалдаги.

Как бан хадубги дица гьаб-доб бицун жакъа хъван лъугIизе кколел кагътал ругилан абуна. Гьесие гьелъул ургъел букIинчIо, бицунебги жиндаго гьарурал гьунаразул, цересел гьудулзабазул, рокьоб хъизамалъулгун ккаралъул букIана. Ахиралдаги, жакъа дуеги гIелин, метергIаги вачIаян абидал, бичIчIана гьеда. Амма гьеб мехалъги жиндир нахъисеб къоялъ батулила бетIер унтулеб, киналгIаги дарабазги гьеб сахлъуларила, дагьаб жо метер бетIер сах гьабизе кьезе кколин чIана. ТIубараб шишаго кьуниги ургъел букIинчIо, гьев нахъе аралдаса. Кьуна гьесие «ботIрол даруги». Гьесги нух босана.

Дида ракIалде ккана гьале дир гIадалаб мацIалъ диего гьабураб гIазабилан. Щай дие букIараб спирт бугин абизе. ГIадалал гьесул харбаз чIванщинаб заман. ТIадежоялъе, дица спиртги кьун мунагьги гьабуна. Гьекъарасеги гьекъезе къурасеги цого мунагьилан гурищ абулеб.

ТIокIалъ кисаха...

ВачIана цо-кIиго къоялдасанги кIалъан. Дица хех гьабун абуна, дун гьанив гьечIин, сапаралда вугилан. ГIемераб гьереси бицинеги тIамула гьел гьакълил гьудулзабаз.

*Сайпула*
*ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ*

## ЦО-ЦО ГЬАДИНГИ ККОЛААН

# БукIараб цIакъаб гиригара

**БетIербахъи гьабизе захIматаб заман. ГIун вачIунев лъабго вас. Дун-учитель, хъизан -тохтур-педиатр. «Чтоб ты жил на одну зарплату», - ян гьабулеб хьами.**

**Гьадин тIубаларин ракIалдеги ккун, хIукму гьабуна хъизаналъул яцалда цадахъ, лъадиги ячун, гиригара (гIодокари) бичизе Саратовалде ине.**

БакIарана лезгиялъул бахчаялдаса клубника ва кIи-кIи чемоданги цIезабун, ана Саратовалде. ПалхIасил, щвана гIарацги, доб заманалда абухъе - «один к двум». Гьеб хабар рагIарал гIагарлъиялъул чагIи чIана нахъеги Саратовалде рилълъайилан абун. Дун, дир дандияв - МухIамад, гьесул чIужу, гьелъул вац ХIажи, дойго лезгиялъул бахчаялде ана. Гьелъул гиригара барщун батана. Нижедаги гьелъ абуна нужеца барщараб бакIаругейин, гьеб хехго холин абун. «Дуца гуккулев чи дун гурилан», нижерго мацIалда гъулгъудулев МухIамадги вукIана. Гьесги, гьесул чIужуялъги барщараб клубникаялъул цIезаруна чемоданал. Дицаги ХIажицаги барщарабги барщизе рекIарабги бакIарана.

Гьедин щвана Астраханалде. Саратовалде поезд унаан бакъанида. Жеги заман бугелъул, чемоданал «камера хранениялде» кьуна. Дица, номералги хъван, диргоги ХIажилги камераялъур рекъезаруна ва МухIамадидаги абуна секциялъул номер хъвайин, кIочене бегьулин абун. Гьенисан ниж ана тира-сверизе. Щвана тукабазде. КъанагIатал сагIтал-будильникалги росана киназго. Дица дирго будильник «заводитьги» гьабун, лъуна поезд унеб заманалда сигнал кьезе букIине.

Ана «Зимний садалде». Гьениб жанибго буго кинотеатрги. Рорхатал пальмаби, фикусал, лианал - пачаясул заманалдаго чIарал гьутIби - берцинаб бакI бугоан. ТIасан - цIорол тIох.

Щвана кинозалалде. Тамахал, узданал тахбакIал, бецIаб зал, байбихьана фильм. Свакан вукIарав дун кьижун ккана.

Цо заманалдасан бахъана, кьижарав дихъа гIодобе бортун араб, будильникалъул «дваргъи». Дун ворчIана. Бугоха киноялъул гьаракь гьоркьго къинабулеб «звар-звари». ГIодовеги кьулун, тахбакIазда гьоркьобе бортун араб сагIат балагьулев, хьирщадулев, квераз цоязул бохдул ккун, цоязул хьитал ккун дунги. Кеп щун релъанхъилел дир сапарцоялги.

Залалда канлъи рекIана. СагIатин абуни жеги зваргъелеб букIана ва, талихIалъ, цо гIададаналда аскIоб свер-сведулеб бихьун, кквезе щвана.

Дида гьеб къоялъ рагIана гIурусаз щцин бахъараб мехалда абулелщинал рагIабиги. АхIвал-хIал гIодобе буссиндал, киномеханикас нахъеги фильм биччана, канлъиги свинабуна.

- Щиб, ГIалисултан, кьижунищ ккарав? - абун гьикъана МухIамадица.



- У, свакан вукIунха. Макьилъ мун гьотIодаса гьоркье вортулев вихьана. Гьелъ ана сагIатги кодоса борчIун, мун кквезеян ритIарал кверахъа.

ХIасил-калам, щвана вокзалалде чемоданазда хадур. Ниж, чекал-секциялги рагьун, код хъван букIаралъул, чемоданалги росун перроналде ана. РачIунаро МухIамадги чIужуги. Ана гьезда хадур – поезд ине заман щолеб букIана. Ругоха, тIаде бакIарун милициягун, секция-камераялъул нуцIа рагьизе кIоларого. Рагьана милиционерас, сигнализациялъул сасги букIана доб будильник кIочон тараб. Чемоданалги росун, рахана поездалде. МухIамад сихIкъотIун чIун вукIана. Бубудулей, къул-къудулей чIужуги йикIана. Цин ХIажиясул бахъунаан пинхъи-релъи. Хадуб дидаги «речIчIулаан» гьебго релъи.

Щвана радал Саратовалде. Базар, гIемер гIадамал. Рагьана чемоданал. МухIамадил ункъабго чемодан цIун бугоан гьелчолеб клубникаялъул сокалъ, гьоркьор «чIаго хутIарал» цокIиго клубникаялъул гаралги лъедолаго. ХIажилги дирги чемоданахъги лъикIаб хIал батичIо.

Хехаб къагIидаялъ, учузаб багьаялде «кашаги» бичун, вокзалалде ине хIадурлъана. Гьенивги МухIамад ана пластмассаялъул канистраби росизе, клубникаялъул сокги гьенибе тIун, Гьизилюрталде щвелалде гьелъул чагъир лъугьуниланги абун.

ТIуна канистрабазухъе гьебги, рекIана поездалда нижги. Цадахъ чIорогоял чемоданалги рукIана.

Астраханалдасан жал Минводыялда унел ругинги абун, МухIамадица чемоданал дида тIадкъана, Гьизилюрталде щвезаризе. Диргоги рикIкIун, анлъго чемодан щвезабуна рокьобе.

Амма канистрабазухъе тIураб доб клубникаялъул «чурпадул» лъугьараб «лъим», хIалбихьараб мехалъ, батана ИзрагIилалъул солдатал лъавудаса инарулеб тайпаялъул. Гьелъ батила чагъир цIолбол гьабулеб. Гьелъ батила мунагьал чураяв МухIамадилги чагъир гьабулев чилъун вахъинчIев.

*Ругъжаса ГIАЛИСУЛТАН*

## ЖАКЪАСЕБ КЪОЯЛЪУЛ КЪВАРИДАБ САРИН

# Палихъанги, дунги, дир рекIел хIалги

**Халкъалъул пикру лъазабулеб «Мевада-централъул» баяназда рекъон, нилъер улкаялда рагIула 800 азаргоялдасаги цIикIкIун палихъан-местIер. Гьезухъе хьвадулезул къадарги, къо бахъанагIан цIикIкIунеб бугила. Гьадинаб баян цIалидал, ракIалде ккана палихъаналъухъе ине, чорхоль гIузраби гIемерлъиялъе гIилла гьелдагIаги лъаларищали бихьизе. Гьединай цо гIададаналъул адресги балагьун, кIутIана нуцIида ва лъугьана жаниве. Ва нижеда гьоркьоб ккана гьадинаб гара-чIвари.**

Палихъан (гьанжеялдаса нахъе – **П**.)
- ВачIая жаниве, чIая тахида.
Дун (гьанжеялдаса нахъе – Д.)
- Баркала кIудияй, кIал щулалъаги.
**П**: - Хъалиян цIалеб буго, гьурул унтарал руго.
Хъизан-лъималги руго, шагьабалъан лъикI гьечIо.
Д: - Дур баракат щваяй палихъан-кIодо,
Гьеб хIакъаб жо кколин, кингIаги лъараб?
**П**: - Кинабго жо лъалев цо Аллагь кколин,
Бихьея жанихъат ва гьоркьахIетIе.
*Дица гьелъ абухъе гьабун хадуса…*
**П**: - Вай, дур къо бухIаяв, ракI лъикIав инсан,
Дурго черхалда щай барахщуларев?
Гьуърул унтун руго, тIул унтун буго,
РекIел кьабгIи дагьаб хьадарлъун буго.
Нерваби хун руго, стресс цIикIкIун буго,
Хъубал жалаздаса дуй хIинкъи буго.
Рокъоб дагIба буго, къватIиб кеп гьечIо,
Кванил низам дуца цIунулеб гьечIо.
ЦIуял жалаздехун ракI цIалеб гьечIо,
РакIалда букIараб кIочонеб буго.
Д: - Дуе талихIкьеяй палихъан-бика,
Балъго гьабичIого, кинабго бице.
Дару-сабаб малъе, дун хвасар гьаве,
Берда вихьулаго хвезе виччаге.
**П**: - Хвезе гIедегIуге, дир гIамал берцин,
ГIумруни халатаб кьун бугин дуе.
Дица малъаралда тIадчIей гьабуни,
Жегиги къого сон – дуй гарантия.
Дуда беркkун буго – гьебги бахъила,
Дуде кIалъалезул кIалги букъила.
Цин азарго гъурущ дир квенчIелтIа лъе,
Цинги берал къанщун сабуралда чIа.
АнцIго минут ана расги лъачIого…
Д: - Дуца гьабураб щиб, дир гьаракь берцин,
Черх тIадагьлъун анин, ракI чIаголъанин.
**П**: - Дица бер къотIана, кIалал рукъана,
Хъубал жалаздаса эркен гьавуна.
Гьеб буго байбихьи, мун гIедегIуге,
Гьале гьаб сурахIи, дуй сайгъаталъе.
Радалги къасиги цо-цо гъуд гьекъе,
Къалъудаса хадуб черхалда бахе.
Гьединан анкьица цо курс гьабила,
Цинги анкьидасан дихъе вачIина.
Д: - Валлагь, вачIуневха, щай вачIунарев,
Дуде гуронани божилъи гьечIо.
Дуца къураб дару къойил гьекъела,
Къого нухалъ дуе дугIа гьабила…
**П**: - ДугIаяли, дир вас, дуего гьабе,
Даруялъухъ шагьай кьезе кIочонге,
Щуазарго гъурущ цо шишаялъухъ,
Цогидаб азарго гьаб гьайкаралъухъ…

### ХадурагIи

Гьединан хьвадана местIералъухъе,
ТIубараб лъагIелалъ ва анлъго моцIалъ.
Гьелъ къурал шушбузул взвод гIей гурони,




Довго чи хутIана, добго хIалалда.
Амма гьелъ абичIо хвезехъин вугин,
Операциялъул хIажалъи бугин,
Гьелъги батилаха тохтурасдаса,
Дие къабуллъарай палихъан-ханум.

*М. ХIАБИБОВ*

## Понедельник, 18 декабря

### РОССИЯ 1

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.05 «Вести». Местное время.
21.20 Т/с «Тайны следствия 23». (16+).
23.30 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
02.05 Т/с «Склифосовский». (16+).
04.00 Т/с «Морозова». (16+).

### ДАГЕСТАН

07:00, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана. Итоги
08:00 Мультфильмы 0+
08:25 «Арт-клуб» 0+
08:50 Х/ф «Поздняя любовь»
10:30 Д/ф « В горах мое сердце» 0+
10:50 Х/ф «Тучи покидают небо» 16+
12:50 Ток-шоу «Говорить разрешается» 12+
14:10 «Служа Родине» 12+
14:50 Передача на цахурском языке 12+
15:30 Т/с «Сила Веры» 1 с.
16:50 Д/с «Забытое ремесло» 1 с. 12+
17:10 Т/с «Расплата» 1 с. 16+
18:00 Т/с «Расплата» 2 с. 16+
18:50 Передача на табасаранском языке «Мил»
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Подробности» 12+
20:55 «Такой Расул» 12+
21:20 «Удивительные горцы» 0+
21:30 Д/ф «Великая смута» 4 с. 12+
21:55 «Время говорить молодым» 12+
23:00 Время новостей Дагестана
23:20 «Угол зрения» 12+
00:00 Д/с «Тайные механизмы природы 2» 1 с.
00:30 Время новостей Дагестана

## Вторник, 19 декабря

### РОССИЯ 1

5.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.05 «Вести». Местное время.
21.20 Т/с «Тайны следствия 23». (16+).
23.30 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
02.05 Т/с «Склифосовский». (16+).
04.00 Т/с «Морозова». (16+).

### ДАГЕСТАН

07:00, 08:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана Время новостей Дагестана
07:20 Передача на табасаранском языке «Мил»
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Сила Веры» 1 с.
09:50 Д/с «Забытое ремесло» 1 с.
10:10 «Время говорить молодым» 12+
10:50 Т/с «Расплата» 1 с. 16+
11:40 Т/с «Расплата» 2 с. 16+
12:50 «Подробности» 12+
13:25 «Психологическая азбука» 12+
13:45 «Удивительные горцы» 0+
14:00 Д/с «Тайные механизмы природы 2» 1 с.
14:50 Передача на табасаранском языке «Мил»
15:30 Т/с «Сила Веры» 2 с.
16:50 Д/с «Забытое ремесло» 2 с. 12+
17:10 Т/с «Расплата» 3 с. 16+
18:00 Т/с «Расплата» 4 с. 16+
18:50 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу» 12+
20:00, 23:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Дагестан туристический» 0+
20:35 «Время есть!» 0+
21:10 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
23:20 «Колёса» 12+

## Среда, 20 декабря

### РОССИЯ 1

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.05 «Вести». Местное время.
21.20 Т/с «Тайны следствия 23». (16+).
23.30 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
02.05 Т/с «Склифосовский». (16+).
04.00 Т/с «Морозова». (16+).

### ДАГЕСТАН

07:00, 08:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Сила Веры» 2 с.
09:50 Д/с «Забытое ремесло» 2 с. 12+
10:10 «Время есть!» 0+
10:50 Т/с «Расплата» 3 с. 16+
11:40 Т/с «Расплата» 4 с. 16+
12:50 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
14:10 «Дагестан туристический» 0+
14:50 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу» 12+
15:30 Т/с «Сила Веры» 3 с.
16:50 Д/с «Забытое ремесло» 3 с. 12+
17:10 Т/с «Расплата» 5, 6 с.
18:50 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
20:00, 23:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Здоровье» в прямом эфире
21:10 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
21:30 «Городская среда»
22:00 «Опять футбол» 12+
23:20 «Аутодафе» 12+
00:00 Д/с «Тайные механизмы природы 2» 2 с.
00:30 Время новостей Дагестана

## Четверг, 21 декабря

### РОССИЯ 1

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.05 «Вести». Местное время.
21.20 Т/с «Тайны следствия 23». (16+).
23.30 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
02.05 Т/с «Склифосовский». (16+).
04.00 Т/с «Морозова». (16+).

### ДАГЕСТАН

07:00, 08:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Сила Веры» 3 с. 16+
09:50 Д/с «Забытое ремесло» 3 с. 12+
10:10 «Аутодафе» 12+
10:50 Т/с «Расплата» 5 с. 16+
11:40 Т/с «Расплата» 6с. 16+
12:50 «Здоровье» 12+
13:45 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
14:00 Д/с «Тайные механизмы природы 2» 2 с.
14:50 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
15:30 Т/с «Сила Веры» 4 с.
16:50 Д/с «Забытое ремесло» 4 с. 12+
17:10 Т/с «Расплата» 7- 8 с.
18:50 Передача на аварском языке «Паданги гIамалги заманги»
19:55 «За скобками» 12+
20:00, 23:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Первая студия» 12+
20:50 Д/ф «Дагестан, какой он есть» 0+
21:45 «Культурный код» 0+
22:00 «Психологическая азбука» 12+
22:55 «За скобками» 12+
23:20 «Молодежный дрифт»

## Пятница, 22 декабря

### РОССИЯ 1

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Судьба человека с Борисом Корчевниковым». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Прямой эфир». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.15 «Вести». Местное время.
21.30 Музыкальное грандшоу «Дуэты». (12+).
23.55 «Шоу Большой Страны». (12+).
01.00 Х/ф «Родная кровь». (12+).

### ДАГЕСТАН

07:00, 08:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на аварском языке «Паданги гIамалги заманги»
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Сила Веры» 4 с.
09:50 Д/с «Забытое ремесло» 4 с. 12+
10:10 «Молодежный дрифт»
10:50 Т/с «Расплата» 7-8 с.
12:50 Д/ф «Дагестан, какой он есть» 0+
13:45 «Культурный код» 0+
14:00 Д/с «Тайные механизмы природы 2» 3 с.
14:50 Передача на аварском языке «Паданги гIамалги заманги»
15:30 «Первая студия» 12+
16:00 Д/ф памяти Наримана Алиева «Против течения» 12+
16:50 Х/ф «Везучая» 12+
18:30 «Арт-клуб» 0+
18:50 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
20:00, 23:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Подробности» 12+
20:55 «Мир Вашему дому»
21:20 «Круглый стол» 12+
21:55 «Время спорта» 12+
23:20 «Глобальная сеть» 16+
00:00 Д/с «Тайные механизмы природы 2» 4 с.
00:30 Время новостей Дагестана

## Суббота, 23 декабря

### РОССИЯ 1

05.00 «Утро России». Суббота.
08.00 «Вести». Местное время.
08.20 Местное время. Суббота.
08.35 «По секрету всему свету».
09.00 «Формула еды». (12+).
09.25 «Пятеро на одного».
10.10 «Сто к одному».
11.00 «Вести».
11.50 «В кругу друзей».
12.50 «Доктор Мясников». (12+).
14.00 «Вести».
14.50 «Юмор! Юмор! Юмор!!» (16+).
17.00 «Вести».
17.50 «Привет, Андрей!» (12+).
20.00 «Вести».
21.00 Х/ф «Ча-ча-ча». (12+).
00.35 Х/ф «Любовь с риском для жизни». (12+).
04.05 Х/ф «Молодожены». (16+).

### ДАГЕСТАН

07:00, 08:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Х/ф «Везучая» 12+
10:30 «Время спорта» 12+
11:00 «Мир Вашему дому»
11:30 «Подробности» 12+
12:05 «Время есть!» 0+
12:40 Д/с «Тайные механизмы природы 2» 4 с.
13:10 Т/с «Любовь как несчастный случай» 1 с.
14:00 Т/с «Любовь как несчастный случай» 2 с. 12+
14:50 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
15:30 «Круглый стол» 12+
16:05 «Арт-клуб» 0+
16:50 Х/ф «Загадка кубачинского браслета»
18:20 «Ретро-концерт» 12+
18:50 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
19:50 «Точка зрения» 12+
20:05 «Дагестан туристический» 0+
20:25 «Культурный код» 0+
20:45 «Ульяна спросит» 0+
21:35 Д/ф «Нашествие» 1 с.
22:55 «Мастер смеха» Выпуск 3-й 16+
00:10 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
00:30 Время новостей Дагестана

## Воскресенье, 24 декабря

### РОССИЯ 1

06.10 Х/ф «Невезучая». (12+).
08.00 Местное время. Воскресенье.
08.35 «Когда все дома с Тимуром Кизяковым».
09.25 «Утренняя почта с Николаем Басковым».
10.10 «Сто к одному».
11.00 «Вести».
11.40 «Большие перемены».
12.40 Х/ф «Столичная штучка». (12+).
16.30 «Песни от всей души». (12+).
17.30 «Всероссийский открытый телевизионный конкурс юных талантов «Синяя Птица». Финал.
19.00 «Песни от всей души». (12+).
20.00 «Вести недели».
22.00 «Москва. Кремль. Путин».
22.40 «Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
01.30 Х/ф «Невезучая». (12+).

### ДАГЕСТАН

07:00 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:30 Время новостей Дагестана
08:50 Х/ф «Удиви меня» 16+
10:30 «Время есть!» 0+
11:10 «Мастер смеха» Выпуск 3-й 16+
12:30 Детские новости 0+
12:45 Т/с «Любовь как несчастный случай» 3-4 с. 12+
14:25 «Дагестан туристический» 0+
14:45 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
15:25 Премия Правительства Республики Дагестан «Душа Дагестана» 0+
17:05 «Точка зрения» 12+
17:20 «Человек и право»
18:30 Детские новости 0+
18:50 Передача на агульском языке 12+
19:30 Время новостей Дагестана. Итоги
20:35 «Служа Родине» 12+
20:50 Ток-шоу «Говорить разрешается» 12+
22:00 Х/ф «Чего хотят мужчины» 16+
23:45 Д/ф «Нашествие» 2 с.
00:30 Время новостей Дагестана. Итоги
01:30 Передача на агульском языке 12+

## НУЖЕЕ БАЯНАЛЪЕ

**ХIурматияв магIарулав. Ихдал хур бекьизеги, хаслихъе бачIин бакIаризеги кколеблъи нилъеда лъала. Гьединго лъала щивав чиясе «рухIияб квен» хIажалъулеблъиги. Жакъа гьабураб метер батулин абухъе, миллаталъул гIузрабаздеги миллияб газеталдеги кьолеб кIвар чучлъизе тани, метерисеб кьоялъ «бухIизабизе» букIин хIакъаб буго. Гьедин ккечIого букIине, «рухIияб кванидалъун» гIумру хьезабизе хIалтIи гьабулеб басма буго «ХIакъикъат». Гьединлъидал щивас хIаракат бахъизе ккела гьелдаса битIун пайда босизе, пайдаяб ирсалъе тезе.**

**"ХIакъикъат" газеталъул багъа буго:**

**Бащдаб лъагIалие - 645,06 гъур.**

**ЛъагIалие - 1290,12 гъур.**

## ГIУМРУЯЛЪУЛ ДАРСАЛ

ГIакълу буго гIадамасул
ГIаданлъи жинда бараб жо,
БитIарабги тIекъабги жо
Жанисан бихьулеб матIу.

Гьеб жаниб гьечIеб бетIералъ
ХIатIал сваказе гьарула,
ХIакъабги батIулабги иш
БатIа гьабизе кIоларо.

Воре, гали босилалде,
Цин чIолеб бакI хIадур гьабе,
Рукъ ккун вахъиналде цебе
Мадугьаллъи лъазе гьабе.

Жидерго ургъел бикьулеб
Агьлуялде тIаде унге,
Эз бицунеб хабаралде
Хъаравуллъиги гьабуге.

АхIичIого чияр кванде
Кету гIадин ваккаруге,
Дур ихтияр гьечIеб рокьоб
Хважаинлъиги гьабуге.

Дуда лъалеб хабар бицун,
Цогидав чи кIалъалелъул,
Лъалареб ххвел гьабун дуца
Хабаралде лъикI гIинтIаме.

Мекъса рагIи бицунев чи
РитIухъ гьавун тIад рекъоге,
ТIекъаб хIалтIи гьабулевги,
Гъумер бухIун, нечезаве.

ГIадамазде рохел щвани,
Щибго хIалхъублъи гьабуге;
ХIусуд буго гIадан чIвалеб
ЧIегIераб гьве, гьеб нахъе гъе.

Чияде балагь бачIани,
Гьесда хIалхьун, ракI бохуге;
БадибчIвай хехго бихьулин,
Хъубаб гIамал гIодоб рехе.

Воре, гьурмал лъимги бичун,
Лъиданиги жо гьаруге,
РощногохIда батаниги,
ХIикмат босичIого тоге.

ВакъичIого квен кванаге,
Кеп щвечIого велъанхъуге;
Кинасдаго хIалги рекъон,
ХIелхIелчилъунги вукIунге.

Бечедав чилъун вукIине
Нахърателалги гьаруге;
Бугелда ракI рази гьабе,
Гьебин бечелъи букIунеб.

Воре, дурго ресги бахчун,
Чиядаги чIунчIудуге,
Чарал маргьабиги рицун,
Гьалмагъзабиги хIулуге.

Дур агъаз гьабуларезде
Ургъалабиги рикьуге;
Рокьукъав тушманасдасан
Кумекалде хьулги лъоге.

ГIакъиласе вижараб ракь
РухIалдаса хиралъула,
ВатIан цIунулаго хварав
Хабалъги чIаго вукIуна.

*ЦI. ХIАМЗАТ*

## РагIикъотI



**ГIебеде:** 5. ДагIба-рагIи. 9. Солдатас ватIаналъе ритIухъавлъун вукIине кьолеб рагIи. 10. Гьекъолеб жо. 12. Каламалъул бутIа. 15. ХIанчIазул цояб. 18. Музыкалияб алат. 20. Шамил районалъул росу. 22. Шамил-имамасул хIакъалъулъ Къарахъа МухIамадтIагьирил асарал басмаялде рахъизе кумек гьабурав дагъистаниясул цIар. 24. Халкъалъул кIалзул гьунаразул цояб. 25. Дагъистаналъул машгьурав гугарухъанасул цIар (Хасавюрт район). 26.ЧIужугIаданалъул цIаралде хIурмат гьабун тIаде жубалеб рагIи 30. Щаклъи хIужалъун чIезабизе ккани, хIажалъула… 32. «ХъахIилаб зодихъе багIарбакъул……, дуца бикъунилан мукъсанлъун буго» (МахIмуд). 34. ЧIегIерлъи камилго бихьизабизе хIалтIизабулеб рагIи. 35. Ратель. 37. Гьеб букIуна инсанасда, хIайваназда ва кьурда. 39. ЦIа рекIинабизе хIалтIизабулеб цIул. 41. Африкаялда бугеб пачалихъ 43. А. С. Пушкинил «Руслан ва Людмила» асаралда героиня. 45. Волга гIурул гIаркьел. 46. Гумбет районалъул росу. 49. ГIалхун хIайван чIолеб бакI. 51. КIиябго гIинзуниб «килищги» къазабун билълъунеб жо. 53. Хьордораб бакIалъе халкъияб медицинаялда хIалтIизабулеб букIараб дару. 54. Персиялъул заливалда бугеб пачалихъалъул тахшагьар. 56.ГIатIилъиялъул роцен. 58. ...таралъ мегIерги толебила. 59. ЦIалдохъан.

**Гъоркьан гIебеде:** 42. Ихдалил тамахаб хер. 48. Хьитал гьаризе хIалтIизабула...

**ГIодобе:** 1. Гуржиязул цIар рагIарав артистасул цIар. 2. ГIалимчи-академик (Россия). 3. Би цIцIулеб рухIчIаголъи. 4. РетIел. 6. Хъизан, тухум, кьибил. 7. «……дадал рекIелав, кIудадал берзул канлъи, киназего хирияв хвана, ПатIи, дур дада (ЦI.ХIамзат). 8. Лъамалъиялъул гьитIинабго бутIа. 11. БитIккей, данде бильлъин. 13. ЦIатари. 14. Азиялда бугеб пачалихъ. 16. Ккурав чи. 17. ГIи-боцIул яги хурдузул нигIмат. 19. ЦIарагI. 20. БотIрол цо лага. 21. Косметикаялъул цояб. 22. ЧIужугIаданалда цIар. 23. Пачалихъалъул учреждение, гIуцIи. 26. Берцинлъиялъ руччаби-ясаз течIого вас чIвазе ккарав инсул цIар. 27. ХIалценалъул гIаламат. 28. Барахщарав чи. 31. ЧIужугIаданалъул цIар (къокъ гьабун абулеб). 33. Россиялда гъорлъ бугеб республикаялъул тахшагьар. 36. СихIру, хIилла-макру. 37. ГIадлу хвезабурасухъа бахъула. 38. Заманалъул роцен. 39. Англиялда бугеб гIор. 40. ТIоролаб культура. 41. КъвакIараб металл. 44. Аваргзабазул цояв. 46. «Гудур» абураб рагIуе синоним. 50. «Напс» абураб рагIуе антоним. 52. Гьеб бугев чиясда букIуна яхI-намусги. 53. Аллагьасда божуларев баракат бахъарав чи. 55. Европаялда бугеб шагьар-пачалихъ. 57. Гъуниб районалъул росу. 58. Брежнев «дадал» цо тIехьалда цIар.

***ГIуцIана Магьди ГIАБДУРАХIМАНОВАС.***

**47-абилеб номералда лъураб рагIикъотIалъе жавабал:**

**ГIебеде:** 1. Гъараваш. 6. ХIатI. 7. Барти. 10. Сум. 14. ИтаркIо. 15. Моника. 19. Тур. 21. Барки. 22. Мокъ. 26. ГIантIеро.

**ГIодобе:** 1. Гъал. 2. Аварав. 3. Шам. 4. Амма. 5. Агьлу. 6. ХIалихьат. 8. Ахти. 9. Тува. 11. Мунапикъ. 12. Мирон. 13. Банда. 16. Оита. 17. ЧIорбутI. 18. Диск. 20. Ургу. 23. Оуэн. 24.НугI. 25. ОНО.

**Бащдаб горалда жанир:** 7. БакIвали. 12. Мкртчян. 13. Баркала. 21. Балугълъи.

ХIАКЪИКЪАТ

**БетIерав редактор** ХIАСАНОВ Темирхан МухIамадович 65-00-66

**Заместителал** Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ Зикрула ИЛЬЯСОВ

**Жавабияв секретарь** МухIамадхIабиб МАХIАТIОВ

**Отделал: Информация, политика, гIелму ва лъай кьей** Редактор: **Кавсарат Сулейманова** Ашахан Юсупов Рукъият ГIалисултанова

**РухIияб хазина** Редактор: **ПатIимат ГьитIинова**

**Адабият ва тарих** Шамай Хъазанбиева

**Росдал магIишат** Редактор: **ГIабаш ГIабашилов** МухIамад Манапов

**Районазулгун бухьен** Редактор: **ПатIимат МухIамаева** ПатIимат СултIанмухIамадова

**ЦIалдолезул кагътал** Нури Нуриев ГIайшат ХIалакъова

**Корректор** Хадижат Дамаданова

**Социалиял гьинал, IT-технологиял** МухIамадкарим ХIамзаев Мадина ХIажимаева Хадижат Арчамова

Электронияб почалъул адрес: **hakikat1917@mail.ru** **www.hakikat.info**

Заказ №____

Печаталъе гъулбасана - 20.00 Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:** 367018 МахIачхъала, Насрудиновасул проспект, 1-А

Газета къватIибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ 367000, МахIачхъала Пушкинил къватI, 6 «ХIАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА

ГIУЦIАРАЛ: ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.

Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, балъголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гIахьал гьабулеб

**Тираж - 4387**

Газеталъул индекс: 51314 (бащдаб лъагIалие)

Багьа 15 гъурущ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХIалтIулел чагIи», «БагIарал мугIрул», «МагIарул мискинзаби», «МагIарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагIарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагIараб байрахъ».